12+

2016

СЫЛГОЙМАГ

Æрбахызт хъазты фæзмæ худгæ,
Æмæ цырен хъæрахст фæдæлдзæх.
Æваст æмдзæгъдгæнæг лæппутæ
Къуыхцытæй райдыдтой мæнгæмдзæгъд...

Тырныдтой рохбаст риутæ размæ,
Дымстæй хъæрзыдта къаба рындзыл...
Къуызæгау усджын лæгтæ фарстой:
«Цымæ кæй чызг у уый... кæй чындз у?..»

Йæ фæдыл аивæй кæсгæйæ,
Фæлтæрдджын урсрихи зæрæдтæ,
Сæ къухтæн феуæгъдæй тæрсгæйæ,
Æнгом хæцыдысты сæ рæттыл!..

Дзаболаты Хазби



НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор

Ахсар КОДЗАТИ

Редакция

Зам. гл. редактора, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2016

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

Редакци

Сæйраг редакторы хæдивæг, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2016

НОМЫРЫ ИС:

ÆЛБОРТЫ БАРЫСБИ: 130 АЗЫ

ÆЛБОРТЫ Барысби. **Фольклорон уацмыстæ** 8

ТЕДЕТЫ Ефим. **Мæнæн у ерыс амонды фæræз.** *Æмдзæвгæтæ* 15

ГУСАЛТЫ Барис. **Стæмтæй иу.** Цардвæндаджы уацау 20

БИАЗЫРТЫ Кромвел. **Касти мæ фæстæ хур.** *Æмдзæвгæтæ* 46

СКИФИРОН. **Дамбаца.** Радзырд 53

КОКАЙТЫ Аслан. **Дыууæ æмдзæвгæйы** 73

ХУЫГАТЫ Сергей. **Лекъаг радзырдтæ** 75

СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

ГАДЖИТЫ Георги. **Дзараты мæсыг.** Таурæгъ 94

УИДÆГТÆ

БЯЗЫРТЫ Алыксандр. **Кадæггæнджытæ Андиаты Тебæ æмæ Барис** 101

Выдержки из статьи Махарбека Туганова «Новое о Нартовском эпосе» 106

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 108

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

МЗОКТЫ Аслæнбег. **Ахадгæ иртасæн куыст** 117

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ДЖУСОЙТЫ Нафи. **Урс нымæт.** Хохаг таурæгъ 122

АРВИСТОН 132

Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæйиы

Адæмы цард æмæ амондæн сæ фехалыныл нæ, фæлæ сæ саразыныл кусын – уый у хорз хицауады фыццаг æмæ бындурон хæс.

Томас Джефферсон,
Америкæйы Иугонд Штатты æртыккаг президент

Æлборты барысæй: 130 азы

Зынгæ ирон ахуыргонд-филолог æмæ педагог Æлборты Андрейы фырт Барысби (1886–1968) райгуырди Олгинскæйы зæхкусæджы хæдзары. Ахуыр кодта сæ хъæуы дины скъолайы, стæй та Дзæуджыхъæуы реалон училищæйы. 1914 азы каст фæци Киевы университеты историон-филологион факультет.

Барысби йæ цард æнæхъæнæй дæр радта наукон æмæ педагогон куыстæн. Фыццаг уыд Винницæйы реалон училищæйы ахуыргæнæг, стæй уырдыгæй раивта Мæздæджы реалон училищæмæ. Октябры революцийы фæстæ куыста Дзæуджыхъæуы зылды адæмон ахуырады хайады хицауæй. Иттæг зæрдиагæй архайдта «Ирон историон-филологион æхсæнад» саразыныл. Фæстæдæр ацы æхсæнад хонын райдыдтой бæстæзонæн наукон-иртасæн институт, æмæ йæ директор ссис Барысби. Хæххон педагогон институты фыццаг ректор дæр уыд Æлборы-фырт. 1924 азы йын саккаг кодтой профессоры ном.

20-æм æнусы æртынæм азты Советты бæстæйы рапарахат адæмы хуыздæрты ахсыны æмæ марыны куыст. Æлборты Барысби дæр ссис хахуырты амæддаг. Республикæйы газетты йыл цъыфкалæн уацтæ фыццаг хатт фæзынди 1932 азы. Ныххуырстой йыл амæй-ай æнахъинондæр нæмттæ: буржуазон националист, контрреволюционер, адæмы знаг! Цæгат Кавказы хæстон зылды трибуналы уынаффæмæ гæсгæ йæ 1939 азы ахастой Сыбырмæ. 1946 азы йæ рауагътой æмæ кусын райдыдта Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты ахуыргæнæгæй. Фæлæ йæ дыууæ азы фæстæ ногæй басыгъта фыдæвзæгты-фыдызнæгты азар. Ацы хатт æй балæууын кодтой Казахстаны. Фæци дзы 1952 азы кæронмæ. 1956 азы реабилитацигонд æрцыд æмæ уæдæй йæ амæлæты бонмæ куыста педагогон институты.

Дзæвгар наукон æмæ публицистон куыстытæ баззади Барысбийæн. Йæ фæллæйттæ се ‘ппæт джиппы уагъд дæр нæма сты. Æвдæлдис æй адæмон сфæлдыстад æмбырд кæнынмæ дæр. Нæ журналы ацы номыры йын уадзæм, адæмæй кæй фехъуыста æмæ йæхи къухæй кæй фæфыста, ахæм уацмыстæ. Систам сæ Торчынты Таймуразы арæзт чиныг («Иры хæзнадонæй», чиныгуадзæн «Ир», 2010).

ФОЛЬКЛОРОН УАЦМЫСТÆ

ХЫЛГÆНАГ ЛÆГ ÆМÆ УС

(Аргъау)

Уыдис лæг æмæ ус. Уыдис сын иу чызг. Алы бон дæр кæрæдзийы надтой лæг æмæ ус. Лæг æдылыгомау уыдис. Иу бон куы уыдис, уæд ус лæджы фæнадта, æмæ чызг нал уæндыдис адæммæ рацæуын, æфсæрмы кодта. Загъта йæ мадæн:

– Цæмæн афтæ кæныс, худинаг нæу, нана?

– Дæ фыд æвзæр у, – загъта мад.

– Кæд мæ фыд æвзæр у, уæддæр дын худинаг у. Кæд ды хорз дæ, уæд дæ лæджы дæр схорз кæн.

Мадæн хъыг уыдис уыцы ныхас æмæ бартхъирæн кодта чызгмæ:

– Æз дæу ахæм лæгæн ратдзынæн, æмæ æппындæр чи нæ бæзза, кæддæра йæ схорз кæнис, æз дын ахæм ми бакæндзынæн.

Æцæгдæр æй ахæм лæгæн радта, æмæ æппындæр чи нæ бæззыд. Уæддæр чызг ницы загъта.

Ахаста йæ лæг. Цардысты иумæ, æмæ чызг сагъæс кодта, куыд цæрдзынæн ацы æнæзондимæ, зæгъгæ. Æрцыдис, ныллæууыди сæрд, æмæ алы адæмтæй алчи куысты сæр лæууы: чи кæрды хос, чи та хуым. Ус дæр йæ лæгæн загъта:

– Цом мах дæр нæ хуыммæ.

Нæ куымдта æдылы лæг, мæ астæу риссы кусынæй, зæгъгæ.

Уæд æм ус фæлмæн ныхæстæ калдта цæстæнгасимæ, æмæ лæджы зæрдæ фæфæлмæн. Ацыдысты хуым кæрдынмæ. Куыстой сæ хуымы, æдылы лæг ныккарста æртæ куырисы бон-изæрмæ тыххæй-фыдæй. Ус та басагъæс кодта, æмæ та йæ зæрдæ даргъ хъуыдытыл ахæцыд æмæ æрхъуыды кодта: «Райсом хуыммæ куы бацæуа, уæд æй фæтæрсын кæнон, æмæ кæд афтæ нал кæнид». Райсом æй йæ разæй арвыста, йæхæдæг фæсте ныллæууыдис. Лæг ацыдис хуыммæ, ус та скодта йæ уæлæ урс дзаумæттæ, афтæмæй ацыдис. Хуымæн йæ иуфæрсты бацыдис æмæ йæм дзуры. «Абон йæ хуым чи нæ фæуа изæрмæ карст, уымæн йæ уд сисдзынæн. Æз удхæссæг дæн».

Ацыдис æмæ йæ дзаумæттæ раласта сæ хæдзары, фæстæмæ та-иу ракаст йæ сæрхъæн лæгмæ, æмæ лæг тынг бирæ ныккарста. Уæд æй ус фæрсы:

– Цæй бирæ ныккарстай ацы бон?

Уæд æм лæг дзуры, йæ хид йæ къухæй асæрфта, афтæмæй:

– Усай, ацы бон иу диссаг федтон. Иу лæг æрбацыдис æмæ афтæ хъæр кодта: «Ацы бон йæ хуым чи нæ фæуа карст, уымæн йæ уд сисдзынæн».

Радзырдта сæ усæн тарстхуызæй. Уæд ус йæ мидбылты бахудт. Лæджы куыст йæ зæрдæмæ бацыдис æмæ ацыдис сæ хæдзармæ изæры. Райсом раджы лæг фестад, йæ хъæццул йæ дæларм акодта æмæ дæлæ фæлидзы. Уæд æм ус дзуры:

– Кæдæм цæуыс, лæгай?

Уый загъта:

– Дунейыл мын æнæ кусгæйæ нæй, æмæ æз дæр цæуын мæлынмæ...

Ус дæр йæ фæстæ кæсгæйæ баззад. Ацыдис лæг æмæ зæппадзмæ бабырыдис, хъæццул йæ нывæрзæн бакодта æмæ дæргъæй-дæргъмæ схуыссыди зæппадзы. Фæци дзы иуцасдæр æдылы лæг зæппадзы. Уæд та ус ацыдис æмæ та дзуры зæппадзмæ:

– Ам æрæджыдæр цы лæг амардис, уымæн, зæппадзы сæр иу дур ис, æмæ йын æнæ хæсгæ нæй уæларвмæ йе ‘ккойы.

Йæхæдæг рацыдис йæ хæдзармæ. Уалынмæ кæсы æмæ уæлæ лæг æрцæуы æд хъæццул. Æрбацыд, æрбадти къонайы фарсмæ.

Ус æм джихæй фæкаст, стæй йæ фæрсы:

– Цæмæн æрцыдтæ, уæртæ лæг, мæрдтæй? Уæд æм лæг дзуры:

– Усай, мæрдты дæр æнæ кусгæ нæй. Хъæр мæм кодтой, ам æрæджыдæр чи амардис, уымæн, зæппадзы сæр иу дур ис, æмæ уый уæларвмæ æнæ хæсгæ нæй йе ‘ккойы, зæгъгæ. Уый куы фехъуыстон, уæд ралыгъдтæн. Æмæ кусын хъæуы, мæрдты дæр æнæ кусгæйæ цæрæн нæй, – загъта мæгуыр æдылы лæг, магусайæ цæлуарзаг чи уыдис, уый.

– Уæдæ афтæ, – ус дзуры йæ мидбылхудгæйæ лæгмæ, – мæрдтыбæсты æфстау ничи ницы дæтты, уæд афтæмæй куыд цæрынмæ хъавыдтæ, дæ ныфс цæмæй хастай?

Стæрсын æй кодта, тасы йæ баппæрста ус лæджы. Лæг дæр уæд гæрзармæй кусын райдыдта тыхджынæй. Ус дæр цин кодта, йæ зæрдæ уæрыккау кафыдис, йæ лæг фæхуыздæр ис æмæ. Уæд æм иу

заман йæ мад æрбацыдис. «Охх-охх, мæ чызг, куыд у, æвзæр лæгимæ æнцон цæрæн у?» – ныххудт, афтæмæй загъта мад.

Уæд ын йæ чызг дзуапп радта:

– Нана, æз дæу хуызæн мæ лæджы нæмгæ нæ кодтон, фæлæ дзы æнæ дзургæйæ зонд бауагътон, æмæ ныр нæхи дарæм, нæхи фæллойæ цæрæм.

Уый та дын сылгоймаджы хъару æмæ зонд: сылæй, нæлæй хъауджыдæр нæй.

Хохы санибайаг Дзусаты Госиаты ныхæстæй йæ 1926 азы ныффыста Æлборты Барысби.

ТОППЫХОС КУЫД КОДТОЙ

Топпыхос цы сыджытæй кæнынц, уый-иу баудæстой доны, йæ рæсуг-иу ын агмæ рафæрсыгътой æмæ-иу æй фыхтой. Æвзæрстой-иу æй афтæ: хъæмпыхал доны ауадз æмæ дзы цæсты-сыджы хуызæн æрæртах кæн æфсæйнагыл, куы асæла, уæд æй фыцын нал хъæуы. Уый фæстæ йæ рауадз сыгъдæг тæбæгъмæ. Уыцы тæбæгъы ныббаддзæни хырыз ихы хуызæн. Схус æй кæн. Уый фæстæ æхсæр уистæ афаз кæн æмæ сæ аппæй, цъарæй басудз, æвзалы сæ куыд рауайа. Уыцы хырызгонд æрмæг схус кæн. Райс дзы иу хай, æвзалыйæ дыууæ хайы, сыгъдонæй иу хай æмæ сæ фæхты мидæг ныххой. Уый фæстæ йæ сасирæй балуар, стæй йæ схус кæн, æмæ дын топпыхос цæттæ.

Радзырдта йæ 111-аздзыд Дулаты Дæхцыхъо. Ныффыста йæ Æлборты Барысби.

ХАЗБИ

(Вариант)

– Дæлæ комы нарæджы æнахуыр æфсæдтæ, Хазби!
Тъæпæнхудджын æмæ, дам, цыбырдымæг æфсад...
– Уыдон, дам, джауырты æфсæдтæ уыдзысты, Хъобан,
Фæдис нæ цæуын хъæуы, аздахæм сæ.
Кæд нæ, уæд, дам, куы ‘рбацæуой джауырты æфсад, –
Нæ устыты æмæ нын нæ чызджыты байсдзысты,
Нæ фæсивæды нын салдат скæндзысты:
Ацæуæм аздахæм сæ!..
Кæннод сæрибар цардæй цагъайрагмæ хауæм,
Мах цагъайраджы цардæй ницы бакæндзыстæм.

Уæлæ Уæллаг Санибамæ мын фæдисхъæргæнæг арвитут, –
Уæздан адæм сты, фæдисы рацæудзысты.
Фæдисхъæргæнæг арвыстой, Уæллаг Санибамæ
бадзырдта:
– Хазби æрбарвыста, фæдисы рацæут.
Джауырты æфсады аздахæм.
– Махæн абон Рекомы бон у,
Фæдисы цæуынмæ нæ не ‘вдæлы...
Есенаты æфсин Сабеккон. Хазби бадзуры:
– Хæрз сæфт уæ фæкæна, Саниба, уæ Реком!
Уæд та мын арвитут Куырттаты коммæ фæдис:
Уæздан адæм сты, – фæдисы рацæудзысты...
Арвитут мын уæртæ фæсхохмæ Æгъуызатæм:
Уыдон фæдисы цæуын ахуыр сты – сæхицæн бирæ
æфсад ис.
Йæ ус æм дзуры:
– Фæсайдтой дæ, зæгъы, Хазби, саухъус Хъобан.
Цы кæнай, уый, дæхæдæг иунæгæй, Хазби!
Æвзæр кардæй, зæгъы, цæвæг хуыздæр, Хазби!
Хазби бадзуры:
– Æвзæр цардæй мæлæт хуыздæр!
– Фардаджы хъугомы мæнæу зайы,
Дæ рæсугъд ус та, Хазби, кæмæн зайдзæн!
Арыхъхъы рагъыл кæсгон лæууы...
Хазби бадзуры:
– Уый мæт мæ нал ис,
Абон мæ зæрдыл мæнæн цæсгом лæууы!

Йæ ныййарæг мад æм бадзуры:
– Уæй, Хазби! Дысон æвзæр фынтæ федтон, ма цу.
Нæ мæсыгыл æртæ бæлоны кæрæдзийы пакъуы тыдтой,
Дæ саулох бæх нæ кæртæй уасыд хæдзармæ.
– Ницы кæны, Нана.
Уыдон уыдзысты мæ хотæ.
Æз куы амæлон, уæд уыдон кæрæдзийы сæры хъуынтæ тондзысты.
Саулох бæх та дæ чындз у.
Уый дæр мæ хæдзармæ дзыназдзæн,
Фæлæ дзы Хазби нал уыдзæн.

Ныффыста йæ ***Æлборты Барысби.***

КУЫВД

(Нуазæнимæ)

Гъа, Хуыцау, уæдæ та дæуæн æхцон фод, Хуыцау!
Хуыцау, æрбацыдыстæм мах ацы ранмæ
Дæ тасæй,
Æмæ нын цы бæрæгбон радтай, уый
Буц кæнæм нæ кæрæдзийы æхсæн
Æмæ дзы дæуæн кувæм.
Ныр нæ цалхыдзаг сыстæм,
Мæй арвыл йæ цалхыдзаг куыд уа, гъе уый хуызæн,
Æмæ нæм æрбахастой
Нæ кæстæртæ
Буц нуазæн.
Уыцы буц нуазæнæй
Дæ ном аргæйæ,
Нæ кæстæрты цæрæнбоны тыххæй
Мах нуазæм
Æмæ дæ курæм, Хуыцау,
Æмæ нын нæ кæстæры амондджын ыскæн,
Нæ хистæры цытджын ыскæн.
Гъемæ, Мыкалгабыр, дæуæн дæр
Нæ куывдтæ барст фæуæнт,
Адæмы æхсæн бæркадджын куыд уæм,
Адæмы æхсæн кадджын куыд уæм,
Нæ ном рох куыннæ кæнæм.
Ацы нуазæн нын, Хуыцау, уыцы нуазæн фæуæд!

111-аздзыд ***Дулаты Дæхцыхъойы*** *ныхæстæй*
йæ ныффыста Æлборты Барысби Лæцы.

НАНАЙЫ ЗАРÆГ

Ой, нана, дæ буц хъæбул дард балцы цæудзæн,
Дæ зæххон стъалы, дæ арвы хуры хай
Дард балцы цæудзæн, нана.
Уæ, мæгуырæг, нана, хурау дын худгæ чи кодта,
Стъалыйау дын æрттивгæ чи кодта,
Фæндараст фæуа.

Буц-буц æй фæхастай,
«Хур-хур» ын фæкодтай.
Ныр дын дард балцы цæудзæн,
Уæ, мæгуыр дæ бон.
Ныр ма цы кæндзынæ, нана,
Дæ изæры уатгæнæг,
Дæ райсомы артгæнæг
Дард балцы цæудзæн,
Уæйтт, уæрæйдæ, нана!..

Дзусаты Гæтæзийы ныхæстæй йæ ныффыста Æлборты Барысби 1926 азы Хохы Санибайы.

ÆМБИСÆНДТÆ

- Дзаг фынгмæ Сослан дæр нæ лæууыди.
- Дзулы хом зæнджы магъз у.
- Идæдз ус æмæ лæппуйы ус – зæрæстон хуымы дурæппарæн сты.
- Искæй хæдзары галы цæстæй кæсы, йæхи хæдзары та – цъиуы цæстæй.
- Кæнæгæй кæсæг дæснымдæр у.
- Лæвары бæхæн йæ дæндæгтæ уынын нæ хъæуы.
- Лæгмарæг – фæсмонгонд æнусмæ.
- Митæй мæсыг чи кæны, уый йæхи сайы.
- «Мыд-мыд» кæнынæй æвзаг адджын нæ кæны.
- Уæлбæласæй кæфтæ ахсæн нæй.
- Разы бадæг тыхджын у.
- Тыхст лæгæн йæ цалх зыгъуыммæ зилы.
- Фæстаг худт чи кæны, уый æцæг худт кæны.
- Иу бæлас дыргъдон нæу.
- Ивгъуыд рæстæг сызгъæринæй зынаргъдæр у.
- Искæй хуымы – цыргъ æхсырф, йæхи хуым та – æнæкарст.
- Иу къухæй дыууæ харбызы макуы ис.
- Кæм цардтæ, уырдæм ма кæс, кæм цæрдзынæ, уымæ дæхи цæтгæ дар.

- Куырдмæ кард нæ вæйиы.
- Какулагænæг – æнамонд.
- Доны ма баленк кæн, куы дзы баленк кæнай, уæд æй йæ кæронмæ ахæццæ кæн.
- Дæ армы кæсаг доны ма ‘ппар.
- Далыстæ куы уа, уæд уыгæрдæнтæ бирæ ис хизынмæ.
- Дæ къухы ныхты бынæй туг куы нæ скæла, уæд сæ сой дæр нæ ракæлдзæн.
- Дыууæусон – дывыдон, æртæусон – æнæ хæлаф.
- Дæ дзыхæй цы схауа, уый – дæ хъæбысмæ.
- Дæхи галæй куынæ хæссай, уæд искæй галæй схæссæн нæй.
- Дæ заинаг бæх дæ адджын æмгарæн дæр ма ратт.
- Дæ фат уырдæм фехс, йе ‘рдын ын кæцæй скъахой.
- Бирæ цæмæн хуыссыс, сауджын куы нæ дæ, мыййаг?

Æлборты Зæрæдайы *ныхæстæй сæ ныффыста Æлборты Барысби. ЦИГСИИ-йы архив.*

Революцийы азтæ хохæгтæн бирæ хæрзты бацыдысты, фæлæ иннæ дисциплинæты æмрæнхъ се ‘взаг, сæ истори, сæ бæстæйы географи, сæ хъæздыг дзыхæйдзургæ сфæлдыстад кæм ахуыр кодтаиккой, ахæм национ скъола сын нæ радтой. Нæ сын радтой ноджы, хохаг скъолатæ национализаци скæнынył чи бакуыстаид, ахæм ахуыргæнæг, нæ сын радтой æнæмæнг хъæугæ чингуытæ æмæ ахуыр кæнынæн ахъазгæнæг æрмæг.

Æлборты Барысби
1923 аз

Редакторæй. *Æвæдза, Барысби цы хъуыддагыл дзуры, уый абон ноджы актуалондæр у.*

ТЕДЕТЫ Ефим

МÆНÆН У ЕРЫС АМОНДЫ ФÆРÆЗ

НОМЫ ЗАРÆГ

Иры хæхтæ – мах кады цыртытæ.
Нарты хъазæн – Зилахары фæз.
Уе стыр ном, уæ ныфс æмæ уæ цытæй
Дунетимæ ерыс кæнын æз.

Дуне рагæй хорз зоны ироны,
Уадз йæ тыхмæ арвы нæрд бæлла.
Мæн уырны, Олимпы ныфс Миланы
Йе уæнтыл ныххуырстаид Бола.

Англисы фыранчы зæрдæ Ричард
Нал федта йæ хъомысы цæстæй,
Фестади гæдыйы лæппын уый цард
Мах Сослан Цæразоны цæфæй.

Персы тыхæн сау богал – æвдисæн,
Фæлæ сахæн нал æрхаста цин,
Уый æваст дыууæ дихы æмбисыл
Гоцъийы æхсаргардæй фæци.

Ос-Бæгъатыр балхонæг уæндонæй
Фембæлди йæ фыдгулыл цæхгæр,
Сайд фæугæйæ, арц-рæхуыстæй доны
Йе ‘рдонджы ныххурх кодта уæддæр.

Ахуыргондыл цасфæнды дзырдæуа,
Раст зæгъыныл ма кæнæм фæсмон.
Марр, Коперник, Ньютон уа, Джордано –
Ахæм махæн – Абайты Вассо!

Ахуыргæндты стыр зонды гæнахы
Мах номæй дæр иу ыстыр гакк и,
Стъалытæ уыны æмæ фæлдахы
Токаты цæугæ мæсыг Гокки.

Радта нын ыстыр Къоста йæ хорзæх,
Мах ыскодта цардæмхиц, уæндаг.
Уарзт – йæ цард уыд, Дун-дуне – фыдызæхх,
Риу-æмриу тох – йе ‘нусон фæндаг!

Номхæссæн – нæ инæлæрттæ махæн,
Денджызтыл дæр анывæндынц хид,
Уыдон кад кæцыфæнды паддзах дæр
Дунейыл дзæнгæрæгау цæгъдид.

Не ‘лвæст хотых – ардхæрæн хъæбултæн
Арвмæ дæр Иссæйы ном æххæст.
Хъавыдысты Кубæйы фыдгултæ
Бандзарын æппæтдунеон хæст.

Фæлæ сын сæ сау фæндтæ рæбыныл
Фескъуыдта бæхджын Иссæйы фæнд.
Уый тыххæй Зæххы къори йæ быны
Хъуамæ уа сынты хуызæн æвæрд.

Иры фарн йæ хъомысджын фæрæзæй
Арвы риуæй сау мигътæ мæрзы.
Не стыр зæхх йæ къахдзæфтæн сæ уæзæй
Къæхты бын цæугæ-цæуын хъæрзы.

Дуне стыр у, мах ныфс дæр нæ баруад,
Адæмтæн æфсымæртæн бæззæм.
Нæу аипп, кæй нæ быхсæм дæлбарад,
Къаннæг уымæн, уый тыххæй ыстæм.

ДЗÆНГÆРДЖЫТЫ ФÆДИСХЪÆР

Фæдис, поэттæ, стыр дуртæй тыччытау
Нæ хъаздзыстæм, мæ уайдзæф у цæхгæр,
Цæй, бавзарæм-ма, цирхъыты цъыччытау
Кæй дзырдтæ калынц зынг æмæ цæхæр.

Цы загътат стыræй тугуаræн æнусты,
Дзæгъæлвæндæгтыл адæймаг куы цыд,
Цæуылнæ уади уыцы сæфт уæ хъустыл,
Уæхицæн дзы цæмæн кодтат мæнг цыт?

Ныр тоны, тоны адæймаг йæ рустæ,
Нæ дарæг зæхх, нæ сырх туджы æртах
Цы радиаци фембæхста æнусты,
Уый раргом кодтам хи марынæн мах.

Зæгъут кæд афтæ: атомы ыскондæй
Зæххы хъул абадт сах æмæ нывыл,
Уæд дзы фыццаг цæмæн рауади бомбæ,
Цæуылнæ асагъд сау зæххы дзывыр?

Æрдзыскондæй планетæ у нæ хицау.
Цæмæ йæм у кæрæф дунæ хæрам?
Куы хизæм уый цард, – фидар у нæхи цард,
Фæлæ йæ мах та бирæгътау хæрæм.

Æмæ йын ныр радартæй кувæм арвмæ,
«Уый цардамонд у», – уе ‘ппæт дæр зæгъут, –
Куы асхъиуа галактикæйы арфмæ,
Радартæ-иу ыл уый фæстæ кæнут...

Зæххы цъар судзы, зæрдæйæн йæ риуыгъд
Æнкъусы хæхтæ, туджы зæй цæуы.
Хæст канд зæхх нæ, уый гуылф кæны мæ риуы,
Крематоритæн сæ сау фæздæг кæлы.

Æз нал дарын мæ хъуыдытæ ныхъуырдæй,
Рæвдауы Зæххы уалдзæгау мæ уарзт.
Цæвынц мæ дзырдтæ сармадзанты хъуыртæй
Ныррриуыгъгæ, æндон нæмгуытау раст.

Фæцæуын размæ дунейы хæтæнтæм, –
Мæнæн у ерыс амонды фæрæз,
Æфсæн уæйыгау, финишты бæттæнтæ
Мæ уартхуыз риуæй арæдувын æз.

Дунескæнæг, æз цинæй мæлын хурыл
Æрцыди цардыл тох кæныны рад.
Дæуæй мæхицæн базыртæ нæ курын.
Æрмæст мын фаг уæрæх хæтæнтæ ратт...

Æз ыссæдзæм æнусы бæрзонд рагъæй
Дыууын фыццагмæ анывæзтон хид.
Æрттивы цардмæ рухсгæнæг цырагъау,
«Уый цардвæндаг у», – ног дуне зæгъид.

Æмæ мын фестад арвы къуырф дзæнгæрæг,
Ныццагътон æй ‘мæ ме знæт уды рис
Æппæт дунетыл айзæлыд хъæргæнæг:
Фæхæрынц Зæххы хурхортæ, фæдис!

ФЫДАЗЫ ХАБАР

Иу фыдазы быдыртæн сæ сæрты
Мигъы гуылфæн арвнæргæ нæ тахт,
Уыцы дуджы хурдзæгæрæг сæрды
Дойны зæхмæ не ‘рхауди æртах.

Зæхх ныкъкъуырма, нал хъал кодтой фæзтæ,
Арвæй зæхмæ иу гæппæл нæ зынд,
Цавæрдæр тых бандзыг кодта бæстæ,
Хатт-ма-иу фæхъуахъхъ кодтаид сынт...

Сау дуг царды сау ингæнмæ тардта,
Кæрты мад йæ авдæнуæлхъус бадт.
Мад хъæбулæн мады æхсыр дардта:
Адæй, хъæбул, удæнцой мын ратт.

Дон сæрддæргъы зилгæ дур нæ федта,
Къух нæ райста уыцы аз æхсырф,
Хойраг царды маргъы æхсыр фестад,
Мадмæ уæд кæцæй уыди æхсыр?..

Кодта уый дæлгом æмæ дæлавдæн
Цæсгом бампылд, баивад йæ хуыз,
Ахæм дуджы чи быхсы æрвдзавдæн,
Хъарæг дæр кæм бакæны æххуыс?

Кодта зæхх хуыдыхæлттæ йæ куыдмæ:
Бонтæ, кæд фыдæнæн ми кæнут,
Уæд, зæгъут-ма, уагæр уын цы кодта
Ацы мур, сыгъдæг зæдау – рæсугъд?

Авдæнæй нæма рахызти зæхмæ,
Йе ‘взагыл нæма абадти дзырд,
Афтæ йæм, кæфхъуындарау, фыдæхæй
Удхæссæг æнафоны фæзынд.

Æз мæ цæстæй нал акæсин фæзтæм,
Нал мæ уынид арвы риуæй хур,
Фæлæ ды цы кæндзынæ мæ фæстæ,
О мæ иунæг ахсджиаг хъæбул?

Дунескæнæг, де ‘ххуыс та цы фæци?
Ма йын бауадз байсысын йæ фæд.
Паддзæхтæ æрмæст хæрынц кæрæдзи,
Махмæ сæ кæцæй равдæла уæд?

Мадæн уæд йæ рыст хъуыды фæсатæг,
Адзырдта йын ирвæзæн хос дуг,
Æмæ йын æхсыры бæсты цадæг
Дарын уайтагъд райдыдта йæ туг...

Уæд æвиппайд, раст цыма дзæнæтæй,
Кæрты фестад хорхæссæг сæ фыд.
Ныр сæ хъæбул хызт уыдзæн мæлæтæй,
Ныр уыдзысты амондæй рæвдыд.

Систа мад кæрдзыны мур йæ дзыхмæ,
Сабийæн дæр базмæлыд йæ сæр.
– Бабыхс, хъæбул, зонын æй, ыстыхстæ,
Бауадз мæ, дæуæн хæрын æз дæр.

Мад фæхъуыртхъом, сагъæстæй йæ не ‘вдæлд,
Ахсджиагыл саби уыд нымад.
Бинонтæ фæцагъды ысты се ‘ппæт,
Баззадысты саби æмæ мад.

ГУСАЛТЫ Барис

СТÆМТÆЙ ИУ

Цардвæндаджы уацау

Ацы уацмыс нæ журналы куы мыхуыр кодтам (кæс 2014 азы 11-æм æмæ 12-æм номыртæ, стæй 2015 аз 1-æм номыр), уæд мын йæ сæйраг хъайтар Кучиты Эльбрус бар нал радта, йæ уарзон чызджы куыд аскъæфта, уыцы хабарæн дунейы рухс фенын кæнынæн. Уалынджы йæ чысыл фæстæдæр Дауыраты Дамир «Рæстдзинад»-ы рауагъта – раджы кæддæрты йæ ныффыста уый дæр Эльбрусæн йæхи мысинæгтæм гæсгæ. Фæлæ зынгæ цыбырдæртæй…

Кучийы-фыртæн та æвæндон уымæн уыд йæ ныммыхуыр кæнын, æмæ ма суанг 90-аздзыдæй дæр æфсæрмы кодта адæмы раз, 22 азы йыл куы сæххæст, уæд цы лæгдзинад равдыста, уымæй – æгæр къæйных, дам, цыма уыдтæн уæд…

Ныр сæ æз дæр æргом кæнын, мæнæн бæлвырдæй цытæ фæдзырдта, уыдон. Стæй ма æндæр хицæн бынæттæ дæр, алы ‘фсæнттæй уæд уацауæй кæй систам, ахæмтæ.

Мæнæ октябры кæрон йæ Афæдзы бон уыдзæн Эльбрусæн, æмæ уæд зæронд мæрдтыл нымад æрцæудзæн, фæлæ ныл ногæй-ногмæ цардаудæн кæнæд.

* * *

Бирæтæ цыдысты-хылдысты уæлæмæ афтæмæйты: се ‘мгæртты, хæлæртты сæртыл…

Æмæ мæ куы сфидар кодтой суанг Мæскуыйы дæр ма, уæд мæ Борис Дмитриевич Зангиев зонгæ кæнынмæ бакодта... мæ хорз зонгæтæм: рынчындæтты сæйраг дохтыртимæ. Рагацау сæ схуыдтой обкомы бæстыхаймæ.

Гъемæ ме 'взаг фыццагау хуылыдз нал уыд, ома, нал тасыд, мæ коммæ иуцасдæр нæ кæсы: ныр æз ацы зæронд бирæгътæн цы зæгъон?! Тæккæ знон мæ се 'хсæнæй фæцъортт ластой, сойвых министр мæ ацъапп ластой æмæ, æдылы къоппа бюрократау, адонæн Цу-тæ уарын райдайон – Ценный Указанитæ?! Цы мæ схондзысты? Цы фæсномыг мыл аныхасдзысты мыггагмæйы ныхæстæй? Гъемæ уæд, уавæр йæхи куыдæй амыдта, уый сын загътон:

– Цы у, цæимæ хæргæ у, цæм тулгæ у министры куыст, уымæн æз дæр сымахæй уæлдай ницы 'мбарын. Фæлæ иугæр Парти æмæ Хицауады афтæ кæм бафæндыд, æмæ æз, мæнæ æз, уе 'мбал, министр уон, уым... Мæ зæрдæ уыл кæй дарын, уый тыххæй мæ ныфс ис ацы хæс райсынæй. Кусдзыстæм, кæрæдзийæн æнцой уæвгæйæ!

– Хирургтæн мæстджын адæм цы фидистæ фæкæнынц, уый дæр мæнæй æвзæрдæр нæ зондзынæ: мясники! коновалы! живодеры!..

– Алы специалисттау хирургтæ дæр мыггаггай сты. Фæлæ нæ зонгæ-зоныны мясник ничи у, æргæвдæг. Стæй – Хуыцау дæр. Летальный исход та кæй практикæйы нæ уыд, иу ахæм хирург дæр, æвæццæгæн æмæ, зæххыл нæй æмæ нæ уыдзæн, медицинæ ма абоны медицинæ куы уа, уæд – скальпелæй дæр æмæ ма суанг лазер-ультразвукæй архайгæйæ. Мацы мæ зæгъын кæн, абон дохтырыл куыд ахуыр кæнынц æмæ нæм афтеччыты цы хостæ ис, уыдоны тыххæй – мæ зæрдæйы рæхойæнтæ сты уыцы аллайаг хабæрттæ.

Фæлæ мæхи цæстыты цур, гыццыл ма бахъæуа, æмæ Оля дæр фæцæйсæфт, Оля! Ларæ йын куы гуырд, уæд уый цытæ бавзæрста, цытæ!.. Иу бон, дыккаг бон мæлы, нæты, фæлæ саби нæ гуыры!

Нæ акушер дохтыр æгуыдзæг нæ уыд, фæлæ додой кæны, смамазила, скатай, фæлæ йæ сæр ницы ахсы, хъуыддаг цæй мидæг ис, уымæн. Лæгæй хаттæн йæ кæрдзыны ном дæр айрох вæййы...

Мæ хур æнусмæ ныгуылы, йемæ нæ хъæбул дæр – æмæ уæд æз цы уавæры уыдаин, уый ма ды дæхи уарзæг фыд æмæ уарзæгой

фыды зæрдæйæ бамбар. Адзырдтон фæдисы дзырдæй горæтмæ. Æрхæццæ нæм Джибилова. Цы доны лалымгонд уыд цæлхдур дунейы рухсмæ Оляимæ нæ сабийы фæндагыл, уый фæкъæртт кодта æмæ...

Абон дæр ма раст мæ уд хъæрзы уыцы дыууæ сау-сауид боны хъæрзтæй!..

Ныр ма мын дæхæдæг радт уыцы фарстæн дзуапп: цæмæн фæцæйсæфт зæфцы фыдæй Оля, йæ алыварс дохтыртæ куы уыд, уæд? Цæуыннæ йæ ахста нæхи акушеры сæр уыцы хуымæтæг архайд – цы йын нæ фаг кодта, сæ гуымыдзатæй куы нæ уыд, уæд? Консилиумтæ та дын æдзух æмæ алкæй тыххæй чи æмæ кæд кæндзæн...

О, Ларæ райгуырд, амонджын ирвæзт акодта, фæлæ ма Олямæ удхæссæг хæстæг лæууыд – йæ тæккæ уæлхъус – æмæ йæм мæрдоны дзагъултæ кодта. Йæхи уарзон бинойнаг амæла удхæссæгæн, кæд ын ис, уæд!

Тынг слæмæгъ, хъаруйы цъыртт æм нал баззад Олямæ, бирæ туг дзы фæцыд, фæлæ йæ бæллæх уый у, æмæ йæм нæй искæй туг бауадзæн – анеми рауад, йæ тугдадзинтæ бахуыскъау сты, укол скæнæн дæр ын нæй. Акушерты бон ын ницы у, мæхæдæг, ома, хирург куы нæ уон йæ удхос, уæд. Æмæ йын йæ буар фæкъæртт кодтон суанг артерийы онг æмæ йын комкоммæ уырдæм бауагътон туг. Уый фæрцы ферваæзт цæттæ мæлæтæй.

Авд азы фæстæ Светланæйы æнцонæй ныййардта. Æнцон та сын кæм вæйиы сылгоймæгтæн аргæ-арыны, фæлæ – уæддæр...

Амонджынæй, «а» æмæ «о»-йæ ома чи фæцард йæ бинойнагимæ, мæхи уыдонмæ куы бафтауон, уæд мын Хуыцаумæ гæды ныхас кæй нæ фæкæсдзæн, ахæм ныфс мæ ис. Дыууæ æмæ æртиссæдз азы – æмбай-æмзæронды бонмæ – кæрæдзи æмбаргæ æмæ уарзгæйæ фæцардыстæм. Фæлæ ма уæддæр æз мæнæ дæн – Оляйы цинæн дæр... Чи зоны...

– Æз дæр дын бузныг зæгъын, мемæ дæм зæрдиаг ныхæсты бацæуын уал æмæ уал боны кæй цыдис, зæрдæргом æмæ дзырдæргом кæй уыдтæ, уый тыххæй. Стæй иннæрдæм дæр: мæхимæ дæр цымыдис кæй æвзæрд, кæй нæ хъыг кодтон æмæ кæй никуы схъыг уаин демæ ‘мбæлынæй, демæ бадын æмæ дзурынæй, быцæу кæнынæй, уый тыххæй дæр.

Уыцы хуызы дæр ма кæрæдзийæ хицæн кæнынц фысджытæ: мæ уынд дæр дзы æппæтæн бæрæгбон нæу, цæстысындз æмæ

зæрдæйы рæхуыст кæмæнты дæн, уыдон цырагъы рухсмæ агуринаг не сты. Мæхицæн дæр чидæртæ кæд афтæ æнад не сты се ‘ппæт, уæддæр мæм дзы алкæимæ суанг æрмæст литературæйы тыххæй дæр зæрдæбын ныхас бацайдагъ кæнын нæ цæуы, сæ иударон, сыдывд, баналон хъуыдытæм хъусын. Политикæйы, æхсæндзарды тыххæй та уæлдайдæр. Нæ уазалтуг кары та дзы афтæмæй ныхасæмбалæн аргъ нæй – цард нын фылдæр мысинæгтæй ифтонг цард сси...

О, фæлæ ма мæ иу хуымæтæг, фæлæ бæлвырд хъуыддаг æнцад-æнцой нæ уадзы: уæддæр уыцы браунинг цы бацис? Хохаг лæгæй та нæ хæцæнгарзхъус чи нæу, чи сæ нæ уарзы, иу стæмтæй фæстæмæ...

– Радтон æй мæ чызгыскъæфджыты сæйрагдæрæн – Аслæнбегæн. Æмæ цыма фыдбылызæмхиц цæмæйдæр ферваæзтæн, афтæ хатыдтон мæхи. Уый та хæрдмæ хауд фырцинæй. Уæдæ йын кæм ссардтаин 600 сомы?! О, фæлæ йæ уымæн чидæр куыддæр æгъдауæй амырхта, кæм æй æмбæхста, уырдыгæй...

А, иу хабар ма мæ радзурын фæцæйрох кодта – уыцы дамбацаимæ баст хабар. Худæг дæр у, стæй ма уæды рæстæгæн йæ къамисæг дæр. Дзырдтон дын æй, æмдзæрæны æхсæз лæппуйæ кæй цардыстæм, æхсæз студентæй, уый. Æмæ нæ дыууæйæ – сомихæгтæ. Сæ иу – нывыл, фæлæ иннæ... Цыдæр æнахъинон: барæй йæхи, цы уыд æцæгдзинадæй, уымæй мæгуырдæр хуызы дардта – скъуыдтæ цинелы цыд, цыма хæсты дæр æппæты разæй бырста æмæ йын æй нæмгуытæ ныссыхырна кодтой, уыйау. Ахуырмæ та... Ницы ‘мбæрста мур дæр. Тупой уыдаид, йæ туджы нæ фæци ахуыры хъуыддаг, йæ сæрмæ, цыфæнды лæмæрст куы кодтаид йæхи, уæддæр ницы бацыдаид – мæгъа, цы хабар ын æй схуындæуа... Исты дзуапп-иу куы лæвæрдта, уæд-иу бындзау цыдæртæ дыв-дыв кæнын райдыдта, хылы-мылы ныхæстæ – бамбарæн ын сæ нæй, стæй дзы, æвæццæгæн, зыгуымæй уæлдай хъапп-нæмыг нæ уыд. Гъемæ йын-иу уæддæр ахуыргæнджытæ неудтæ не ‘вæрдтой.

– Мемæ дæр иу ахæм ахуыр кодта пединституты. Уæлдайдæр нæ-иу политэкономийæ семинарты мардта худæгæй. Диссаджы хорз лæг разынд нæ ахуыргæнæг – Цуциты Барис.

– Нæ хъæуккаг уыд Барис! Æз æй тынг хорз зыдтон! Михал Тотоевимæ стыр хæлæрттæ – не разлей вода! Иу мады зæнæгæй æнувыддæр кæрæдзиуыл. Æмвынг, æмхæрд, æмнызт...

– Гъемæ-иу æй куы фарста Барис мах дыв-дывгæнæджы, уæд-иу райдыдта: возьмем, например, допустим, скажем. Æмæ та ногæй-ногмæ уыцы бавæргæ дзырдтæ. Æндæр ын уæдæ нæ уыд, цы загъта-ид, уый – ницы мбæрста. Æмæ йын-иу уæд Цуцийы-фырт дæр афтæ:

– Сбад! Допустим, возьмем, например, скажем «æртæ» дын æвæрын, дæ хорз фыдæлты хатырæй.

– Æмæ уый дæр сахуыргæнæг æмæ махон дæр сдохтыр! Æмæ уымæн Барис хъазгæйæ йæ фыдæлты хатырæй æвæрдта «удов»-тæ, махонæн та... Стукач уыд, сексот! Цæвиттон, Оляйы скъæфтæй нæ фысымтæм куы ныууагътон, уæд æмдзæрæнмæ бацыдтæн æд дамбаца – ферох мæ ме уæхскыл ауыгъдæй йе фтаугæ хуымпъыры. Рæсугъд æмæ бæзджын цармæй конд хуымпъыр ын уыд.

Гъемæ мæ пæлæз куыд рацæйластон, афтæ браунинг разынд, æмæ йæ уыцы бецау сомихаг ауыдта, йæ цæстытæ фæтъæбæртт кодтой. Дæ мæрдты былтæ фесаф, зæгъгæ ма фæкодтон мæхимидæг, фæлæ ма рæджиау уымæй цы рауадаид... Сынтæджы бынæй мæ фанер чумæдан раластон æмæ йæ уым бафснайдтон.

Уыцы сомихаг та æнæмæнг дзырд кæй хæсдзæн, кæй мæ сардаудзæн, ууыл цъус дæр гуырысхо нæй. Æмæ дыккаг бон фæслекциты хуымпъырæй браунинг систон æмæ комкоммæ ме рвад Виссарионмæ балæууыдтæн – тæрхонылæгæй куыста, – æмæ йæ уый сейфы бавæрдтам. Ныр, цытæ дзурдзынæн, джигулгæнджытæн сæ хъустæ куыд æхсдзынæн, уыдæттæ, мæхимæ гæсгæ, хорз æрхъуыды кодтон...

Изæрæй нæм дыууæ милицанеры рбацыд. Ахуыр уыдыстæм джигултыл – сæ куысты уыдонæн хъуамæ рæстæгæй-рæстæгмæ джигул кæныны фæтк дæр уыдаид, уымæн æмæ нырма хæст йæ тæккæ пиллон калгæйæ уыд. Дуары разæй хуры зилдухы ныхмæ райдыдтой хуыссæнтæ фæлдахын, сгарын, агурын. Мах сæм æнцад кæсæм. Мæнмæ рхæццæ сты – мæ чумæдан мын байгом кодта сæ иу æмæ йæ цин фемæхст:

– А-гъа! Мæнæ ис!

Сæ къух сæ нымыгъд тын ома ссардта. Цы ма мын æй бамбарын хъуыд, не мбалы ардыдæй нæм кæй фæзындысты, уый.

О, æвæццæгæн милицанермæ хуымпъыр æнахуыр рог фæкаст æмæ йæ фегом ласта, æмæ – афтид!

– Йæ хуылфы цы уыд, уый кæм ис? – фæрсы мæ.

– Йæ хуылфы уæлдæф уыд, æмæ ныр дæр ма уым ис, æндæр дзы кæд чи цы федта?!

– Æмæ дæ уæдæ айдагъ ай цæмæн хъæуы?!

– Базары федтон ахæмтæ лхæнгæ: ахъаззаг, дам, у йæ царм дзабырты уафсæн – бæзджын, фидар. Æмæ дзы уæд æз дæр иу хуымпъыр балхæдтон –уартæ уый.

Уыдон ахæм цæстытæй бакастысты се стукач сомихагмæ, æмæ мыст куыд нæ фестад æмæ исты хуынчъы куыд нæ фæмидæг, уый диссаг уыд йæхæдæг. Мæ фæстæ дын уымæ дæр баджигул кодтой. Æмæ йын йæ базы бынæй наган райстой. Æвæццæгæн, милицанерты чи рбарвыста, уый сын нæ бамбарын кодта, сигналгæнæг сæм чи у, кæцы у, уый. Йæхæдæг та сын мах цур куыд раргом кодтаид йæхи, куыд басастаид, æлхæд нымудзæг кæй у, ууыл – æмæ йæ семæ акодтой. Фæлæ сæм, ай-гъай, бирæ нæ бафæстиат, дыккаг бон немæ лекциты, цыма ницы ахæмæй æрцыд, уыйау бадт...

– Стукачтæ сын алы ран дæр уыд, æмæ уый алы бæстæйы спецслужбæтыл æмбæлгæ дæр афтæ кæны, фæлæ махмæ уæддæр фегæргæнæг сты: сгерой кодтой дзырдыскъæф æнахъом лæппу Павлик Морозовы, йæ номыл уынг ма абон дæр нæ горæты ис. Стæй Павленкойы номхæссæг уынг дæр – уый дзыхæй та къорд фыссæджы баисты оргæнты амæддаг. Æмæ йыл бæргæ мбæлы нæ абоны паддзахадыл бæрæг æмæ бæлвырд иуырдæм фæуын, науæд, цы тырыса систа æмæ нæ йæ быны кæдæм хоны, советон гимн цæгъдгæ-заргæйæ, уый равзарæн нæй.

О, бирæтæ нæ сæ боны фыддæртæм æрцыдысты, иннæты бинонты цалдæргай машинæтæй та уынгты азмæлæнтæ нал ис, ноджы туджы аргъ машинæтæй... Фæлæ ныры хæрæмтты, ныры галиу миты гуырæн уым, нæ ивгъуыды ис, нæ дыдзæсгом, нæ дыркъуымтæ хсæндзарды. Дæхæдæг дæр æй куы загътай, партион бодзтæн сæ туджы ахæм царды фæтк уыд, зæгъгæ: дзургæ иу хуызы кодтой, хъуыды – æндæр, кæнгæ та бынтон æндæр хуызы...

Хатгай мæхи афтæ бафæрсын, цымæ, зæгъын, динукусджыты æппæты дæр зæрдиагæй уырнынц сæ ритуалты ахадындзинад, Чырыстийы хабæрттæ, Хуыцау кæй ис, уый. Æмæ хъæддыхæй о, зæгъгæ, зæгъын мæ бон нæу. Мæхæдæг æртæ кæрдзыны куы фæкувын, уæд – тынг зæрдиагæй, тынг уырнæгæй, зæрдæйы бынæй – дызæрдыгæн дзы бынат нал вæйиы. Уый нæй, уæд кувгæ дæр ма кæн, æфтъæрын-хæрынył балæуу...

Фæлæ дæу та, Эльбрус, æз ныр уыцы хуызы дæн бафæрсинаг:

– Цымæ, партион функционертæй исчи Ленины æппæт томтæ дæр искуы бакаст? Уæд та ма йын йæ иу чиныг райдианæй кæронмæ. Стæй сæ искæй йæ зондæй дæр æмæ йæ зæрдæйæ дæр уырныдта коммунизмы æрцыд, ахæм цардарæзты уæлахиз?

– Куыннæ стæй! Ахæм идеалисттæ, утописттæ æмæ идиоттæ нæ уыдысты. «Капитал» дæр сæ исчи æрдæгмæ дæр бакаст, уый дæр зын бауырнæн у. Кæд-иу исты бакастысты, уæд агитацион æмæ пропагандистон тæнæг брошюрæтæ. Æз мæхæдæг дæр, Малгобечы рынчындоны пропагандист куы уыдтæн, уæд, æнхъæлыс, кæрæй-кæронмæ «Краткий курс истории ВКП(б)» бакастæн? Æрра сдæн?! Брошюрæтæ мын лæвæрдтой, æмæ-иу уыдоны æрмæджытæм гæсгæ кастæн мæ лекцитæ.

Фылдæр брошюрæтæ уыдысты Сталины фæллæйттæй лæмарæнтæ. Фæллæйттæ, зæгъгæ, сæ мæ мидхъуыдыйы дыкъæдзыгты сæвæрдтон, уымæн, æмæ сæ Сосо сæрæй кæронмæ йæхæдæг нæ фыста, Шепиловты-йедты куыстытæй æнæвгъау пайда кодта. Йе ‘рдзон зонд кæд цыфæнды хъомысджын уыд, уæддæр лæджы сæрмагонд зонындзинæдтæ фæхъæуынц, цæмæй, зæгъæм, æвзагзонынады барджын уай истытæ бæрнонæй дзурын æмæ фыссынмæ, уый тыххæй. Фæлæ уый дзырдта æмæ фыста, æмæ-иу уыйадыл æцæг ахуыргæндты бабытъайлаг кодтой. Зæгъæм, Вавиловы, ловкач Лысенкойæн та Ленины ордентæй йæ риу байдзаг...

Мæскуыйæ-иу нæм ардæм, Дзæуджыхъæумæ, лекторты æнæхъæн бригад ссыд. СЦКП-йы ЦК-йæ...

– Уыцы аббревиатурæ хистæр фæлтæр зонынц райхалын, СЦКП æмæ ЦК цы амонынц, уый. Нырыккæдтæн та йæ бауилын хъæуы: СЦКП-йы ЦК-а амоны Советон Цæдисы Коммунистон Партийы Центрон Комитет.

– Нæ ныхæстæ искуы куы ныффыссай гæххæттыл æмæ дын кæд мыхуыры дæр ма рацæуой, уæд дæр сæ, нырыккæттæ кæй схуыдтай, уыдон нæ, фæлæ зæронд адæм кæсдзысты – куы йыл дзырдтам, абон ма ирон чиныг, ирон мыхуырон дзырд кæй æндавы, ууыл. Ома, æрмæст зæры кары адæмы... О, æмæ нæм иуахæмы цыдæр хорз лæг сæфтыд Мæскуыйæ пропагандистты бригадимæ. Мæ зæрдæмæ ныххаудысты йæ ныхæстæ, цы коммунизм, коммунизм, дам, кæнут, кæд хъæуы æмæ кæд нæ хъæуы, кæм хъæуы æмæ кæм нæ хъæуы, уæд æмæ уым, зæгъгæ. Адæмы, дам, ахæм æхсæнады уæлахиз уæд бауырндзæн, æмæ йæм цæстæйуынгæ хъуыддæгты базыртыл куы тæхой, ома, сæ цар-

ды уавæртæ хуыздæргæнгæ куы цæуой афæдзæй-афæдзмæ, уæд. Æндæр, дам, мæлгъæвзаг, дидитæ-бибиты дзæнгæдайæ цард хуыздæр, фæрæзджындæр нæ кæны... Рæстытæ нæ дзырдта?

– Дзырдта. Æниу хатгай Брежнев нæ дзырдта ахъаззаджы хабæрттæ – хорз ма læууы мæ зæрдыл: партийы 18-æм конференцийы ахæм доклад скодта, æмæ мæ зæрдæ рухсæй байдзаг, стыр ныфсæй, мæнæ нын рæхджы цы цард ралæудзæн, зæгъгæ. Фæлæ...

Фæлæ...

Стæй...

Ралæууыд стæй Горбачев Сергейы фырт Михаилы дуг. Абон адæмæн уымæй æлгъыстагдæр замантæ нæй советон бæстæйы царды, суанг ма сæ æртынæм азты ивылд тугтæ дæр ферох сты. Нæ дæн æз уыцы адæмимæ разы. Цæуыннæ, ууыл ныхас æгæр дæрдтыл зилид. Фæлæ-иу Рацарæзты заман тынгдæр цæуыл дис кодтон, уый уæдыккон лозунггондыл – ома, дам, ныр «строим социализм с человеческим лицом». Значытты хъуыддагæн, уæды онг та йын уыд «звериное лицо». Уыд? Ды куыд зæгъыс? Цыма йæ «дикая системæ» схуыдтай дæхæдæг ай размæ...

– Уыд ахæм, Гусалы-фырт. Рæстæггай. Зæгъæм, дæлдæр ныххауинаг æртынæм азты. Фæлæ сын адæм уæддæр табу кæнынц хæсты размæйы азтæн. Уымæн сын кæнынц, æмæ сæм ныры цард ноджы фыддæр кæсы, бынтон цъупп дзаг алы хæрæмттæй, алы æнæраст хъуыддæгтæй...

– Æз та афтæ зæгъын, æмæ абон зноны хъæбул у. Зылын зæнг бæласæн йæ ауон дæр къæдз-мæдз ма уа, фатау раст ын уа, афтæ нæ вæйиы. Блок Уæрæсейы «жена моя» схуыдта фырбуцæй. Æрмæст уый жена нæ уыд, уый, Александр Блокы, фæлæ æфсарм æмæ æгъдауæй, æнæхæрам зондæй хъуаг чи æйиæфта, уыдоны нывæрзæнмæ ‘рхауд æмæ уыдонæй абоны æнæчетар, æнæджелбетт, æнæдзуар æмæ æнæиман фæлтæртæ рантыст ацы зындзард дунемæ.

Æмæ та дзыхъхъынногæй табу кæнæм, кувæм, бынтон сæфын нæ чи нæ бауадза, уыцы искæмæн. Иу уæйыглæг, саглæг, адæмы сæргъы læууынæн бæзгæ лæгæн. Цы гæвзыкк стæм алы хуызты дæр, уымæн æвдисæн удæгас, зондæгас лæгæн.

Путин кæд бирæ дзыллæйы зæрдæмæ цæуы, йæ рейтинг кæд ГТО-йы нормæтæй зынгæ фæуæлдæр, уæддæр сын уый дæр уыцы табуйаг исчи нæу. Кæнæ та – нæма у...

– Цы йыл цæуы нырма: кæд дæ нæ фæнды – иу æмæ æртиссæдз азы. Фæлæ лæгау лæгæн йæ тæккæ тыхы кар!

– Хъазгæйæ цыма дзурыс...

– Æппындæр нæ!

– Æмæ та уæдæ ногæй – ныр цыппæрæм хатт! – спрезидент уыдзæн?

– Æмæ дæм уæдæ ‘ндæр чи кæсы ацы лæгагур мамазилагæнæг æнусы уыцы бæрзонд æмæ бæрнон бынаты аккаг? Зæгъæм, æз никæй уынын.

– Разындзæн. Стæй ныридæгæн дæр ис, фæлæ дын æй ма суадзой се ‘мвæз уæлбылмæ – дуртæ йыл тулдзысты дæлæмæ. Науæд та йыл тугтæ æмæ алы фаджыстæ мысдзысты. Йе та кæддæрау варягтæм дæр фæцæудзæн лæгагур Уæрæсе. Кæнæ та афтæ дзурджытæ дæр ис, зæгъгæ, у Бога всегда где-то в толпе припрятан кто-то вроде пророка. Æбæрæг кæдæмдæр нæ куырмæй хилынæй чи бахиздзæн кæдæй-уæдæй, ахæм пехуымпар...

Цæуыл ма ахъуыды кæнын мæ тыхст-уырыд зæрдæйæ: кæд Къостамæ йæ рухс дзæнæтмæ нæ хъæр хъуысы, уæд та йыл уым дæр мæгуыры бон нæй, бынтон мæгуыры бон, йæ ныхæстæ ма сæдæ азы фæстæ дæр сæ тæккæ тыхы кæй сты, абоны цард дæр ма сын се ‘цæгдзинадыл æвдисæн кæй у, уыйадыл?!

Кæддæр, – ныр суанг афтæ зæгъæн дæр ис, зæгъгæ, уартæ советон рæстæджы незаманты кæддæр – япойнæгтæ афтæ загъгой советон адæмы тыххæй: «Сымах тынг амондджын адæм стут, уымæн, æмæ йæ нæ зонут, цас æнамонд стут, уый».

И-йæх, Эльбрус Борисович, и-йæх! Цæмæй не схъæрзы лæгæн йæ зæрдæ, цæмæй йын нæ ныккæлынц йæ тугтæ, кæд ын ахæм уæлæнгай не сты, уæддæр. Мæхимæ дæ æрыхъусын кодтон, æмæ хатыræй фæуæд – нæй мын æй дæуæн æнæ радзургæ. Уымæн, æмæ мæ уырны, мæнæ ды уыцы уаварты дæр ирон лæджы кад, ирон фыдæлтыккон лæгдзинад чиуын æмæ фæцудын кæй нæ бауагътаис, уый...

Цæвиттоны хъуыддагæн, иуахæмы дын Ельцин чи у – уæд Уæрæсейы Федерацийы Президент – Кремльмæ куы фæсидид Яндарбиев Зелимхан æмæ Доку Завгаевмæ. Зелимхан уæд цыма Цæцæны президенты хæстæ æххæстгæнæг уыд, Завгаев та советон дугæй баззайгæ цыдæр хицау. Æмæ сæ Ельцин фидауын кодта ома. Гъемæ дын Зелимханæй стъолы иуырдыгæй Завгаевы æмварс сбадын домы. Уый нæ кæсы йæ коммæ. Схъуырду-

хæн сты. Зелимхан йæхи фæнд атардта – Завгаевы ныхмæ æрруагъта йæхи.

Æз мæхимидæг агуырдтон уыцы ирон хицауы, уыйау чи ныццæхгæр уыдаид Ельцинæн æмæ йæ нæ ардтон, æмæ мын фæхъыг, ахæм ныфс мæ кæй никæмæй уыд, уый. Ныр дæу хæстæгдæр куы базыдтон, уæд мæ зæрдæмæ афтæ зыны, цыма ды дæр Яндарбиевæй æнæлæгдæр нæ разындаис. Уый тыххæй мын, æцæг, мацы зæгъ...

Иннæ ныв та ахæм. Ельцин нæм Ирыстонмæ Галинæ Старавойтоваимæ ссыд. Æмæ Казбегимæ ацыдысты Гамсахурдиаимæ фембæлынмæ, семæ Æхсарбеджы дæр акæнгæйæ. Ельцин æмæ Звиад кæрæдзийæн салам куыд радтой, уый нæ равдыстой телевизорæй, фæлæ мæнæ уатмæ Æхсарбег бацыд. Гамсахурдиа куыд бадт, афтæ бады æмæ йæм бадгæйæ махон йæ къух дæлæмæ дæтты, уый, æнкъуысгæ дæр нæ фæкодта, афтæмæй йын æй æнæбары хуызы райста. Æхсарбег уæд йæхи дæр æмæ æнæхъæн Ирыстон дæр дзыхъхъылæуд цыма фæкодта.

Йæ иу хъæбатыр ныхæстæй та зæрдæ изгард кæны абон дæр ма. Уæд цыдæр зулдзых фестæм цæцæнимæ. Æмæ дын сæм Галазы-фырт куы бартхъирæн кæнид, мах лæппутæ уын уырыссаг хъуымыздзыхтæ не сты æмæ, дам, уын в случае чего фенын кæндзысты, цæцæны хæцæны куыд хæцгæ у, уый. Нæ, фыдæх æм не сдæн, уымæн æмæ уæддæр йæ зонд уæлдæр уыд уыцы æдылыдзæф ныхæстæй...

Æрмæст нын уый дæр цы у, уый: Ирыстонæн йæ иу раздзог дæр цыма кад æмæ радимæ нæ ацыд йæ бæрзонд рындзæй, не ‘рхызт йæ саргъæй... О, ам дæр мæ нæ хъæуы, исты дзуапп мын радтай, уый – адæмæй алчидæр йæхи сæрæй асагъæс кæнæд, чи стæм æмæ цавæр стæм, ууыл.

– Хорз. Фæлæ уын æз та, стæ-ма, уæхимæ, фысджытæм фенон, иугæр, къæмæн йæ кой дæр кæм нæй, ахæм æргом ныхас нывæндæм, уæд. Уартæ кæддæр цы хорз, цы фæзминаг зондæй ныффыстат сымах, фысджытæ, уæды сонтдзæф Парламенты фæстæ æмæ дун-дунетæн фехъусын кодтат, зæгъгæ, ир æмæ мæхъхъæлæн æмхæццæйæ, æмварсæй, сыхæгтæй цæрæн ницы хуызы ис? О, раст у, фыссæгыл йæ адæмы хъæр хъусын æмбæлы. Фæлæ уый ницы сгуыхт хъуыддаг у, мæнмæ гæсгæ. Фыссæгæн Хуыцау йæ адæмы зондæн йæ хуыздæр хай радты, цæмæй дарддæр уына, фылдæр зона æмæ арæхса, хæрам кæм нæй, фыдæх кæм

нæй, ахæм фидауæджы, медиаторы кæрдаг дзырд зæгъынмæ. Æнæуынондзинады наукæ дæр, о, бахъæуы кæддæрты, фæлæ тынг цыбыр рæстæгмæ. Хæсты заман æй Эренбург æмæ Симонов æгæр хорз дæр ма амыдтой, фæлæ, хæст кæронмæ нæма басабыр, афтæ Сталин загъта: «Гитлеры приходят и уходят, а немецкий народ остается». Æмæ уæд, ау, афтæ зæгъæн ницы хуызы уыд мæхъхъæлы экстремисттæй? Ома уыдоны рæстæджы Терк аласдзæн, адæм та дуртау баззайдзысты...

– Фыццаджыдæр уый, æмæ уыцы Сидты бынмæ фысджытæ иу къордæй сæ къухтæ нæ бавæрдтой – Цæрукъаты 'фсымæртæ Алыксандр æмæ Владимир, Бицъоты Грис, Малиты Васо, Хъодзаты Æхсар, Хостыхъоты Зинæ...

– Æмæ ды та дæхæдæг?

– Мæн мæ зондахастæй фæрсæг нæ уыд, уымæн æмæ æз сæ Цæдисы уæнг нæ уыдтæн. Фæлæ йæ фысджытæ зонынц, сæ фылдæримæ кæй нæ уыдаин, уый. Фæстаг бон фæсмойнаг цы вæййы, ахæм уыд уыцы Сидты хабар Фысджыты цæдисæн. Иу ма хорз, æмæ сын ахæм æмзонд кæй нæ рауад...

– Хорз, уыдæттæ уал фæуадзæм æндæр бонтæм махæй зонджындæртæн, зондæй æдасдæр фæлтæрæн, фæлæ дæуыл дæр æмæ, уæлдайдæр та Æхсарыл, иу бæрæг чидæр æргом æфхæрæн ныхæстæ-фидистæ, тугмысæнтæ-цъыфкалæнтæ куы ныффыста æмæ ма сæ цыдæр æбæрæг типографийы æнæхъæн брошюрæйæ дæр куы рауагъта, уæд та фысджытæй иу ахæм цæуыннæ разынд, уыдон ирон лæджы митæ не сты, зæгъгæ, æмæ йын сæ йæ цæстмæ куыд ничи бадардта? Ахæм хъуыддæгты фæстæ уын цы кад уа адæмы цæсты дæр – йæ ирон фындз ма йæ уæлæ кæмæн ис, уыдоны цæсты? Фыссæг – йæ адæмы кад, намыс æмæ цæсгом. Ома фыссæгау фыссæгæй зæгъын...

– Цæмæнты домыс мæнæй дзуæппытæ! Ай-гъай, партион комитетæй ахæм хабæрттæ æнæ равзаргæйæ нæ аирвæзтаид. Стæй сын уæд ахæм хуызы æрцæуæн дæр нæ уыд. Ныр та... Йæ уаг, йæ ахаст уыцы бæрæг чидæрæн иууылдæр зыдтой, æмæ йæм хъусæй дæр уымæн лæууыдысты – æрмæст фысджытæ нæ, фæлæ ма 'ндæр сгуыхт адæм дæр: зæронд фронтовиктæ, ахуыргæндтæ. Бæрæг бæлвырдæй йын зыдтой йæ критикон, йе 'фхæрæн мадзал: фаджыс арус кæн æмæ йæ искæуыл бату лас! Æппæт хабæрттæ дын нæ ракалдзынæн хурмæ – нæ йæ нымайын йæ койы аргъыл... Цы дунейы ис абоны бон, уый йын кæнæд, цы аккаг у, ахæм тæрхон.

Цæй тыххæй фæдзырдтам абоны онг, уыдон иугуырæй гæххæтмæ – алы ‘фсæнттæй – нæ рахæсдзынæн, фæлæ дæ Хуыцауы тыххæй куы фарстон, ома, уырны дæ æви куыд, зæгъгæ, уæд мын цыдæр æнахуыр хорз загътай, фæлæ дзæбæх нæ хъуысынц диктофоны дæ ныхæстæ æмæ...

– Æмæ дын сæ ногæй зæгъдзынæн! Хуыцау мæнæн у вера, уырнын. Кæд дæ, уæлдæр тых кæй ис, уый уырны, адæймаджы бæрны цы нæй æмæ уæвæн дæр цæмæн нæй, ахæм тых, уыцы тыхы æгæрон гæнæнтæ, уæд дæ, Хуыцау кæй ис, уый дæр уырны. Ома уыцы æбæрæг æрвон тых у Хуыцау йæхæдæг. Персона нæу, удгоймаг, мах æй куыд æмбарæм, афтæ. Сæйраджыдæр та цы? Сæйраджыдæр та, чи цы у йæхæдæг, чи цавæр адæймаг у, цы хуызæн сты йæ хъуыдытæ – арф æмæ уæрæх, æви къуындæг æмæ уæлæнгæйттæ, раст тæккæ ахæм у, йæ цæстытыл цы Хуыцау ауайы, уый дæр. Йæхи сурæты нывтыл-фисынтыл амайы адæймаг Хуыцауы фæлгонц дæр!

– Æмæ уæд Хуыцауыл дæр немæ мæгуыры бон нæ акодта, нæ! Алчидæр æй йæхи нывтыл кæрды, йæхи фисынтыл æй амайы, йæхи джиппы йæ уадзы. Гъемæ, искæй куы бафæрсæм дисгæнгæйæ, цавæр у, Хуыцау дын нæй, Хуыцау, зæгъгæ, уæд нын-иу хъуамæ ахæм дзуапп радтид: «Ис! Мæнæ мæхи тæккæ хуызæн æнæджелбетт æмæ æдзæсгом!»

– Æцæг дæр афтæ. Дæхæдæг цы дæ, дæ Хуыцау дæр уый æмæ дæ дин дæр.

– Æмæ уæд куыд уайы – адæймаг нæу Хуыцауы сконд æмæ сфæлдыст Йæхи фæлгонцмæ гæсгæ, фæлæ уый Хуыцау Йæхæдæг у адæймаджы сфæлдыстад? Царциатæ!

– Мæнмæ гæсгæ, раст афтæ. Нæй адæймаг – нæй Хуыцау дæр. Кæд мын исты къæйных ныхас у, уæд мын уырнæджытырдыгæй хатыр уæд.

– Уæд! Фæлæ ма нæм фыдæлтæй ахæм хорз зонд дæр æрхæццæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ, фыдæй-фыртмæ: иу лæг иннæмæн у йæ хуыцау. Латинæгтæм дæр комкоммæ афтæ хъуысы: Homo homini dues est – человек человеку бог. Æмæ мын уæдæ æрымыс дæ удæн адджын æмæ зæрдæйæн зынаргъ адæймæгты – æмбарын æй, чысыл не сты, гъемæ мын уæд та де ‘мхъæуккæгты ранымай, Хуыцауы раз арфæйаг хъуыддаг у, дæхи хорз Хуыцауы раз – ома, дæхи халæмдих Хуыцауы раз...

– Æппæты фыццаг – мæ ахуыргæнджытæ. Æмæ сæ æрымыс-

дзынæн. Стæй нæ фæрнджын зæронд лæгты дæр. Фæлæ уал... Ма мæ ферох уа! Фæлæ уал, амонд циу, уый тыххæй – фарстай мæ айфыццаг. Мæ фыдæбæттæ, мæ тухитæ, Бибойы рæстудæй сæфт дæр мæ рох кæд нæу, кæд мæ ницы у рох, уæддæр мæхи амонджыныл нымайын. Лæджы амонджынгæнæг уарзт цы вæййы, уый бавзæрстон Оляимæ дыууæ æмæ æртиссæдз азы дæргъы бонæй-бонмæ.

Циу æнæуи амонд, уый тыххæй та разы дæн Тургеневимæ: «Счастье как здоровье: если оно есть – его не ощущаешь. Потеряв, узнаешь, что оно из себя представляет». Комкоммæ афтæ загъта, зæгъгæ, нæ ныффæрск уыдзынæн, фæлæ йын йæ хъуыды нæ аивтон.

* * *

Уæдмæ Лизæ нæхимæ Къостайыхъæуы нал куыста, фæлæ Беслæны. Махмæ та йæ бæсты дохтырæй Зæронд Бæтæхъойыхъæуæй Плиты чызг æрбацыд, Иринæ Сергеевнæ. Абадгæ чызг уый дæр. Къуылых уыд – гуыргæ-гуырыны, æвæццæгæн, фæиртæст йæ гыццыл къах æвгъæдгæсы аххосæй æмæ йын цыбырдæрæй баззад. Ныр цæргæ та кæны Олятæм.

Куыд нæ хъуамæ мæстæй тъæппытæ хаудтаин æз Лизæмæ йе 'нæууылд ныхæсты тыххæй! Æмæ куы фембæлдыстæм, уæд æй загъд-заманайы бын фæкодтон, ды, зæгъын, æз ахæм æрвон уарзтæй кæй уарзын, уый ды цы тæссармæздæхт зондæй фауыс бар-æнæбары дæр, адæмы цæсты йæ куыд æфтауыс æмæ мæн та уыйадыл куыд æнамонд кæныстæ-йедтæ йын фæдзырдтон, схъистæ хаугæйæ, мæ хъæлæсæй æхсидæвтæ калгæйæ.

Гъемæ Иринæ чи уыд, хъæуы ног дохтыр, уый, цы йыл æмбæлы хорз хойыл, уыдæттæ кæнынмæ барæвдз: йæ тæккæ фындзы бын замманай, хæдзайраг чызг уыны, йæ уарзон æфсымæрæн агургæ æмæ æнаргæ суинаджы бинойнаг, цæстыты ирд рухс æмæ зæрдæйы фæлмæн сой, æмæ куыд хъуамæ фæлæууа æмæ йæ ма банымудза йæ афицер æфсымæрæн! Хæстон саг лæппуйæн, уынд æмæ кондæй дæр æнæфау, æнæаипп, раст æрыскъæфау зæрдæскъæф. Йæ ном мæ айрох... Ома, æфсымæр лæппуйæн.

Куы ма йæ загътон, уыдис Оляйыл дзурджытæ, æрхатыдысты-иу хæдзарвæндагмæ, æрвыстой сæм æвзаргæ адæм минæвæрттæй, фæлæ: уæ салам – бирæ, махмæ моймæдæттинаг чызг нæй, нæ хæдзар ууыл æнцайы... Гъемæ та, дам, сæм ацы

сабаты минæвæрттæ нæ, фæлæ фидауджытæ цыма æрбацæудзæн!

Уæлæ, мæнмæ кæсгæйæ, арв йæхи куыд хъулæттæ кæны! Уæлæ мæм хур куыд ныджджих, уый цы дæ, цы, зæгъгæ!

Фæлæ: сабыр дас мæнæйуый – рихитæ халыс! Ныр хъæу дæр змæст, фæдыууæ дихы: иутæ дзы мæ фарс, иннæтæ уыдоны, Хетæггаты. Лизæ хуыздæр ракæныны æнхъæлæй фыдæхтауæгæй басгуыхти...

Тæвд тугæй, фыцгæ зондæй цы бакæнай – фæстаг бон фæсмойнаг. Æмæ ма абон дæр мæхицæй бузныг дæн, уæд мæм, уыцы сау мæты, катай, маройы сахат уазал зонды фаг зонд кæй разынд мæхи æрбæстон, æрсабыр кæнынæн, уый тыххæй. Ме ‘рдхæрдтæ чи сты, уыдон лыстæнты мæнг артыл рафыхтысты, ацъапп ластой сæ фæнд – сæ бричкæ дыууæ амæй ай дугъондæр бæхимæ цæттæ уыд чызгыскъæфтмæ.

Мæнæн та мæ фæнд бынтон æндæр цыдæр домдта: хъуамæ исты æгъдауæй лæгæй-лæгмæ фембæлæм, æрæмдзых уæм Оляимæ æмæ йын комкоммæ йæхицæй фехъусон, циу, цы хабархыбур у, уый.

Мæхи бакъул кодтон Джиоты Состикмæ, мæ лымæнгондмæ. Уый дæр хæстон, бæхджын æфсады хæцыд, скæпитан. Йæ иу рацыд дæр бирæты аргъ уыд. Ноджы Хетæггаты буц сиахс, Олятæн хæстæг хæдзары сиахс æфсымæр - ома, афтæ кæмæ батæхуды кæнынц, хорз сиахс æфсымæрæй уæлдай нæу, зæгъгæ, уыдонæй. Бацу-ма, зæгъын, Олятæм æмæ бацархай, æрхъуыды кæн цыфæнды мадзал дæр æфсонæн æмæ йæ ракæн уæхимæ – цыбыр ныхасмæ йæ фенон. Уынджы та ныхасмæ æрлæууæм – аба-бау! Хохы фыдæлты æгъдæуттæ ма сæ тæккæ ‘нхъизгæйæ уыдысты нæ быдираг хъæуы дæр, сæ сæрты ма ахизай!..

Иу хъæугæронæй йæ иннæ хъæугæронмæ изæры цæстыл æрхæццæ кодта Состик. Æз дæр сæм фæсвæдты бахъуызыдтæн Джиотæм, скъæфтдзæттæ лæппутæн тынг карзæй ныффæдзæхстон, уæхи ма равдисут, мачи уæ бафиппайæд, зæгъгæ.

Æз æмæ Оля сарайы бын лæууæм, Состик йæхи сæ уатмæ байста. Чызг уыцы ‘нкъардæй нындзыг, цыма йыл судзаггаг мард æрцыд, уыйау. Ницы дзуры, къулсæрæй та мæм бынты æрбакæсы.

– Бузныг... Уый æнхъæл нæ уыдтæн, æмæ мæ курдиатмæ гæсгæ рацæудзынæ. Бузныг, кæй мыл бауæндыдтæ, уый тыххæй дæр. – Стæй уырыссаг æвзагмæ рахызтæн. – Что за перополох,

это правда, что в субботу к вам придут просить твоей руки?.. – Стæй та иронау. – Хъæу æддæг-мидæг куы ауадысты! Цы хабар у – дæхи дзыхæй мын æй зæгъ.

– Тебя это ни с какой стороны не касается... Твои проблемы будет решать твоя тетя, настолько тебя обожающая...

– Сабаты уæм, зæгъын, æцæг æрбацæуинаг сты уыдон... фидауджытæ-йедтæ?..

– Чи цæуы, уый æрбацæуæд! Дæу та дзы цы хæры?

– Уæддæр мын æй æргом зæгъ, куыд у дæхи фæнд, цы æмæ куыд хъуыды кæныс?..

– Уыдон дæ цæмæн бахъуыдысты? Дæу аккаг чызг ацы зылды нæй... Мæн цæуын хъæуы стæй, уæлдайдæр, ды мæнæн æвгъау дæ... Лизæйы загъдау...

– Омæ дын бузныг. Хуыздæр цы уыдзæн, уый Хуыцау зæгъæд!

Ныр – уынын æй – йæ цæссыг фæдгæнгæ згъоры йæ рустыл, фæлæ йæ нæ сæрфы, æмырæй кæуы. Мæ зæрдæ бынтон суынгæг мæнæн дæр.

Состик æй ахæццæ кодта сæхимæ. Лæппутæ мыл сæхи сцагътой:

– Цæмæн æй ауагътай?! Замманай фадат нын куы уыд йæ атеу-теу кæнынæн æнæ хъинц-æнæ уынæрæй!

Æз сын афтæ зæгъын додойгæнæгау:

– Уый та куыд? Уал æмæ уал азы нæ кæрæдзи зонæм, фæлæ мæ ай æппындæр куы не ‘мбарут, чи дæн æз, цы дæн æз, цы ахаст у мæ ахаст, цы уаг, цы зæрдæ æмæ цы зонды хицау дæн, уый. Уый та куыд, æмæ йæ аскъæфтаиккам?! Уæд кæцæй? Хъæуы кæронæй! Æмæ ам цы агуырдта, кæд æм йæхи къахæй не ‘рцыд хъал Хетæггаты хъал чызг Кучиты хъуымызбыл лæппумæ, уæд! Худинаг æй кæнæм? Нæ, мæ хъаймæты ‘фсымæртæ! Ууыл къæм абада, æз уый бæсты!..

– Цæттæйæ мæм æнхъæлмæ кæсут – кæд иугæр скъæфгæ, уæд скъæфæгау. Сабаты ‘рцæудзынæн.

Солтан дæр алцыдæр зыдта – уыдоны хæрæфырт, ома Хъесаты хæрæфырт уыд Оля. Фæлæ, кæд æппæт дæр æмбæрста Солтан, уæддæр хъуыддаджы йæхи нæ тъыста, ницы дзырдта уымæн дæр æмæ мæнæн дæр. Уый хыгъд Оляйы фыдыфсымæры лæппу пихылæйттæ калдта, мæ ныхмæ ардыдта чызджы. Уæвгæ та йæ бамбарæн уыд, куыд нæ кодтаид мæсты дæр Лизæйы схъæлботт ныхæстæм?.. Иу цыбыр ныхасæй, хъæу цъиу-цъиу

кодта. Уæдмæ йæ иууылдæр зыдтой, нæ кæрæдзимæ тынг уарзон зæрдæ кæй дарæм, уый.

Мæнæн ахæм зынаргъ сси Оля, афтæ мын садджын, æмæ цард мæ цæсты æнæ уый ницуал ахадыдта, мæ цæстытыл нæ уад, стæй мæ хъæугæ дæр нæ кодта ахæм цард – уд дзы нæ уыд, рухс дзы нæ калд. Æмæ, мæ зæрдæмæ афтæ тынг кæй цыд, мæ удæн афтæ зынаргъ кæм сси, мæ боны рухс, мæ хуры хай уый кæй уыд, уымæ гæсгæ мæм афтæ каст, цыма æз дæр уымæн къаддæр зынаргъ нæ дæн, къаддæр уарзон – уый дæр цыма йæ фидæн æрмæстдæр мемæ бæтты.

Æмæ, кæд уыцы хъуыды мæ сæрæй нæ цух кодта, уæддæр ын хъуамæ хабæрттæ йæхицæй бæлвырдæй базонон. Куыд уарзæгой цæстытæй мæм фæкæсы, фембæлдмæ кæй ссæуы горæтмæ, мидысхъиугæйæ, уыдæттæ мæм йæ уарзтæн фаг æвдисæндартæ нал кастысты. Адæмы цæсты йæ бафтауон, искæй дзыхы йæ баппарон, исты къæм ыл абада мæн аххосæй, уымæн та уæвæн нæ уыд – фæлтау мæ мæ цард дæр нæ хъуыд. Кæнæ – æппæт дæр, цы у, уымæй мæн у, стæй æз дæр афтæ уый дæн, кæнæ – æппындæр ницы. Æмæ, уыцы фæндагыл цы æрцæуа, уый уæд! Нæй мын ыл æнæ цæугæ кæронмæ.

Горæты мын куыд нæ уыд фыдырдыгæй дæр æмæ мадырдыгæй дæр хион-хæстæджытæ. Бауадтæн сæм-иу, цай нæм бацым, зæгъгæ, дæр мын-иу загътой, уæдæ куыд хъуамæ ма зæгъой, фæлæ æз... Æххормагæй-иу мæ комыдæттæ дæр уадысты, фæлæ сæ никуы никæмæ бакуымдтон мæхи хорз фенын – хæрзаг, зæгъын, ма зæгъой, хæрынмæ, йæ гуыбын адауынмæ ‘рбацæуы, зæгъгæ. Гъемæ æрмæст уыдоны læппутæн нæ, фæлæ, горæты нæ хъæуæй цы læппутæ ахуыр кодта, уыдонæй мæ лымæндæрты æрбатымбыл кодтон æмæ сын загътон, Оляйы раскъæфын мæ зæрды ис æмæ мæ фарсмæ ‘рбалæуут: ссарут мын машинæджын искæй...

Сæ иу мын афтæ, æз, дам, ахæмы зонын, цæры Æрыдоны уынджы, кусы полуторкæйыл, тынг æвзыгъд læппулæг у – Течиаты Аслæнбег... Ссардтам æй, хабар ын бамбарын кодтон æмæ – сразы. Æцæг мæ æхсæзсæдæ сомы бадомдта, стæй, дам, машинæйы бензин ныккæн, дæлæмæ-уæлæмæйы фаг нын куыд суа, афтæ. Æнæ уæлдай ныхасæй сразы дæн йæ домæнтыл. О, стæй ма мæ бафарста, æууæнк кæуыл ис, ахæм læппутæ, дам, ис дæ бæрны. Ис ын загътон, фæлæ уый уæддæр йемæ

дыууæ ‘мбалы ракодта, цы, дам, нæ вæййы ахæм фыдбылызæмхиц фæндагыл...

Майрæмбоны Къостайыхъæумæ нæ изæр ныххастам. Уым нæм læппутæ хæстдзæттæйæ ‘нхъæлмæ кастысты. Сæ иумæ, Митя йæ ном, уазæгуаты уыд уæлгинскæйаг нæхи ‘мгар læппу, æмæ ма уый дæр йемæ рахуыдта. Сæхи цæттæйæ, фæлæ уæддæр фæсвæд куыд дарой, уый та сын ныффæдзæхстон. Машинæ тигъы фæстæ ныууагътам, нæхæдæг уал æнхъæлмæ кæсæм, Состик нын ацы хатт та цы дзуапп схæсдзæн, уымæ.

О, уыдонмæ та бацыдтæн – Джиотæм ома, æмæ йын загътон, цæмæй йæ базона, Оля сæхимæ ис, æви куыд, зæгъгæ. Бацыд сæм, сыздæхт æмæ дын афтæ, ничи, дам, мæм ракаст, кæд сæм дзæвгар фæхостон, уæддæр. Фæстæдæр мын куыд басаст, афтæ сæм уый та йæхи бæсты сгарæг йе ‘рвад Джиоты Цомахъы барвыста. Æмæ уымæ, чи зоны, æцæг дæр ничи ракаст, йе та йæм æртæ хойæ искæцы ракаст, фæлæ йæ Цомахъ нæ бауæндыд исты бæрджытæй бафæрсын, куы мыл фæгуырысхо уа, мыййаг, зæгъгæ.

– Æмæ сæм уæдæ куыд цæуæм, Оля уым ис-нæй, уымæн йæ бæлвырд куы нæ зонæм, уæд?! – бафарста мæ Митя.

Æвиппайды мæ сæры ахæм пълан фегуырд: Митяйы уазæг læппуйы нæ зонынц Хетæггатæ, æмæ сæм уый бацæуæд, йæхи læппу Михалы зонгæ схонгæйæ – ома, Мæскуыйы иумæ кусынц æмæ йын уый фæдзæхста, куы дæ февдæла, уæд ма-иу махонты дæр бабæрæг кæн, саламтæ сын радт... Æнафон кæй у, уымæн та æфсон скæнæд, Беслæнæй йæ фистæгæй цæуын бахъуыд, кæнæ ‘ндæр исты аххос дæр фæуæд: ныффæстиат искуы...

Цы ма уыд мæ зæрды... Куы йæ рахæссæм, уæд æй цæхгæр бафæрсдзынæн, цы ис дæхи зæрды та, æз дæ хъæуын, æви дын уæлдай нæу, кæмæй смой кæнай, уый, зæгъгæ. Нæу ын иугæр уæлдай – бахæццæ йæ кæндзынæн фæстæмæ сæхимæ. Цы уыд, уымæй...

Уæлгинскæйаг læппу æвæджиауы сæрæнгуырд разынд, иу дæлæ-уæлæ ныхас дæр нæ загъта, цырддзастæй сразы уыцы цармы бацæуыныл. Æз нæхимæ фездæхтæн æмæ скъæты фæкуыси дæн – цалдæр фысы нæм уыд, сæ иу цыдæр ахсджиаг хъуыддагæн нывондаг, æмæ мæхимидæг скуывтон, уый куынæ фæуид мæ къухы бын, зæгъгæ. Рацахстон дзы иу фыс, абастон ын йе

‘ртæ къахы æмæ йæ мæ хъæбысы машинæмæ бахастон, сæппæрстон æй гуыффæмæ – уым нæ уæдмæ лæппутæй кæйдæр æфсымæр арахъхъы дæс литруат баллонимæ бадт, хъахъхъæдта йæ асæттынæй. О, фæстæдæр уыцы хæдзарæн Сона сæ дæс литры радта, йæхиуыл нæ ныууагъта ахæм хæс дæр...

Машинæ иу тигъы фæстæ бааууон, дыккаг тигъыл та Оляты хæдзар, Митя æмæ йæ уазæг лæппу разæй, æз сæ фæстæ бацыдтæн, иуварс лæууын, хъусын. Митя дуар бахоста, стæй уый дæр фæсвæд ранмæ байста йæхи. Ныр æппæт дæр уæлгинскæйагæй аразгæ сси – цæмæй йыл куыд нæ фæдызæрдыг уой, афтæ дæсны куы нæ сарæхса йæхи Михалы зонгæйæ равдисын, уæд нæ хъуыддаг фæсыкк уыдзæн, стæй худинаг дæр нæ кæнæм, худинаг! Уый та дын дзы хæлиудзых чызгыскъæфджытæ, зæгъгæ... Хъæумæ ма мын æрцæуæн дæр уыдзæн уæд!

Хæдзары сæ зæронд фыд æмæ ‘ртæ хойы. Хистæр хо моймæдзыд. Дуары хостмæ сæ чи ракастаид, – æппæты кæстæр, æви астæуккаг, – уый йæ хъæлæсæй нæ базыдтон, талынг та афтæ хуыдалынг сбæзджын, æмæ дыууæ цæсты астæуæй фындз фелвас – йæ хицау дæ нæ федтаид!

– Бахатыр кæнут, афтæ æнафоны уæм кæй дзурын, уый тыххæй – Беслæнæй мæ дзæгъæлтæгæнгæ фистæгæй цæуын бахъуыд, фæлæ æз Михалимæ кусын иумæ æмæ...

Хорз мæм нæ хъуысы чызджы дзуапп, фæлæ цыма мидæмæ бауад – фыдæн бамбарын кæна хабар, уæдæ æндæр куыд, æнафоны уазæгæн айдагъ чызджытæ куыд хъуамæ уой æгасцугæнæг... Уалынджы мæ цурты сæ кæстæр Зарæ сыхæгтырдæм атындзыдта. Йа – æллæх, лæгтæй макæмæ бадзурæд! Нæ: уæртæ судзгæ цырагъимæ раздæхт – фæстæдæр мын æй куыд дзырдта йæхæдæг, афтæмæй сын сæ цырагъ сыхæгтæ изæрæй бацагуырдтой, цыдæр уазджытæ сæм уыд, фæлæ сын æй афойнадыл нал раздæхтой. Йæх, цырагъ нæм чи сыгъта фæсхæрд...

Фыд ныр ракаст. Митя дæр йæхи равдыста, цыдæр ныхæстæ кæнынц æртæйæ мидæмæ бацæуыны агъоммæ, æвиппайды дæр куыд бараст уой, хæдзар афснайынтæ-йедтæ сæ уæддæр фæтчы бауадзын. Фæлæ, дам, дьявол таится в мелочах: нæ лæппутæй кæцыдæр нал бабыхста æмæ уый дæр схызт тыргътæм. Ай та ма дзы чердыгон æнæхонгæ уазæг уа, зæгъгæ, бинонтæ схъомпал сты – сæ зæрдæ фехсайдта æмæ Оляйæн фæтарстысты. Нæхи бон æй куы нæ уа бахъахъхъæнын ацы абырджытæй,

зæгъгæ, кæсын, æмæ йæ Зарæ сыхæгтæм йæ айдагъ мидæггаг урс-урсид хæдоны фæкæны Оляйы.

Лæппутæн дын ахæм фадат фæуа: атыхтой йæ нымæты æмæ йæ машинæмæ баскъæфтой, гуыффæмæ йæ фæуæле кодтой. Уæдмæ Зарæ йæ хъæр-йæ хъыллистæй бæстæ йæ сæрыл систа, йæ хъæрæй стъалытæ арвæй рæгъæд фæткъуытау згъæлдысты раст.

Диссагæй цы кæныс: йæ фæдисмæ иу сыхаг лæг дæр нæ ракаст, фæлæ сылгоймæгтæ æддæмæ ракалдысты æмæ æрхъула сты полуторкæйы алыварс.

Ныр æз фæфæстæмæ кæнон, аивон мæ фæнд, фæтæрсон, науæд æндæр исты 'фсонæй – нæ, никæддæр, ницы хуызы! Æмæ йæ амонд сæ хæрзтæй нæ уыдаид, ныфсхаст лæджы фырт мæ размæ мæ фæндагыл куы 'рлæууыдаид, уæд. Стæй мæхи амонд дæр сæ бæллиццæгтæй кæй нæ уыдаид – æмбæрст у уый дæр.

Мæ дзыппы дыккаг номыр браунинг æхсæз гилдзимæ. Фелвæстон æй æмæ дзы хæрдмæ фехстон. Нæ хъæбатыр устытæ фæйнæрдæм фæпырх сты, фæлæ Зарæ уыцы тæрсæн гæрæхтæ мур дæр ницæмæ 'рдардта, æрдиаг кæны, лæбуры лæппутæм. Мæ сæры ног хъуыды йæ был сдардта, æмæ æз ме 'мбæлттæн бардзырддæттæгау, фæлæ сабыр, мынæг хъæлæсæй фæкодтон:

– Ай дæр гуыффæмæ сæппарут!

– Куыддæриддæр зæгъай – афтæ!

Абон ардыгæй уырдæмты куы фæкæсын æмæ, куыд уыд, цы уыд, уыдон ахæм æмæ ухæм цæмæн уыдысты, цы ныфсæй архайдтон, цæй зæрдæйæ тардтон мæхи фæнд, тæрсын циу, уый цæуыннæуал зыдтон, зæгъгæ, уæд... Нæй мын æндæр бындур мæхи – фыццагдæр мæхи! – цæсты сраст кæнынæн, мæнæ амæй уæлдай: ахæм уарзты уацары бахаудтæн цыппæрæм къласæй фæстæмæ, ахæм ахсджиаг мын сси ме 'нкъарæн, æмæ æнæ Оля арв æнæ хурау уыд, цæст æнæ гагуыйау, зæрдæ æнæ... æнæ уарзтау. Олямæ фæндагыл адзал тыд и, зæгъгæ, уæддæр цыма мæ ныфс нæ фæдызæрдæ уыдаид, нæ фæдыууæ хайы, дыууæ ныхмæлæуд дихы: сæ иу мын размæ зæгъы, иннæ мæ уазал зонды æвджид кæны. Иу зонд. Иу зæрдæ. Иу уынаффæ. Иу фæндаг.

Это или максимализм боевой юности, или ослепляющий максимализм любви – ды йæ дæхирдыгонау æмбар æмæ мын тæрхон кæн, æз та, сæйрагдæр, æвæсмон дæн...

Хъæугæронмæ рахæццæ стæм æвыдæй, æмæ æз машинæйы кæбинæйы цар æрхостон – Аслæнбег фæурæдта. Зарæ йæ хойыл баныхæст, йæ хъæбысы йæ батыхта. Сæ иу дæр ницы дзуры. Ныр, чи стæм, уый дæр бæлвырдæй нæ зонынц – æрмæст Митяйы федта Зарæ, фæлæ кæмæн у скъæфæг, уый та сæм ацы мæйдары нæ зыны. Уалынджы дын Состик цыдæр куы зæгъид. Оля райгасау – раст мæнæ Цезарь, и ты, Брут, зæгъгæ, куыд ныццирк, афтæ куы ныддис кæнид:

– Состик! Æмæ ды дæр дæ ам?! Æмæ дæхи Эльбрусы æрдхордæй куы ‘вдисыс, уæд ын ныр та йæ цæстытæм цы цæсгомæй...

Состик ныххудт:

– Æмæ ам куы ис Эльбрус йæхæдæг дæр, ам! Уый куы у йед... Уый дæ куы...

Нал æй бауагътон зæгъын, æз ныр чи дæн, уый – ахизын сæ кодтон лæппуты зæхмæ, мæхæдæг Олямæ баздæхтæн... Зарæ дæр мæ уадз æмæ хъуса... О, уый дæр уымæн сæппарын кодтон, йæ хо кæм ис, уырдæм, цæмæй бахъуаджы сахат замманай æвдисæн уа. Ныр, мæ фæнд куыд уыд, уымæ гæсгæ баздæхтæн Олямæ:

– Мæнæ ма мын æй дæ хойы хъусты раз, цас æргомдæрæй ис зæгъæн, афтæ ‘ргом æмæ цыбырæй зæгъ: æз дæуæн чи дæн æмæ цы дæн? Уæд мын ницы дзуапп радтай. Райсомы хъуыддаг, ома фидауджыты, æви минæвæртты ‘рбацыд дæуæн фæндон у, ды сын радтай бар? Кæд – о, уæд æз дæ фæндыл дыууæ нæ зæгъын, мæн ницы хъæуы дæ хъыджы бацæуыны бæсты! Мæнæ дæ кæй рахастам, уымæй раст нæ бакодтам, сæттын ыл, фæлæ мын æндæр гæнæн нал баззад. Кæд æппæт дæр райсом де ‘вастæй, æнæ дæу бафæрсгæйæ нæ цæудзæн, уæд дæ ацы тæккæ сахатыл уæ хæдзарыл в целости и сохранности сæмбæлын кæндзынæн, дæ фыд Лексийы раз мæ уæрджытыл æрлæудзынæн æмæ дзы стыр хатыртæ ракурдзынæн. Мæнæ Зарæ не ‘вдисæн: ацы дæсфынддæс минуты дæргъы дыл æцæгæй дæр ахæмæй ницы ‘рцыд, цæмæй сæ дзыхы радавинаг уай дамдумгæнджытæн, хахуыруарзджытæн...

Дурау æгомыгæй бады. Йæ цæсгомы, йæ цæстыты ахастæй дæр дын цавæр хатдзæгтæ скæнон, куынæ йын сæ уынын ацы куырмæджы, уæд?! Фæлæ уырыссæгты дзырдбаст ме ‘нцой æрбалæууыд, ома, молчание – знак согласия, зæгъгæ.

А-гъа, ацы хъуыддаг уал, мæн куыд фæнды, афтæ мæ пайдайæн цæуы, мæнырдæм фефсæрста, фæкъул. Ныр нæ æндæр сагъæс æрбаййæфта, батардта нæ къуыммæ: цы фæкæнæм скъæфт чызджы? Йæ хиуæттæ нæ милицæимæ агурдзысты, æмæ мах та афтæ кæм бафæсвæд уæм, цалынмæ сын æй нæхæдæг нæ фехъусын кæнæм, кæмæ бафысым кодтам, уый, уæдмæ нæ куыд не ссарой. А, хæдæгай, Зарæ нæм куы хъусы!..

– Æз æй ныккæндзынæн сæхимæ, – загъта Калоты Дзамболат. – Нал ис уæлæуыл, рухсаг уæд. Домбай, уæнгджын лæппу уыд.

– Мæнæн цæуын, фæлæ лæууын дæр нæу мæ бон мæ къæхтыл! – загъта Зарæ.

Тыхтæй-амæлттæй йæ ‘рхизын кодтой зæхмæ – ныддæвдæг Оляйыл, – æмæ йæ Дзамболат йе ‘ккоймæ сæппæрста, сывæллоны нæ, фæлæ хъомыл чызджы – цыдаид ыл цыппæрдæсфынддæс азы, абон дæр ма сæрæгас у, цæрæд, чи йæ уарзы, уыдоны фæндиаг. Мемæ дæр уыцы бонты фæстæ бахæлар... О, фæлæ, дам, мах цурмæ куы ныххæццæ сты, уæд Зарæ Дзамболаты æккойæ рагæпп ласта æмæ нын дурадзагъдæй нæ рудзгуытæ ныддæрæн, ныппырх кодта.

Адæм æцæг фæдис уæд фесты. Æмæ хъæуыл уац ахæлиу: Кучиты Бибойы студент фырт Хетæггаты рæсугъды аскъæфта, дæлæ йæ зæронд уарзон Оляйы – сывæллонæй нырмæ йæ хъавд уымæ уыд, уымæ! Гъемæ цары – фиу! Сæ амонд – иу!

Ныр дын Аслæнбеджы хуызæн сæрæнгуырды цæстытæ дамбацайыл æрхæцой, ноджы ма мæ браунингау тæхудиаг хæцæнгарзыл! Ратдзынæн ын нæ ныхасгонд 600 сомы, æви йын Сырдоны æфсæнттæ кæндзынæн, – хæстæ фиддзынæн райсом, зæгъгæ, уый Джызæлы хъомгæсы катайау у, ливор та – мæнæ! Стæй цæттæ кусæрттаг фыс дæр уалæ йæ гыффæйы, Чермены цъæх цæссыгæй дæр дзы ноджы æнæхъæн дæс литры – цы ма уыдзæн æдылыдæр ми, уыдон ауадзынæй! Дæхи дзы æнæхай фæкæнынæй! Стæй, иугæр уæздан дæ – уæд кæронмæ, уæд æххæстæй, æнæ къахыргондæй!

Æмæ:

– Цы дæрдтыл тæрхæттæ кæнæм, цы?! Цæмæн уæ хъуамæ агурой милицæ мæ хæдзары – чи у Течиаты Аслæнбег Кучиты Эльбрусæн? Ничи! Иуырдыгæй дæр ницы бавæййынц кæрæдзийæн... абоны онг! Ныræй фæстæмæ хъаймæты æфсымæртæ кæй уыдзысты, уый та нырма нæхицæй дарддæр

ничи зоны! Æмæ уæдæ – нæхимæ! Горæты Æрыдоны номыл фæтæн уынгмæ!

Нæ зæрдæмæ фæцыд Аслæнбеджы уынаффæ. Уый уыд раст 5 октябры мин фарастсæдæ цыппор æхсæзæм азы.

Цы афон уыд? Бон нæма ‘рбацъæхтæ, фæлæ йæм бирæ нал баззад. Иу æрыгон сылгоймаг нæм æд цырагъ рацыд, Аслæнбеджы бинойнаг, æмæ Оляйы йемæ мидæмæ акодта. Мах хæдзары, ома, сæ сæрдыгон хæдзары, байдзаг стæм. Чи нæ кусарт кæнынмæ фæцис, чи цæмæ. Иу афон – бон æрбарухс уæдмæ, – æз хъусын, зæронд ус йæ фырт Аслæнбегмæ куыд хæцы, уымæ. Кæйдæр кой йын скодта, æвæццæгæн, се ‘ввахс хæстæджытæй уыдаид, æмæ, дам, уый нырма æрæджыты куы аивгъуыдта йе ‘цæг дунемæ, нырма йын хист дæр куы нæма скодтам, уæд, дам, мын чындзхасты æгъдау кæдæм ме ‘ккой кæныс?! Фæлæ сæхи уæддæр ахæм уазæгуарзон, ахæм уæздан æмæ ирон æгъдауджынæй равдыстой, æмæ –дзыллæтæн фæзминаг. Иннæ ахæм сæ сыхæгтæ дæр.

Чидæр нын фехъусын кодта бонæй, милицæ, дам, æй цыдæр æгъдауæй базыдтой, скъæфт чызг кæмæ ис, уый æмæ йæ байсынмæ ‘рбацæудзысты. Æмæ нæ уæд нæ фысымтæ сæ сыхæгты быгъдуан бакодтой. Гъемæ сæм цыма Ставд Дуртæй, буцдæр зæгъæн нæй, ахæм буцгæнинаг уазджытæ сæмбæлд, раст нæм уыйау рæдау цæстæй ракастысты уыдон дæр! Иу милицæ дæр куы нæ æрбафæдис, уæд та Течиатæм раздæхтыстæм.

Ныр-иу нæ лæппутæ сæхи сæ алы хæстæджытæм бафснайдтой, изæрыцæстыл та-иу мæ курдиатмæ гæсгæ хъæумæ сусæгæй ныццыдысты хабæрттæ зонынмæ. Æртыккаг бон сæ æз нæ хъæусоветмæ арвыстон, цæмæй хъæуыхицау Дзапарты Мысостæн, мæ хорз лымæнæн, бамбарын кæной уавæр. Уый дыккаг бон изæрырдæм горæтмæ йæ секретары, Хетæггаты лæппуйы, сæрвыста æд мыхуыр. Оляйæн йæ хæстæг æрвады. Æрдзæй сахъат рахаста, къуылых цыд. Гьемæ нын уый, цы хъæуы, ахæм гæххæттытæ сарæзта. Ныр, Музыкалон театр абон кæм ис, уырдæм хæстæг ме ‘мхæрæфырт цард. Уымæ балидзон, зæгъгæ, афтæ йæ кæмæйдæр базыдтон, милицæ, дам, сæм баджигул кодтой æмæ ма сæм сæ хъус дарынц.

А-гъа!

Æмæ уæдæ ‘ппындæр нал æмбæхсæм!

– Фарæстæм октябры – нæ чындзæхсæв!

Цы нын бантыст, уымæй нæ цин сбæрæгбон кодтам. Хетæггатæ нæм нæ фæзындысты, бафидауыны зонд сæм æхсæз мæйы дæргъы не ‘рцыд – нæ хатджыты та нын-иу æнæ разыйы дзуаппæй рарвыстой. Ныр æз та куыд сарæзтон мæ цард? Мæ ахуыр, ай-гъай, æрдæгыл нæ уадзын, фæлæ сабатизæр хъæумæ ‘рцæуын, хуыцаубоны нæхимæ фæвæййын æмæ куы уыцы изæр сыздæхын ме ‘мдзæрæнмæ, куы та къуырисæры комкоммæ ахуыртæм. Оля кусы. Æз ын фæзæгъын, цы мызд исыс, уый дæхиуыл æмæ дæ хæдзарыл фæлхас кæн, зæгъгæ. Уый бахуды, кæцырдæм, дам, дзурыс... Бирæ, æгæр бирæ тухитæ бавзæрста уыцы æртæ азы, цалынмæ ма æз ахуыр кодтон, уæдмæ. Цы мын æнтыст нæ фæстæдæры царды, уым ын сæ бафидыныл архайдтон, хъардтон мæхи ууыл. Æмæ мæ цыма хъæстагæй нæ ацыд йе ‘нусон рухс бынатмæ...

– О, кæд, зæгъын, уал мæйы фæстæ дæр Хетæггатæм хатыр нæй, сæ зæрды немæ бафидауын нæй, уæд сæ сæхи бар ныууадзут, мауал сын лæгъстæйаг ут! Фæлæ мын, сæхи мыггагæй дæр мын цы хорз æмгæрттæ уыд, уыдон дзырдтой, нæ хистæртæ дæр, дам, фыццагау хъæддыхæй нал сты уæ ныхмæ, æмæ та нæм сминæвар кæнут иу-дыууæ хатты. Сразы дæн. Æмæ æцæгдæр фæтасыдысты, бафидыдтам ирон æгъдауыл фидыдæй.

Цы ма мæ фæцæйрох кодта Оляйы уæдыккон фыдæбæттæй... Хъæу ма хъæу уыд, фыццагон ирон хъæуы æфсæрмытæй ма бирæтыл æнувыд. Æмæ-иу, ног чындзæй куыд кодта, афтæ таиу Оля сæумæдæвдæгæй, цæуæг-змæлæг цалынмæ нæ зынд, уæдмæ нæ уынг иу фисынæй иннæмæ ныммарзта. Мæ фыдыфсымæры ус нæ-иу куы бабæрæг кодта, уæд уымæн дæр йæ иударон ныхас ахæм сси:

– Оля, уæ уынг мæм цыдæр æнæфснайд фæкаст!..

Æмæ та Оля мæрзгæ, æфснайгæ, аивтæгæнæг. Æмæ ‘рмæст уый уыд ахæм сыгъдæгуарзон? Нæ, хъæуы чызджытæ æмæ чындзытæй йæхи иуварс ничи ласта, бынтон хъæдынастæу, хъæдынкъух ма уæд, æндæр.

Цот зæгъыс? Ома уал азмæ нын нæ рантыст цот? Нæ, нæ, æз ахæм зондыл хæст уыдтæн æмæ йæ уымæн дæр фæзминаг скодтон: цалынмæ æз куысты ныллæууон æмæ хæдзармæ исты мызд хæссын нæ райдайон, уæдмæ уыцы хабар хъуыддаджы нæ цæуы – нæ цоты мамæлайы къæбæрæй нæ хæсдзыстæм! Фаг фæуæд, нæ дыууæ дæр æвæрæз, æвадат царды уавæрты кæй байрæз-

тыстæм, нæ бинонтæ алы чысыл фæлхасыл дæр стыр сагъæсты цæугæйæ.

Ралæууыд 1949 азы сæрд. Паддзахадон фæлварæнтæ радтон æнтыстджынæй æмæ июлы кæрон мæ тъæпп Малгобечы ссыд – 1-æм августæй фæстæмæ райдыдта мæ дохтыры куыст. Куы ма йæ загътон, æртæ уаты кæм уыд, уыцы фатерæй нæм Оляимæ иу уат æрхаудта – иу зæронд стъол æмæ дзы нарæг сынтæг, иу лæгæн дæр уынгæг – «шахтеркæ» йæ хуыдтой. Бандон та иу дæр нæ. Мæнмæ студентæй нырмæ цы фанерæй конд цыппæрдигъон чумæдан уыд, уый-иу, сынтæгыл фæрсæй-фæрстæм бадгæйæ, нæ размæ сæвæрдтам æмæ нын хæргæйæ стъолы бæсты уыд. Бонцухæй хъайла кодта Оля – иуæй æнцондæр акæнæн у, иннæмæй та нæ рæбыны гæдыйæн дæр асдæринаг æндæр ницы разындаид...

Куыд нæ зонын иуцасдæры бæрц адæймаджы удысконд дæр, фæлæ йыл дис кæнынæй дæр нæ фæллайын, ноджы ма хорз лæг æрхъуыдымæ куыддæр къуырма куы уа, цыдæр оцанигонд, уæд. Мæ удæй бацыдтæн, æнæзивæг архайын, йæ ныхас ын – ома хицауæн – æрдæгыл ацахсын, уисæнгæнæг, коммæгæс ын дæн, уый та... Уæд скълад йæ тæккæ дзаг алы бандæттæй, уæрæх сынтæджытæй æмæ... æмæ... Уæд цы хабар у?! Бафæрс дæ ног кусæджы, дæ хæдиваджы, стæ-ма, цы уавæрты дæ ‘рцæрын кодтой, зæгъгæ, æмæ...

Нал дæ фæрсын дæ иннæ эпиграммæтæй дæр – гæнæн æмæ сæ амалæй кæд искæд радзурис, абон та уал дын дзы иу къорд адæмы размæ рахæсдзыстæм.

– Цас цæхджын æмæ цывзыджын эпиграммæтæ мын сты, фæлæ дæ бахъуыдысты æмæ... Сæ иуты райгуырд бæлвырд цаутимæ баст у. Бадæм дын æмбырды, тæрхæттæ кæнæм нæ фыртыхстæй: мæйгæйттæ адæм сæ мызд нæ исынц, республикæйы финанстæ зарынц романстæ, нæ хъуырмæ систæм алы æдзæллæгтæй. Уалынджы дын нын нæ дуар байтыгъдæуыд æмæ нæм фæхæрзæггурæггаг чидæр:

– Наши покорили Эверест!

Экспромтæй дæр ма цырддæрæй фегуырд мæ сæры æмæ йæ срæцыгътон – куы ма йæ фыстай:

Нам надо бы на стенку лезть,
А лезем мы на Эверест!

Мæнæ ацы дыууæрæнхъон та иумæйаг философон цыма у, царды бындурон уавæрæй сæнтыст:

Фæсмон æмæ дызæрдыгæн сæ куыст:
Зæрдæйæн хъамайы рæхуыст.

Ацы цыппар рæнхъы та уартæ æндæр дуджы цот сты, лæгыл ма къулыбадæг хъæлдзæг ныхæстæ куы фидыдтой, уæдыккон. Иу зындгонд поэтæн сæ телефонæй дзырдтон, стæй дын сæ йæ чиныджы куы фенин – æгайт-ма мæм, зæгъын, ис мæ рæбыны мæнæн дæр, цы мæ амырхай, уый!

Дыууæ рæсугъд бæлоны
Скодтой ахстон чызгайы роны:
О, уыцы риутæ, о, уыцы риутæ!..
Сæ уындмæ тайынц мæ цæсты фиутæ.

Кусгæ ма куы кодтон уалæ сæрмагонд рынчындоны сæйраг дохтырæй, уæд-иу уырдæм нæхицæй фистæгæй цыдтæн Фæскомцæдисонты паркыл. Æмæ-иу ам арæх бамбæлдтæн мæ хорз зонгæ лæгтыл – тезгъо-иу кодтой райсомы сыгъдæг уæлдæфæй сæ рæуджытæм фæкæсынмæ. Исты хъæлдзæг хабæрттæ ма нын ракæн, зæгъгæ, та мæм-иу æрхатыдысты. Уæд дзы иуахæмы сæ хистæры фæрсын, нæ мæм, зæгъын, фæхæрам уыдзынæ, цы эпиграммæ дыл ацъапп ластон мæнæ ацы тæккæ минутыл, уый æппæтæн дæр куы радзурон, уæд. Æмæ, дам, мур дæр нæ, æгайт-ма, дам, уый аккаг фæдæн...

Фæлæ йын уæддæр йæ ном ивын – рухсаг уæд, аивгъуыдта æцæг дунемæ...

Зæгъ-ма, Бола, куыд у дæ гæпп,
Дæ зæрдæ ма сæм райы?
– Æрмæст ма сæм фæкæнын хæпп,
Æндæр дзы ницуал уайы!

Æцæг дæр мæм нæдæр зулдзæст фæцис, нæдæр зулдзых. Арæх-иу уыцы лæгтæ мæ ныхæстæ сæхæдæг дæр сфæзмыдтой.

Уæдæ, Камалмæ дæр кæй ис ацы рæнхъытæ, хæлæг, дам, кæнын мæхимæ, ахæм чызг кæй уарзы, зæгъгæ, уый зондзынæ.

– Зонын.

– Гьемæ йын сæ фендæрхуызон кодтон – йæ юбилейы куывды йын сæ радзырдтон йæхицæн дæр:

Камал хæлæг кæны йæхимæ,
Ахæм чызг кæй уарзы!

Бæргæ йæ бакæнид сæхимæ,
Фæлæ йæ Дзасохон нæ уадзы.

Ацы ныхæстæ та мын иу кæйдæр удысконд балæвар кодта, æцæг чи у, уый нал амонын:

Дæ зæрдæйæн йæ рæбинагдæр къуымы
Цы дзы ис уа-диссаг æмбæхст?!
Цыфæнды байтауай дæ хуымы –
Хæмпæлгæрдæг дзы ‘рзайы ‘рмæст!

– Стыр бузныг, Эльбрус, уал æмæ мын уал сахаты кæй быхстай, уый тыххæй. Иу хатт ма дын ацы арфæ дæр кæнын: фылдæр дæ чи уарзы, сæ ахсджиагдæр кæмæн дæ, уыдоны фæндиаг дæ сæдæ азы æфцæгæй акæс-афæлгæс дунейы цардыл æмæ дын-иу фехсызгон уæд йæ уавæр!

2014 аз

Фæсныхас: Нын дæр та нæ бантыст уацау æххæстæй рауадзын – кæд искуы Хуыцауы фæндонæй æнæхъæнæй фæзынид чиныджы хуызы.

Г. Б.

БИАЗЫРТЫ Кромвел

КАСТИ МÆ ФÆСТÆ ХУР

БÆРЗ

Иунæг Стыр Хуыцауæн
арвы бын
хуыздæр бæлас
скæнын
бантысти.

Зары,
зары сæрдæй-зымæгæй
бæрз.

* * *

Хурыскастмæ
Атан
йæ комулæфтæй
малусæг –
дидинæг –
схаста
Аманæн.

У-у-у-у-у-у-у,
тæгæр кæрдæгмæ дзырдта:
Аманыл скасти хур.

* * *

Изæр кодта,
дойнагдуры улæфт
фæуазал.

Урс балы сыф
гæлæбуйы фæстæ
бæрзондæй
йæхи Леуахийы сæр-сæрмæ
айста нæ кæртæй.

Дыууæизæрастæу
мæ зæронд мад
йæ халсарты хуымтæй
фæстагмæ
суæгъд и,

æмæ йæ дыргъдоны сомыккон
тыллæгыл,
фæззыгон уарынтыл
мемæ зæрдæбынæй дзурынмæ
срæвдз и.

Мад дугивгъуыд нæ кæны зæрдæйæн,
зæринхуыз хризантемæйау, фæззыгон хурау
уæлдай æхсызгон у йæ уынд, йе ‘ндæвд, зæрондæй.

* * *

Фæци,
рæстытæдзурæг
дзæгъындзæгау,
фæззæгæн
йæ дзуринæгты
афон.

Фæци,
рæстытæхынцæг
диттутгæнæгау,
йæ бонтæ
нымайын
фæззæг.

Æмæ мæ бонты бонтæ æрлæууыдысты
мæ цæсты раз:
мæ арвыл – забад,
зауат – мæ зæххыл.

* * *

Булгъур
æрæгвæззæджы
уарыны размæ
хур
буцийау
бæззон бæрджытæ
ныууагъта
Дзæуæджыхъæуы.

Мæ бынат Алондоны был зонын,
къуыдыр куыдзау,
æмæ къæвдайы, парапетæнцой,
зурадоры ныхмæ
дæргъвæтин саудалынгты хуыскъ хурыскастмæ лæууын.

* * *

Зæрин дзыккуджын
изæрæй
базмæлыди
æстдæс къайæ симджыты
змæлдау
бæрз.

Ныгуылди хур. Æнкъуысти фæззæг.
Райдыдтон æй æнкъарын –
кæнынц мæ цæрæнбонтæ къаддæр.

* * *

Мæ моны чегъре,
мæ мад-мæ фыдæй

Чидæр,
абонваг мыл рабон,
рахур,
уæддæр нæ дæн
мæ чемы:
ацæуон-цæуон,
æмæ чердæм,
баззайон,
æмæ чиудзæрдæйæ
чемæ?!

Чидæр мыл ныккуыдта,
Чидæр мыл ныххудти.

* * *

Дзыккуйы уылæнтæ,
æнæкæрон
æрвон у
сылгоймаг.

Денджызы уылæнтæ,
æнæкæрон
арвыдзаг у
денджыз.

Хуымгæнды уылæнтæ,
æнæкæрон
арвы фæдзæхст у
хуымгæнæг.

Алондоны уылæнтæ,
æнæкæрон
Арвыкомæй у
Алондон.

Мæрддзыгой-уылæнтæ,
æнæкæрон
Арвы амынд у
кæрон.

* * *

Ныссырх,
ныссусæг
скæсæн:
хурзæрин йæ гуыдын кодта
мæ зынгхуыст изæры
судзгæ сыгъдæг
бæрæгбонæн.

Кодта. Кодта. Кодтой
тæгæр, хæрис, бæрз
кæрæдзийæн тæфæрфæсæй мæ кой.

* * *

Гаглойты Тъатайы фæлмæн фырт
Кадысуаны рухсæн

Мæхийау,
зæрин зиантæ æййафæг
хуримæ,
сæркъулæй,
фæззæгæн
йæ кæроны сæфтмæ
изæрæй иумæ кастыстæм.

Хæрзбон!
Ме ‘рдхорды зæххон фæндаг бабын,
фæдæлдзæх.

* * *

Прис-хохæн
иу райсом загътон:
«Хæрзбон».
Мæ Хохмæ
нæ разынди
æппын
ницыхуызон
мæнæн,
бынбауинагæн,
дзуапп.

Æз араст дæн,
ацыдтæн,
цыдтæн æмæ цыдтæн.
Хохæй касти æппынæдзух мæ фæстæ хур.

* * *

Ныуулæфы
дыууадæс,
дыууадæс æвзагджын фæндырау,
фæззæг:
мæлхъы къудийау,
аззайы
иуафон
сагъдау;
арæдзæ-мæдзæ кæны
хурмæйы мæкъулæгау,
стæй фæстæмæ,
тæгæры тъаффæйæ
сæ мады рæхсад
сырх хъулон
къабаты,
Уадæхсины байзæддаг
чызджытимæ
рæсуг Алондоны уылæнтыл
Дзæуæджыхъæуæй
атындзы
фæззæг.

Фæскъуылдымтæй фæззæг
кæмæдæр баздæхти: «Хъæбул!»
Афтæ-иу дзырдта мæ хистæр æфсымæрмæ нæ мад.
Фæскъуылдымтæй фæззæг
кæмæдæр баздæхти: «Мæ амонд!»
Афтæ-иу дзырдта мæ уарзон сылгоймаг кæмæдæр.

* * *

Баззайы поэзи,
уымæн æмæ цæры
хохы цъуппыл
их æмæ хуры цæстимæ, –
зæддаг.

Баззайы поэзи,
уымæн æмæ цæры
денджызы был
уылæн æмæ цикъадæимæ, –
зæддаг.

Баззайы поэзи,
уымæн æмæ цæры
зайлаг марæгæн
йæ армы цыкураимæ, –
зæддаг.

* * *

Уалдзыгон
Алондонæй
мæймæ
Дзæуæджыхъæуы донхæрисыл
хæрдмæ змæлыди
йæ мидисы цыренæй
аргъау.

Хорз у æмæ Дзæуæджыхъæуæй
æндæр дунемæ азмæлыди аргъау, –
йæ кæрон вæййы амонджын.

СКИФИРОН

ДАМБАЦА

Радзырд

Сгуыхт артист Битарты Зурабег, бæрзонд, бæзæрхыг лæг, премьерæйы фæстæ уайтагъд сæхимæ цæуыныл фæцис. Грим куыд тагъд систа, ууыл йæхæдæг дæр бадис кодта. Цардис цъындауафæн фабрикæмæ æввахс, дзæвгар бауайын æм хъуыдис, фæлæ таксистæн уæддæр загъта: «Сындæгдæр скъæр. Дæ хъыджы нæ бацæудзынæн». Йæхи фæстæуæз ауагъта æмæ æдзынæгæй кастис авгсæрфæнтæм. Галиуæрдæм-рахизæрдæм, галиуæрдæм-рахизæрдæм... Арв гыбар-гыбур кæны, тынгæйтынгдæр уары. Бондæргъы æнтæф æмæ рыджы фæстæ асфальтæн дæр сатæджы хос фæцис къæвда. Дымгæйы уынæр æмæ уарыны сæх-сæх бæлæсты мидæг сиу сты. Машинæтæ, сæ цырæгътæй тыхкаст кæнгæ, хуылыдз хъыррыст кæнынц дыууæрдæм. Авгсæрфæнтæ та, фæллад хосдзаутау, æнæудæнцойæ кæрдгæ-ссивгæ цæуынц: галиуæрдæм-рахизæрдæм, галиуæрдæм-рахизæрдæм...

«Æртæактон, фараст нывон историон-революцион драмæ... – гæзæмæ йæ былтæ фезмæлыдысты Зурабегæн. – Хорз æй айстой адæм. Хуыздæр ма уæдæ цы вæйыы?! Дидинджытæ, æмдзæгъд, бис...» Уæлдай цин кодтой Зурабег æмæ пьесæйы авторыл дæр. Банкетмæ кæй нæ ацыдис, уый тыххæй æнæфæхъыг нæ фæуыдаиккой

йе ‘мбæлттæ... «Цæй, ницы кæны – æнæ афтæ дæр нæ вæйиы... Нæ, дам, дын бадардзыстæм, фæлæ та мæхицæй дæр, айрох уыдаид мæ игæр...»

Зурабег хъазыдис мидхæсты хъайтар Битарты Солæманы ролы. Уый уыдис Зурабегæн йæхи фыд. 19-æм азы йæ деникинонтæ амардтой. Æрмæст куыд æмæ цыхуызты æрцыдис ацы фыдбылыз, уый нырма дæр æххæст бæлвырд нæу. Пьесæйы автор æй равдыста романтикон уавæрты: Солæман цалдæримæ лæгæйлæгмæ тохы фæцæф вæйиы. Чидæр ыл гадзрахатæй кæй рацыдис, уыцы дам-дум пьесæйы автор æмæ режиссер баивтой. Солæманыл знаджы нæмыг куы сæмбæлдис, уæд ма йæ иунæг фырт Зурабег уыдис хæрз сывæллон. Дыууыназдзыдæй йæ мад саутæ скодта æмæ сæ йæ амæлайы бонмæ нал систа. Сæ хъæдын хæдзары къулæй-иу райста хуымæтæг фæлгæты æвæрд ныв æмæ-иу, ставд цæссыг калгæ, хъарджытæ кодта. Йæ иунæг хъæбулы номыл идæдзæй фæбадтис дыууиссæдз азы. Хъæуы сын цы æнæбары бындуртæ баззадис, уыдон Зурабегæй нæ ферох сты – абæрæг-иу сæ кодта. Иу ахæм рæстæджы йæ фыды ныв рахаста йæ сахайраг фатермæ. Зына-нæзына хицæн кодта йæ фыдæй – йæ ных уыдис фæтæндæр, уый йеддæмæ цæрмыстыгъд бакодта Солæманы. Зурабег уый тыххæй сæрыстыр уыдис йæхицæй.

«Пьесæ мæнæ сирджытæй нæу. Мелодраматикон æмæ дзы риторикон ситуацитæ ныррæдзæгъд кодта нæ иударон драматург. Фæлæ сæ кæсджытæ айстой, бауæндыдысты та сыл... Фырт йæ фыды ролы кæй бацыдис, йæ фыды фæлгонц кæй æвдисы, уымæй цымыдисагдæр ницыма федтаиккой нæ театры. Уый нæй, уæд, чи зоны, спектакль йæ астæу дæр не сраст кодтаид...» Зурабег йæхæдæг дæр ацы ролы ссардта цавæрдæр сфæлдыстадон хъару. Рагæй æнхъæлмæ кастис ахæм æнтыстмæ.

Таксийы шофыр тамако сдымдта æмæ бахатыдис Зурабегмæ дæр. Уый дымгæ нæ кæны, фæлæ дзы йæхи аирхæфсы. Суанг ма амæйразмæ фæсарæнтæй дæр æрбаласта америкаг сигареттæ...

Атæппæт дидинджытыл бацин кæндзæнис Уæричкæ – йæ бинойнаг. Зурабег æмхиц нæу дидинджытæм йеддæм, фæлæ сæ йе ‘фсины тыххæй æлхæнгæ дæр бакæны. Ныр та йын сæ адæм радтой. «Афонмæ та мæм дæс-фынддæс хатты æрбадзырдтаиккой телефонæй – саккаг, зæгъ, кæн авторы цæлы фынгмæ. Уæричкæ та сын мæ низы хабæрттæ лæмбынæгæй фæдзырдтаид...»

– Уæртæ уыцы светофоры цур дæлæмæ фæзил... Мæнæ ам та рахизæрдæм æмæ комкоммæ...

– Кæцы хæдзар у?

– Далæ тæккæ бæрзонддæр.

«Уæричкæ йæ цæмæй зоны, арфæгæнджыты æхсæн удхæссæг кæй федтон – мæ фыды марæг кæй æнхъæлынц адæм, уый æнгæс кæйдæр. Къæдз лæдзæгыл йе 'фсæр æруагъта æмæ цавддурæй бадтис. Хорз уыдис, æмæ йæм хъазгæ-хъазыны нæ фæкомкоммæ дæн. Цалдæр хатты йыл хæрхæмбæлд фæдæн – куы театрмæ æввахс, куы нæ кæрты. Афтæмæй та, мæн ауынгæ, æвиппайды йæхи айсы. Мæ хъуыдытæ, ме 'нкъарæнтæ мын сæмтъеры кæны йæ иу фендæй дæр...» Солæманиты деникинонтæн чи ауæй кодта, ууыл ныр æстай азмæ æввахс цæуид – ай та Зурабегæй хистæр хъуамæ ма уа. Уый ныр мæрдтæм иу къахдзæф дæр нал хъæуид, фæлæ æртынæм азты кæронмæ йæ гадзрахатæй цыдæртæ хъуысын райдыдта – цæуылдæр фæхъæлæба ис йæ кæддæры æмхуызонтæй иуимæ. Сæ дыууæ дæр ахæстоны смидæг сты, фæлæ Цобейы фырт Егар (йе 'цæг номæй – Егор) – Солæманиты уæйгæнæг – йе 'мхуызоны ныххурх кодта æмæ алыгъди, зæххыскъуыды аирвæзтис. Турчы арæнмæ æввахс ын хæстæджытæ уыдис, фæлæ йæ уым дæр нал ссардтой. Йе 'рцахсынæй дыууæ азы раздæр йæ сæрæй дуæрттæ кодта чиныгуадзæнмæ – Солæманты къордыл фыст монографийæн йæхи хъардта разныхасы авторæй. Цæмæннæ, уый бæрæг нæу, фæлæ йын дзы ницы рауадис...

Зурабег тынг не 'ууæнды ацы рагон кæйттыл: искæй тæригъæд райсын, искæй тæригъæды бацæуын дæр уæззау хъуыддаг у – хатгай лæджы ном æнæаххосæй дæр сдзырддаг вæййы... Уæддæр ацы къуылых лæджы иу фендæй дæр йæ тугдадзинты цавæрдæр хъæстæ туг анхъæвзæнтæ кæны. Кæм ис, цы фæуыдаид Егар? Чи зоны, йæ сæр кæдæм фесæфта?.. Æниу, ахæмæн даргъ цæрæнбон вæййы – кæлæддзаг зæрондæй дæр йæхи дæрдты фæласы йæ ингæнæй. Йæ фырт та – ам ын цы иунæг фырт баззадис, уый фронтæй нал æрыздæхтис: нæдæр дзы хабар, нæдæр сау гæххæтт...

Къæвда ноджы фæкарздæр ис. Бæстæ уырдыгмæ æрхаудта. Шофыр баскъæрдта хæдзары тæккæ размæ. «Хорз уыдис, æмæ Уæричкæ нæ ракуымдта мемæ... Æнæмæнг мæ сразæнгард кодтаид уыцы банкетмæ. Кæронмæ фæбадтаид мæ цуры, бæлвырддæрæй

та мæн æмæ агуывзæйы æхсæн. Афтæ фæлладæй дзы мæхи уромгæ дæр кæдмæ бакодтаин?!»

Зурабег йæ дзыппы йæ къух фæтъыста æхца агурæг. Йæ мæрдты удхæссæг уыны уыцы абазийы хуызæн сомтæй. Æрдæбон буфеты дон баныз та æмæ йæм дзы фæстæмæ дыууæ ралæвæрдтой. Ныр сæ шофыры къухы ныссагъта – иу, дам, дын дзы уæлæвæрæн. Рахызтис, йæ дидинджытæ йæ хъæбысы, афтæмæй. Иу ран лæууыдис, цалынмæ такси фæаууон ис, уæдмæ, æхсызгон ын уыдис къæвда – къæвдамæ алæууын... Иухатты лæппу ма куы уаид, уæд йæ хæдон дæр, йæ шляпæ дæр феппарид... Фæлæ ма цæй иухатты лæппу у? Спектаклы дæр хъуамæ æвзонгдæр исчи хъазыдаид, фæлæ, дам, æнæмæнг ды хъуамæ уай Солæманы ролы – уадз, иучысыл, дам, асдæр рауайæд... «Ды дæр æй дæс-дыууиссæдз азы размæ нæ фыстай дæ пьесæ, фæлæ ныр!..» уайдзæф дæр ма бакодта драматургæн. Уый нæ фæхъыг ис – фынддæс азы размæ нырма фыццаг курсы ахуыр кодта.

Зурабег уайтагъд бахызтис хæдзармæ – исчи афтæ куы зæгъа, йæхи цæмæ хуылыдз кæны къæвдамæ, уый тасæй. Дидинджытæ ма уарынмæ кæй бадардта, ууыл йæхæдæг бацин кодта, афтæмæй хæрдмæ фæраст асинтыл. «Æвæццæгæн, сентименталон кæнын байдыдтон. Зæронды ‘рдæм, дам, афтæ вæйыы. Фæлæ чи у зæронд?! Æрдæбон мæм къæмдзæстыгæй чи кастис йæ губаккимæ, уымæн цæуылнæ загътон: «Кæй уæ райсон – дæу æмæ дæ губаккæй? Цы хъауджыдæр уæ ис?!» Сæ атомон æнусæй бирæ дæр æппæлæнт, фæлæ-иу зæрдæрисгæ спектакльты сæ цæссыгтæ ма ‘мбæхсæнт...»

Дуар ын бакодта Уæричкæ, Зурабег æй зыдта, ацафон сæ гыццыл чызг фынæй кæй вæйыы. Хистæртæ – чызг æмæ лæппу – Мæскуымæ афардæг сты æмæ уым ахуыр кæнынц. Азауыл ныр аст азы цæуы, йæ мад та йæ скъоламæ дæр, дуканимæ дæр иунæгæй нæма уадзы – дыууæ дæр сæ цуры сты, афтæмæй. Зурабег та йæ рагæй нал æнхъæлы сывæллон – дзуапхъом ын куы фæцис, уæдæй фæстæмæ. «Папочкæ, нырмæ кæм уыдтæ?»-йæн арæх вæйыы ахæм дзуаппытæ: «Режиссер нæ фæстаг нывы мизансценæтæй нæ хъуырмæ скодта», кæнæ «премьерæйы размæ нын генералон репетици уыдис – æппæт реквизитимæ». Уæричкæ йæ зоны, йæ лæг барæй ахæм æвзагæй кæй фæдзуры сæ чызгимæ, фæлæ Азау та райгонд вæйыы, кæд æппындæр ницы бамбары, уæддæр. Йæ мады сусæгæй йæ Зурабег дуканимæ дæр

арвиты, скъоламæ дæр æй ауадзы. Ам театры уа æви гастрольты искуы – афтæ аныгъуылы йæ куысты, æмæ бинонты мысгæ дæр никуы ‘ркæны. Уæричкæ никуы æрулæфы Зурабеджы æрцыдмæ – æнæуый дæр куыстæй фылдæр цы ис хæдзары мидæг сылгоймагæн?!

– Азау фынæй у?

– Мæ мад ам уыдис æмæ йæ йемæ акодта – хуыцаубоны, дам, æй фæстаг автобусы искæимæ рарвитдзынæн. Гæртам дын æрхаста – зымæгмæ цъындатæ! Йæхæдæг сæ сбыдта.

Зурабег ницыуал сдзырдта. Раст куы зæгъа, уæд сын Уæричкæйы мад схъомыл кодта сæ дыууæ хистæры дæр æмæ Азауы дæр, кæд æй нырма сывæллон хоны йæ мад, уæддæр. Иунæгæй дæр ын зын у, уæдæ цы у зæронд усæн. Хъæуы ма чи лæууы! Сахарæй та хъæумæ афтæ арæх цæугæ чи кæны. Айдагъ фæндонæй дæр кæм у – Зурабеджы бæргæ рагæй фæнды йæ фыды уæзæгыл иу къаннæг хæдзар саразын, йæ зæры бонтæм йæхи бацæттæ кæнын, фæлæ йын ницы æнтысы. Уæричкæйы мад ардæм нæ комы, нæ, дам, дæн магуса цардыл ахуыр. Мæ бындуртæ, дам, кæмæн ныууадзон. Чи, дам, мæ зоны сахары. Кæд сæм зымæгон иу-дыууæ мæйы æрцæуы – фылдæр хатт йæ мæллæджы рæстæджы, уый йеддæмæ йæ фæллойы муртæ никæй æвджид уадзы. Йæ фыдæбонæй та йæхæдæг ницы уыны – цыхтæй, царвæй, каркæй, дыргъæй сæ ардæм хæссы, ардæм æрвиты.

Цалынмæ Уæричкæ дидинджытимæ архайдта, уæдмæ Зурабег йæ пæлæз фелвæста. Æрцауыгъта йæ, фæлæ æваст цыдæр фæхъуыды кодта æмæ йын йæ дзыпмæ февнæлдта. Æрдæбон æхца куы фыста, уæд цавæрдæр хъæбæр æмæ уазал дзаумайыл аныдзæвдис йæ къух æмæ уый æрбалæууыдис йæ зæрдыл. «Цы хъуамæ уаид?» Куыд тагъд æй айрох кодта æрдæбон? Æндæргау хъуыдыйы цыдæр фæд аззадис, фæлæ алыхуызон æнкъарæнтæ æрбауылæн кодтой. Цынæ зоны, ахæм дзаума кæй у, уый йæ зæрдæаивтæй уырныдта. Уайтагъд фелвæста къаннæг зæронд дамбаца. Театры сæм ахæмтæ нæй, уый бафиппайдта. Хъуамæ уал æй фæстæмæ атъыстаид йæ дзыппы, фæлæ та уæдмæ йæ уæлхъус февзæрдис Уæричкæ... Сылгоймаджы тарст хъæрмæ сыхæгтæй чидæр йæ дуар бакодта æмæ рахызтис. Зурабег дамбаца уæддæр атъыста дзыппы – нырма дæр джихæй, адæргæй – æмæ йæ бинонты сабыр кæнынмæ фæцис.

* * *

Уæричкæ йæ фыццаг æмбаргæ дæр нæ бакодта, цæмæй фæтарстис, йæ мойы къухы дамбаца ауынгæйæ, уый. Æрмæст æхсæнгарз фыдбылызы хос у æмæ бирæ адæймагæн йæ уынд дæр тых кæны. Цæмæй фæтарстаин – йæхи куы бафарстаид, уæддæр – куы мæ амара, уымæй нæ загътаид. Иухатт кæддæр ыл чысыл фæхудтис Зурабеджы зæрдæ – курорты, æниу дзы уæддæр ницы уыдис иу тæригъæддаг пъайæ дарддæр. Уый дæр кæимæ – йæ лæджы æмкусæгимæ. Цæстмæхъус ныхæстæй, адджинæгтæй йын йæ сæр разилын кодта. «Уæдæ дзы мæхи лæг кæмæй фæцис? Уæлдай хъарм ахаст мæм никуы равдыста – сæхимæ театры, стæй кинойы куыд вæййы, афтæ», – хъæууон уавæрты хъомыл æрыгон сылгоймаг æвæлтæрдæй къæм бауагъта йæ амондмæ.

Уæд Зурабеджы маст афтæ рафыхтис, æмæ-иу Уæричкæ æхсæв дæр тарстис: «Ма мæ ныххурх кæна»... Фæлæ уый раджы уыдис – уæд сын нырма зæнæгæй дæр Хуыцау ныфсытæ æвæрдта. Уый фæстæ уыцы æнаккаг иу репетицийы рæстæджы Зурабеджы хъуамæ хъамайæ барæхуыстаид – цалынмæ, дам, ды уай, уæдмæ кад не скæндзынæ аивады... Зурабегæй раджы ферох сты уыцы мæстытæ, фæлæ уый æцæгæй афтæ у, ууыл Уæричкæ æххæст нæма æууæнды.

Сывæллæттæн иуахæмы: «Кæмæй фестут? Мæ хуызæн уæ цæуылнæ исчи у» кæй загъта сæ фыд, уый дæр стыр катайыл бафтыдта усы... Уæддæр æй – йæхæдæг дæр æй нæ зоны, цæмæн – никуы йæ бауырнытаид, æмæ йæм йæ мой йæ къух сиса. Боныфæстагмæ йæ фæндыдис æууæндын, цыма Зурабег афтæ никуы бакæндзæнис. Уæричкæйæн йæ хъуыдыйы кæрон дæр никуы уыдис, йæ цард кæй къухмæ радта, уый афæливын, уый раз йе ‘ууæнк былкъахыр дæр фæкæнын. Уыцы æнаккаг æй уæд цæстмæхъус аргъæуттæй расыг кодта, стæй дзы æнæнхъæлæджы тыхмийæ иу пъа раскъæфта, куыдз стæг йæхи куыд бакæны, афтæ. Уæддæр Зурабегæй йæ маст исынмæ хъавыдис – йæ фырхæлæгæй, йæ фырмаргæй. Фæстæдæр ын Уæричкæ фехъуыста йæ иннæ æлгъаг митæ дæр. Йе ‘мкусджытæй, йæ хæлæрттæй иуы бинойнаджы дæр уынджы цæуын нæ ауагътаид, йæ къух ын куынæ райстаид, сæрæй-къæхтæм æй куынæ ‘рбарстаид, уæд... Ныр иу-дæс азæй фылдæр ам нал цæры, йæ ус, йæ зæнæджы ныууагъта æмæ Кишиневмæ кæдæмдæр мидæгмой адымдта...

Уыцы иу тæригъæддаг пъайæ дарддæр йæ лæджы раз Уæричкæ никуы ницæмæй фæазымджын ис, фæлæ цæрæнбонтæм тас ахъардта йе уæнгты...

– Кæй дæ уарзын, ууыл зæрондырдæм нал æууæндыс? – хъазæнæмхасæн æй фарста Зурабег.

– Уæдæ дæм кæцæй æрхаудта ацы дзаума? – йæ фарстæн ын фарстæй дзуапп лæвæрдта Уæричкæ. – Цæмæн дæ хъæуы?

– Тæрсгæ ма кæн, мæхи дзы нæ марын, æндæра хостæ нæ нуазин.

Иу афон Уæричкæйæн йæ зæрдæ фæсæххæтт ласта. Фæстаг рæстæджы Зурабег арæх кодта йæ фыды марæджы кой. Знон ма йын æй рудзынгæй дæр равдыста: «Дæлæ уый у – хуызæй, буарæй, фердæхтæй! Æрмæст æртын азы дæргъы куыд нæ аивта?!»

Уæричкæ йын уадиссаг ницæмæ æрдардта йæ ацы ныхæстæ, загъта йын: «Дæ фыд Солæман рухсаг уæд, фæлæ ныр ууыл дæр æвдай азмæ æввахс цæуид. Ацы къуылых та дæхицæй бирæ хистæр ма хъуамæ уа! Æниу, нудæсæм азæй нырмæ цас рæстæг рацыдис?!. Уый фæстæ маст рох кæнын хъæуы...» Зурабег æбæрæг хуызы йæ сæр æнкъуыста: «Хæлæрттæ уыдысты, æмæ йыл стæй гадзрахатæй рацыдис. Нæ, цалынмæ амæла, уæдмæ мæ маст ссæуа!» Цæмæн æм афтæ кастис, цыма Егар кæмдæр удæгас у, цыма уый ацы къуылых лæг у, цыма йæ фыны æгъдауæй уыны хъалæй, уымæн Зурабег ницы æмбæрста. Фæлæ уæддæр йæ маст, йæ фыдæх хуымæтæг хæрамæй дарддæр кæй нæ анкъуысдзæнис, æнæсæрфат кæй у ацы катай, кæй йыл нæ фидауы æнæаххосæй йæхи удæнцой сафын дæр æмæ йæ биноны æвирхъау тасы æппарын дæр, уый зыдта Зурабег... зыдта йæ, фæлæ – йæхиуыл нал тых кодта, йæ хъустыл уадысты æмæ йын йæ зæрдæ фæйнæрдæм скъуыдтой йæ саударæг, сидзæргæс мады хъарджытæ. Ноджы уыцы автор – пьесæйы хицау – уыцы бæлвырдæй раныв кодта Солæманы мæлæт... Премьерæйы размæ Зурабег йæхимæ æввахс нæ уагъта ацы хæццæ-мæццæ хъуыдытæ – уæд йæ бон нæ бауыдаид сценæйыл Егармæ хæлары цæстæй ракæсын. Фæлæ ныр – дамбаца ссарыны фæстæ йæ бон нал уыдис йæхи бауромын, йæ хъуыдытæ, йе ‘нкъарæнтæ схъомпал сты...

Зурабег алцы нæ дзырдта, йæ бон нæ уыдис алцы зæгъын. Уымæ гæсгæ йыл Уæричкæ нæ бауæндыдис, дис кодта: «Кæсы мæм, джих кæны, фæлæ мæ сайы, фæливы мæ – уæдæ ма сгуыхт

артисты ном цæмæн хæссы, кæд ахæм чысыл роль нæ ахъаза йæ бинонты ‘хсæн?! Зæронды бон цы æдылыдзинад сфæнд кодта... Æниу...» Уæричкæйы зæрдæ йæхи сæртæг схоста риуы къултыл, цавæрдæр ног хъуыды, уазал калмау, алæстис йæ фæсонты ‘хсæн: «Йæхицæн мацы хъава бакæнын? Йе ‘мбисонд йæхи, айразмæ йæхи чи амардта, уыцы æвзонг нывгæнæгæн...» Ныр æм æндæр хуызы бахъардтой Зурабеджы æрдæбоны ныхæстæ дæр: «Тæрсгæ ма кæн – мæхи дзы нæ марын, æндæра хостæ нæ нуазин». Уæричкæ сæ нымайын байдыдта йæхинымæр, Зурабегмæ йæхи амарыны хъуыды цæй аххосæй хъуамæ æрцæуид, уыдæттæ. Иу уал уый, æмæ фæндзай азы юбилеймæ стырдæр хорзæхмæ æнхъæлмæ кастис. Иннæ – бирæ æхсæв бынтондæр нæ бафынæй вæйиы, йæ игæрæй хъæрзгæ. Айразмæ театрæй дамтæ райхъуыстис – Зурабег, дам, иу æвзонг артисткæйы бауарзта. Уæричкæ зонджын сылгоймаг у æмæ не скарк ис: уый цахъхъæн лæгæн йæ ус раст æмæ зылын нæ бацамондзæнис. Кæмдæр ыл йæ мидзæрдæйы арф ран æууæндыдис Уæричкæ – уый гæнæн нæй, æмæ Зурабег йæ цæсгом бахæра, ахæм æгъдауджын, бинонтыл æнувыд адæймаг. Йæхицæй йæ ‘мбæхста, фæлæ ацы дам-думтæ иу чысыл æхсызгон дæр уыдысты Уæричкæйæн: Зурабег дæр чысыл истæмæй фæазымджын уа йæ разы... Уый дæр та – уыцы тæригъæддаг, æнахъинон пъайы тыххæй.

Уыцы чызг æвиппайды моймæ адзæхст кодта – иу æвзонггомау режиссер ардæм рæстæгмæ хуынд уыдис цавæрдæр спектакль æвæрыны тыххæй æмæ уымæ. Цалдæр боны Зурабеджы дзыхæй ныхас нал хаудта. Фæлæ йын Уæричкæ рæвдаугæ куы загъта уайдзæфы хуызы: «Ды йæ нæ зоныс, фæлæ дæ хистæр чызгимæ скъолайы иумæ ахуыр кодтой!» æмæ йын куы фенын кодта сæ чызджы æмкъласонты стыр ныв, уæд ын Зурабег йæ уадулæн апъа кодта. Уæддæр ма æхсайы Уæричкæйы зæрдæ – ныр ын байсынæй нал тæрсы йæ лæгæн, фæлæ йыл исты æнамонд хабар куы сæмбæла, уымæй.

Зурабег ын бæргæ дзырдта, йæхимæ дæр диссаг кæй кæсы, кæцæй февзæрдис йæ дзыппы ацы дамбаца, фæлæ бауæндын кæй нæ фæнды, уымæн сомытæ дæр кæн. Уæричкæ йын æй айста: «Æрис-ма йæ, дзæбæх æй фенон...» – æмæ йæ арф бафснайдта. «Мæхæдæг дæр æй дзæбæх нæма федтон. Æрис-ма йæ, æркæсон æм!» – дзырдта Зурабег, фæлæ йæ ус нæ радта.

Куыдта, æрдиаг кодта, фæлæ йæм дамбаца нал радта. Уыцы изæр æй телефонмæ дæр нал бауагъта Уæричкæ, йæхæдæг та алыхатт дæр «ам нæй» дзуапп лæвæрдта. Æмæ уый Уæричкæ: сайын нæ уарзæг! Тарстис, йæ лæг куы ацæуа, кæнæ сæм æнафоны уазæг исчи куы фæзына, уымæй!

* * *

Æхсæвы иу сахатыл Зурабег æрцагуырдта цай. Уæричкæ, нырма рæстæгæй-рæстæгмæ хæкъуырццæй кæугæ, йæ цæссыгтæ сæрфта æмæ тæбæгътимæ, артимæ архайдта. Лæг куы æрхуыссыдис, уæд ус ноджы арфдæр бамбæхста уыцы дамбаца. Газы пецыл зæронд клиенкæ амбæрзта æмæ йæ фæздæгдзæуæны æфсæйнаг дуаргонды мидæгæй атъыста...

Зурабег газеттæ арафæлдах-бафæлдах кодта, фæлæ йæ хъуыдытæ аивгъуыйгæ бонимæ дзырдтой æмæ сæ иуварс аппæрста. Афтæ йæм фæкастис, цыма йæ гримгæнæн уаты чидæр уыдис дыккаг архайды рæстæджы. Спектаклы фæстæ цыдæр ахæм фæхатыдта, фæлæ йæ уæд не ‘рхъуыды кодта. Уыцы удхæссæг къуылых лæджы кæд федта йæ цæсты раз бадгæ залы, уый зæгъын дæр йæ бон нæ уыдис. Æрмæст Солæманыл Егар гадзрахатæй кæм рацæуы æмæ деникинонтæ кæм æрбакæлынц, уыцы нывы уысм æй нал ацахста Зурабеджы цæстæнгас... Уый ныр бæлвырдæй зыдта! Æрмæст æй не ‘мбæрста: цæмæ йæм æрбаппæрстæуыдис ацы дамбаца? Æвзæр адæймаджы зондæй раст лæг фыдбылызы арæх бахауы: ныр сæм милицæ джигул куы ныццæвиккой, уæд ыл чи бауæндид? Æгæр-мæгуыр ыл Уæричкæ дæр не ‘ууæнды, афтæмæй ссæдз азæй фылдæр цæрынц лæг æмæ усæй!.. Æрдæбон ахæм хъуыды фестъæлфыдис сылгоймаджы сæрымагъзы дæр: «Чи зоны йæм иу хатт хъама чи систа, уыцы æнаккаг исты ног бæллæх æрæмысыдис? Иугæндзон цъаммар адæймæгты ролы хъазыдис æмæ йын цынæ бантысдзæнис...» Ам ис, уымæн ницы зыдта Уæричкæ, уæддæр дзы дардмæ дæр тарстис йæ лæгæн. Уæричкæ ма дуары дæгъæл ноджыдæр æрзылдта æмæ æрхуыссыдис уый дæр. Дзургæ ницы кодтой, афтæмæй сæ дыууæ дæр сагъæсты, зæрдæдзурæнты амæддаг фесты. Æппынфæстагмæ афтæ суынгæджы сты æнафоны хъуыдытæй, цыма стонг бирæгътæ удæгас сæгъыл сæхи ныццавтой æмæ йæ фæйнæрдæм скъуыдтæ кæнынц... Куыд афынæй сты, чи сæ раздæр бацъынд кодта йæ цæстытæ, уый нал базыдтой...

Райсомы хур куы æрбакастис, уæд сæ дыууæйæ дæр дысоны хъизæмар фæцæйрох кодта. Уæричкæ раздæр сыстадис æмæ йæ хæзнавæрæн асгæрста. Фæздæгдзæуæнæй йæ райста æмæ йæ ныр та газы пецы æппæты бынæй бавæрдта. Уым дæр æй дæс минутæй фылдæр нæ ныууагъта: «Уæд та дзы нæмгуытæ ис æмæ, пец куы стæвд уа...» Иу амал ма йын уыдис æмæ йæ къулыл Солæманы стыр нывы фæстæ бамбæхста. Уый фæстæ аходæн цæттæ кæнынмæ бавнæлдта. Зурабег йæхи куы цæхсадта, уæд йæ сахатмæ ‘ркастис:

– Иуæндæсыл мæ театрмæ хъæуы.

Уæричкæ ницы загъта, æрмæст æй бафарста:

– Кофе цымыс æви цай?

– Знон дæ мад цы арахъхъ æрбахаста, уымæй мын уидыджы æркæн!

Усæн æхсызгон уыдис йæ лæджы зæрдæйы уаг. Фæлæ йæ цин бирæ нæ ахаста.

– Рахæсс ма уыцы хъазæн æмæ йæ театры радтон. Фыдæлтыккон дамбацатæ нæм цъус ис.

Уæричкæ фестъæлфыдис:

– Цом, фæлтау æй милицæмæ радтæм!

– Уый та цæмæн? Мæ дзыппы йæ ссардтон æмæ йæ нæхи театрæн дæттын... Иу æцæг дзаума сæм уæддæр уа... Милицæйы та мæ рафæрс-бафæрсыл схæцдзысты, суагъæтæ фысдзысты.

Уæричкæ йæ фæстаг зæрдæхсайд гæзæмæ фергомдæр кодта:

– Сгуыхт артист дæ, стæй депутат – æмæ дæ номыл дæр ахъуыды кæн! Исты куы фæрæдиай, уæд дын дæ хæрзиуджытæм нæ фæкæсдзысты... Уæд та йæ де знæгтæй исчи барæй нывæрдта дæ дзыппы, цæмæй дæм æй стæй ссарой...

«Кæд æй искæмæй райста, уæд ыл басæтдзæнис, кæйдæр у, зæгъгæ. Кæд æй давгæ ракодта – цынæ вæйиы?! Уæд та йæ милицимæ раттыныл не сразы уыдзæнис æмæ йæ уæд йæ хицауыл сæмбæлын кæндзыстæм!» – афтæ дæр ма хъуыды кодта Уæричкæ. Æрмæст дзы иу хабар ирвæзтис рохæй: кæй хъуамæ уа æмæ исчи цæмæн хъуамæ дара йæхимæ ахæм дзаума?

Зурабег хорз зыдта йе ‘фсины миниуджытæ: цы сфæнд кæна, уый рамбулыны тыххæй йæ сæр къулы дæр ныззилдзæнис быраууа. Уыдон лæгæн йæхи ныхæстæ не сты, – Уæричкæйы мыггаджы миниуæг сæ рахуыдта йæ дард æмсиæхстæй иу – фыссæг у, ацæргæ лæг. – «Мах цы сфæнд кæнæм, уый нын бантысдзæн!» – Кæйдæр

ныхæстæй дзуапп радта Зурабег æмæ дыууæ нал загъта йæ усы ныхасыл.

– Поликлиникæмæ дæр ма бауайдзыстæм. Иу уырыссаг дохтыр дзы райдыдта кусын æмæ дæ уый дæр фена, – йæхи рæвдз кæнгæ, загъта Уæричкæ. – Театр никæдæм ирвæзы.

– Нал цæуын уыцы дохтыртæм! Уæгъды мæ мауал ралас-балас кæн уыдоныл! Хъороты Агор дыууæфондзæссæдз азмæ æввахс фæцардис æмæ, дохтыр циу, уый нæ зыдта! Цы низтæ æмбæхстысты йæ буары, уыдон кой дæр никуы фехъуыста, мæгуыр, афтæмæй амардис! «Дæ игæр риссы» мын куы загътой, уæд райдыдта риссын дæр... Кæнæ мæ поликлиникæйæ ныууадз, кæнæ дамбаца æри ардæм! Куыд тагъд ацæттæ дæ?! Айдæны раз сахаты бæрц дæр нæ алæууыдтæ!..

– Дæ хуызæн артисты ус хъуамæ йæхимæ кæса, æндæра та цыдæр студийы фæсивæд афонмæ рараст сты уæ театрмæ!..

Фæндагыл иумæ цæуын бирæ уарзтой. Сывæллæттæ куы фестырдæр сты, уæд бынтон арæхдæр цыдысты иумæ балцы. Иухатт Уæричкæйы мады Мæскуымæ куы акодтой дохтыртæм – цæсты хирургтæм, уæд сæ байзæддаг иунæгæй баззадысты хъæуы. Кæрдзын сын куынал уыдис, уæд лæппу – чызджы кæстæр – йæ мады мады фæзмгæ ракодта цалдæр дзулы. Уый фæстæ-иу дзырдта, ссад луарынæй зындæр, дам, ницы ис. Ныр дыууæ хистæры сæ царды фæндæгтыл атахтысты. Азау дæр йæхи «гыццыл» хонын нал уадзы!

Зурабег тагъд цыдис æмæ йæ Уæричкæ не ‘ййæфта:

– Фæсте дæ чъылдымыл хъуамæ фыст уаид, машинæтау, «60» дæр нæ, фæлæ «80». Дæуыл сахуыр дæн æмæ сылгоймæгты уд сцæйхауы, мемæ цæугæйæ! Кæд фистæгæй цæуæм, уæд – сындæггайдæр. Афтæ тагъд мæ бон нæу. Размæ кæдæм тындзыс?!

– Уынгæгдæр къаба скодтаис – æви уымæй уынгæгдæр нæ хуыйынц? Фæлтау автобусы ацæуæм!

Милицийы цурмæ фæцæйхæццæ кодтой.

– Размæ нæ ахизын хъæуы. Ныр æввахс у, – сцæйстадис Зурабег.

– Уырдæм мæ нал фæнды, – загъта Уæричкæ æмæ йын йæ дыс æриваæзта, ома æрбад. – Куы йæ ныччитт-читт кæной.

– Æмæ уæдæ куыд?

– Мæхæдæг ын исты хос кæндзынæн!

– Хæдзармæ йæ æз æрбахастон æмæ æз дæр цыдæр дзуапп дæттын.

– Кæд разы дæ, уæд паркмæ бауайæм! – загъта Уæричкæ.

– Уый хорз æрхъуыды кодтай – сæумæрайсомæй паркмæ! Ацафон бирæ адæм нæма вæййы. Нæ бон у кафейы абадын дæр. Æрæмысæм не ‘взонджы бонтæ!

– Не ‘взонджы бонты нын кафеты бадынæн фадат нæ уыдис – фæсхæст... Уый ныры кæстæртæн у афтæ хорз!

– Хæлæг сæм ма кæн!

– Цыбыр къаба, къæбутæлвыд, ахуырст дзыккутæ, гом риутæ... Æз та, иухатт хъæуы горæтаг чызджы шляпæ кæй ныккодтон, уый тыххæй нады баййæфтон мæ фыды æфсымæры къухæй. Мæхи шляпæ дæр ма куы уыдаид, фæлæ уазæджы...

– Уæдæ ма дæхи фыд æрыздæхтаид! Сидзæры алчи дæр афтæ æфхæры æмæ уый тыххæй уæлдай бузныг дæн мæ мадæй: дзыхмæ – къæбæр, цæстмæ – æхсидав нæ базыдтон.

– Йæхи сывæллæтты туг дæр афтæ нуæзта, æгъатыр æмæ æлгъин лæг уыдис тынг. Йæ дыууæ галимæ йæ кулак хуыдтой, афтæмæй йæ хистæр чызг, ахуыргæнæджы мызд æм хæсгæйæ, хæцъил дзабырты ацыдис чындзы.

– Мах куы бацардыстæм, уæд махæн дæр цы уыдис?! Нæ сины сæртыл цæмæй ныххæцыдаиккам?

– Цы нын уыдис? Иу аг æмæ дыууæ къусы...

– Æмæ не ‘взонджы хъару! Ныр нæм алцыдæр ис – суанг ма дамбаца дæр!

Уæричкæмæ тынг худæг фæкастис Зурабеджы фæстаг ныхас, уый та ма исдуг «хъыгмæ йæ куы айса» ахъуыды кодта.

Парчы, æцæгæй дæр, уадиссаг ничима уыдис. Æрæгвæззæджы сыфтæртæ æгуыппæгæй хуыссыдысты бæлæсты бын. Чысыл фалдæр хъæддæсны лæппутæ уд уагътой æндæр æмæ æндæр æхсæст кæлдымты – алыхуызон сырдты, цæрæгойты, аргъæуттæй æрцæугæ адæймæгты хуызтæ сын лæвæрдтой. Кафейы баййæфтой пепси-кола: Уæричкæ йыл зæрдейæ уыдис æмæ дзы дæс авджы райстой. Мах дон, дам, цæмæй æвзæрдæр у Новороссийскы донæй – ам, дам, æй цæмæннæ кæнынц.

Куы рацыдысты, уæд Уæричкæ зæгъы:

– Нæ фæлæууын æмæ та ахæрын, афтæмæй æгæр нард кæнын байдыдтон.

– Дæ уарзон дохтыртæм куы хъусай, уæд дын дон дæр нал бауадздзысты нуазын.

– Æмæ афтæ æнхъæлыс, бирæ дон нуазын пайда у?

– Иууыл пайдайы фæдыл куы цæуай, уæд дæ фæллæйттæ хъуамæ сармадзантæй хъахъхъæнай...

Доны сæрты хидæй кæсынц денджызы хъазтæм. Цады астæу сакъадах – уым сæ цæрæн бынат. Æнцойгæнæныл сæ цæнгтæ æруагътой. Сæ уæхсчытæ ныдзæвдысты. Уæричкæ йæм йæ сæр бакъул кодта. Фæрсы йæ афтæмæй:

– Тынг хъыг дын уаид, зæгъгæ, нæ дамбаца фесæфтис?

– Æхсызгон дæр мын кæцæй... Фæлтау æй театрæн...

Уæричкæ йæм йæхи æрбалхъывта, Зурабег æй йæ рахиз къухæй æрбахъæбыс кодта.

– Кæд ма мæ иу чысыл уарзыс, уæд мын æй зæгъ: уæддæр дæм кæцæй ис æмæ дæ цæмæн хъæуы?

Лæгъстиаджы каст æм кодта, фæлæ йын цы хъуамæ загътаид?!

– Диссаг куыд нæу! Ссæдз азæй фылдæр иумæ цæрæм, афтæмæй дæ мæ ныхас никуы бауырныдта, æвæццæгæн.

– Афтæ нæ хъуыды кæныс æмæ афтæ дæр нæу!

– Уæдæ дын цы загътон, уымæ ницыуал бафтаудзынæн... Маринаг мын ничи ис, мæхи дæр ма ацæрын фæнды – уæдæ дын дохтыртæм цæуылнæ акуымдтон?!

Уæричкæ йæ хызынæй систа дамбаца, зæронд хуымпъыры æвæрдæй.

– Уый та йын кæм ссардтай?..

– Лæг амалæн у...

Зурабег аивæй йæ сахатмæ ‘ркастис. Уæричкæ дамбацайы хæтæлыл хæцы, афтæмæй зæгъы:

– Ныртæккæ ме ‘нгуылдзтæ суæгъд кæндзынæн, æмæ ныххаудзæнис цады.

Зурабег йæ уæхсчытæ балхъывта:

– Куыд дæ фæнды, афтæ.

– Ныппардзынæн æй – хъазгæ нæ кæнын. Фæлтау мын æй зæгъ!

– Мæхи мын куы æппарай, уæддæр мæм уымæй дарддæр ницы ис зæгъинаг.

Уæричкæ йæ хъуыды нæ аивта æмæ йæ хъуамæ æцæг ныппæрстаид, фæлæ стæй афæнд кодта: «Музеймæ йæ уæддæр бахæссæм!» Йæ хызыны йæ куыд афснайдтаид фæстæмæ, уыцы уысм æм Зурабег февнæлдта æмæ дамбаца йæ къухæй фæирвæзтис æмæ фæмидæг доны. Уæричкæйæн йæ цонг уæлдæфы ауыгъдæй аззадис.

– Куынæ дæ фæндыдис, уæд цæмæн афтæ бакодтай?

– Уæдæ мыл цæмæннæ бауæндыдтæ?! – æрхуымæй загъта Зурабег. Æцæгæй та афтæ фенхъæлдта: ныппардзæнис æй æмæ йын æй хъуамæ раскъæфтаид йæ къухæй. Ныр уадз æмæ æнхъæла иннæрдæм – йæхи аххос æй кæна.

Мадзурайæ рахызтысты паркæй.

– Хæдзармæ комкоммæ цæуыс, уæд дын такси фæуромон?

– Нæ хъæуы. Универмагмæ уал бауайон, стæй автобус дæр уыдзæнис. Ма-иу бафæстиат у, зон æй!.. – тызмæгæй йын загъта Уæричкæ. Йæ хъæлæс рызтис: – Изæры та-иу дæ дзыппы мацы æрбахæсс!

– Æнæмæнг æрбахæсдзынæн! «Раковая шейка»– къаффеттæ дын рагæй куынæуал æрбахастон!..

* * *

Изæры аст сахатыл Зурабег æрбаздæхтис йæ хæдзармæ. Уыдис хъæлдзæг.

– Мæнæ дын «Раковая шейка»-тæ! Рохгæнаг нæ дæн, дæхæдæг æй зоныс. Не спектакль кæмдæрты фæцыбыртæ кодтам, цыдæртæ дзы аивтам. Дысон аныстой æмæ æнæмæт уыдысты автор æмæ режиссер.

– Æнæмæт æви нуæзтвæллад? Къуыдыры хуызæн сæртимæ...

– Ай дын мæ къух, кæд æй дæ лæгæй нæ зоныс?! Æз рагæй куыницыуал баныстон. Райсомы æнгуырстуаны дзаг та дæм агуывзæ ма фæкæсæд. Ризван æмæ Мураты зоныс?! Ризван бынæткомы сæрдар куы уыдис, уæд Муратæн бауайдзæф кодта: «Цæмæн афтæ арæх нуазыс?..» Æмæ, дам, афтæ æнхъæлыс, нуазын мæ фæнды, фæлæ, дам, адæмы æфсæрмæй æнæнуазгæ нæй. Уæд ын Ризван – иууыл йæ зæрдæйæ хъæрзы, афтæмæй уæныджы хуызæн у – афтæ зæгъы: «Дæу нуазын нæ фæнды, афтæмæй нуазыс! Мæн та нуазын фæнды, афтæмæй нæ нуазын! Гъе, ныр зæгъ: зæххыл рæстдзинад ис?!» Дæ тæбæгъты хъæлæба цæуы, фæлæ дзы аууилинаг фынгмæ нæма хæццæ кæны. Иугæр нæм нуæзтыл æрæфтыдис ныхас, уæд иу сыкъа æнæбаназгæ нæ аздæхдзынæн! Хæдæгай, мæ дзыппытæм нал февнæлдтон – дæхæдæг сæ фен. Цынæ вæйиы – инженер Гарины гиперболоид сæ макæцыйы разына!

Уæричкæ йын æхсæвæр бахæрын кодта, стæй йæм радта хæлд къонверт:

– Дæ номыл писмо никуы бакодтон, фæлæ мыл ныр мæ цымыдис фæтых ис.

– Уарзоны фыстæджытæ никуы истон. Кæмæй у? Сывæллæттæй? Цы фыссынц?

Уæричкæ мæгуырхуызæй æрбадтис йæ цуры:

– Изæрырдæм æй постхæссæг æрбахаста. Уыцы дамбацайы тыххæй дзы...

Зурабег ыл йæ цæст æрхаста, стæй йæ цырагъмæ бæрзонддæр систа:

– Мæ кæсæнцæстытæ-ма мын рахæсс! Мæ сау костюмы æддаг дзыппыты сæ фен.

– Æри, æз дын æй бакæсон – ды дæ цæстытæ уæгъды ма риссын кæн!

– Дæхæдæг! Судзины бын дæ фæдзæл тъыссын куы бахъæуы, уæд мæнмæ куы дзурыс! Æз дын æй бакæсдзынæн хъæрæй. Бирæ куы уарзыс мæнмæ хъусын?!

Æмæ Зурабег райдыдта кæсын.

* * *

«Ацы дамбаца кæддæр уыдис дæ фыды. Уый йæ балæвар кодта йæ хуыздæр хæларæн, фæстæдæр ыл гадзрахатæй чи рацыдис, уымæн – Цобеты Егорæн, фæстæдæр йæ дæластæрдон фæсномыг «Егар» номы бæсты кæмæн баззадис, уымæн. Æртынæм азты кæронырдæм йе ‘мхуызонимæ цæуылдæр нæ бафидыдтой. Уый кæмдæр ноздджынæй срæдыдис, Егар, дам, деникинонты æлхæд лæг уыдис. Рацахстой йæ, фæлæ ахæстонæй аирвæзтис æмæ йæхи фæсарæнтæм айста. Ацы дамбаца дæр йемæ афардæг кодта, афтæмæй. Ахызтис Турчы арæныл. Европæмæ ныфтыдис. Фæстагмæ, хæсты хæдагъоммæ, æрæнцадис Хуссар Германы зæххыл – иу хъæугонд Рейсгофены. Уый уыдис горæтæнгæс хъæуы вагæттæ-цалцæггæнæн заводимæ. Уырдæм ныфтдзынæн æз дæр æмæ йыл уым фембæлдзынæн...

Æз мæхæдæг хæцыдтæн Хъырымы, Хуссар фронты, 47 æфсады æхсæг ротæтæн сæ иуы. Камышбурун куы хъахъхъæдтам, уæд ныл немыц хъуамæ æрхъула кодтаиккой – Керчы æрдæгсакъадахы иувæрсты зылдысты. Нæ полкъ æддæдæр алæууыдис, нæ ротæ та æххуыс æнхъæлæй хъахъхъæдта полчъы фæндаг. Махæн уыйфæстæ аирвæзæн нал уыдис доны фæндагыл. Уый хыгъд Керчы катакомбæты зæххы бын лæгæттæ. Немыц нæ хынджылæг

скъæрдтой, нæ нервытæй нын хъазыдысты – хуынчъытæй-иу рупортæ батъыстой æмæ хъæр кодтой: «Ирвæзæн уын нал ис! Рахизут, науæд уæ мæлæт æрцæудзæнис ам! Мах уын ныфс æвæрæм...» – æмæ афтæ дарддæр. Цы нæ бон уыдис рæстдзæвин гæрæхтæй уæлдай?! Нæ быцъынæг скъуыдтам, фæлæ нæхиуæттимæ бастдзинад нæ къухы нал бафтыдис. Дойны, стонгæй удыскъуыд кодтам. 100 граммы сæкæр æмæ 50 граммы дзул – гъе, уый уыдис нæ хæлц иу райсомæй иннæ райсоммæ. Цъай уыдис махуæттæ æмæ немыцæгты æхсæн. Йæ ныфс-иу чи бахаста, уыдонæн сæ фылдæр хай цагъды кодтой. 24-æй 25-æм маймæ бон æмæ æхсæв сиу сты – фехæлдис нæ электростанцæ. Иу амбразурæйы рудзынгæй нæм æрбатахтис сармадзаны нæмыг, иннæ къул дæр батыдта æмæ фехæлдис. Бурбын фæздæг нæм лæдæрсын байдыдта... Газ! Газæй атакæ! Тыхджын, хуыдуггæнæг хуыфæг! Фæлæбурдтам газы ныхмæ гамхудтæм... Стæй та дыккаг нæмыг. Нæ хистæр лейтенантæн йæ гамхуд атыдта æмæ хъизæмарæй мæлыны бæсты йæхи фехста. Газы æртыккаг пурти куы æрбатахтис, уæд цæмæдæр гæсгæ схид сты мæ гамхуды æвгтæ. Мæ сæр разылдис, мæ зæрдæ схæццæ ис. Цалынмæ нæ бауадзыг дæн, уæдмæ ма æхстон æмæ æхстон. Æрчъицыдтæн цавæрдæр кæрты. Мæ уæлæ уыдис салдатты хæдон, афтæмæй афицер уыдтæн. Диссаг мæм фæкастис, фæлæ стæй æппæт дæр бамбæрстон... Немыцæгтæ сæхæдæг тарстысты катакомбæты бабырынæй æмæ уацайрæгтæн ласын кодтой цæфты. Чидæр мæ фервæзын кодта уыдонæй: ме 'сласыны размæ мын мæ уæлæдарæс раивта. Æфсæддонтæй мæ иу базыдта æмæ сцин кодта: «Нæ командир удæгас у! Нæ командир удæгас у!» Йæхи мæм æрбацæй æппæрста хъæбыстæ æмæ пъатæ кæнынмæ. Хорз уыдис, æмæ йæ чидæртæ æруазал кодтой: «Кæдæм хъæр кæныс? Æви кæм стæм, уый дæ хъуыдыйы нал ис?» Кæм уыдыстæм, уый та хуындис: уацар...

Уырдыгæй нæ атардтой фæзуатмæ – иннæ уацайрæгтæ дæр кæм уыдысты, уырдæм. Уым нæ сæвæрдтой вагæтты æмæ нæ æрластой Ровномæ, дихгæнæн пунктмæ. Иу уæйгæнæджы къæдзил нын ам «зонд амыдта». Æз размæ бахызтæн æмæ йын загътон: «Цас дын дæттынц уый тыххæй баландæ, дæ мад æмæ дæ фыдæн уа афтæ æмæ уфтæ?!», «Сталины уаритæй ам кæцæй зындтæ?» – ныцъцъæхахст кодта иу эсэсон æмæ дын мæ сæ фæдыл хæр-хæргæнгæ куы аласиккой. Надтой мæ резинæ

лædзгуытæй, хостой мæ сæ къæхтæй, – уый, дам, дын коммунизм! Мæнæ ай та, дам, дын сæрибар æмæ революци!.. Уатмæ дыууæ афицеры кæй æрбахызтис, уый мæ фервæзын кодта – эсэсонтæ сæ разы цавддуртау алæууыдысты. Æз куыддæрты ралæсыдтæн æддæмæ. Ам мæ ацахстой нæхиуæттæ, тагъд мæ баластой цавæрдæр мæнг агъуыстмæ, радтой мын дон, бамбæрзтой мæ цинелæй – æмæ, дам, дæ хъыпп-сыпп дæр куыд нæ фехъуыса!

Хæлар адæмы æххуысæй – уацары æнæкæрæдзи æххуысæй бындзы сæфт кæнынц! – бахаудтæн иу колоннæмæ, Хуссар Германмæ чи раст кодта, ахæммæ. Афтæ райдыдта мæ цæугæ цард, немыцаг лагерьтыл зилгæ. Сæ иуы фæдæн дыууæ мæйы. 240 уацайрагæй нæ фервæзтис 60 læджы, иннæтæ тухиаг куыст, стонг æмæ уазал – æнæбауромгæ, æгад æмæ нады амæддæгтæ фесты...

Гитлерон æрдонгтæ Волгæйы цур сæ бæрзæйтæ куы асастой, уæд нæм æрцыдис къамис. Сæ иу, цъæррæмыгъд уырыссаг æвзагыл дзургæ, фæрсы:

– Выясняйт хотим, зачем такой смертность?..

Къамисы цыдыстæм кæрæдзи æнцæйтты, афтæ басур ис нæ туг. Мæ сыхæгтæй иу – Алексей Токарев сæм дзуры:

– Фæнды мæ зæгъын...

– Что хотеть сказал этот свинья?

– Хуытæ стут, уæдæ цы стут, фашистон варвартæ! Мах домæм, цæмæй нæ фехсат æмæ нæ утæхсæнæй фервæзæм...

Уыцы æфхæрд сæм хъыг дæр нæ фæкастис, афтæ диссаг сæм фæкастис. Афтæ æнхъæлдтой, кæрдзын курдзыстæм...

Гъе уый фæстæ цалдæрæй бафтыдыстæм – æз, Алексей Токарев, Михаил Рощин – ныртæккæ кæсæджы ахуыргæнæгæй кусы – æмæ æндæртæ Рейсгофенмæ. Куыстам вагæттæ цалцæггæнæн заводы. Уым базонгæ дæн Эмиль Репперимæ, Альберт Лоренцимæ æмæ æндæр бынæттон коммунисттимæ. Цас хорз сарæзтой уыдон махæн! Æххуыс нын кодтой хæлцæй, дзырдтой нын фронты хабæрттæ, læвæрдтой нын алидзыны фадат. Аирвæзтысты Рощин, Токарев, Абдрахман, Мурталиев, Дмитрий Сажин, Альфонс Безлюдов!.. Фæлæ æз нæма хъуыды кодтон мæхи айсыныл. Мæ хъустыл æрцыдис, Рейсгофены, дам, мах кæм уыдыстæм, уым иу лæг цæры – Кавказæй чи æрбафтыдис, ахæм, фашист, дам, не ссис, фæлæ сæ бирæ фæстæдæр нæ

баззадис. Иу уацайрагæн дзыхъхъынног цинел балæвар кодта æмæ йæ уый та раст, хорз лæг хуыдта, афтæмæй йæхæдæг провокатор разындис.

Æз æй куы федтон, уæд мыл мæ дунетæ дæр баталынг сты. Уый уыдис Цобеты Егар. Уый уыдис – мæ фыд. Æз ын мард æнхъæл уыдтæн, уый та разындис удæгас. Бацин мыл кодта – уæдæ æндæр куыд вæййы! Калм дæр йæ лæппынты уарзы, нæ сæ рох кæны! Ныридæгæн арæхстис немыцагау – йæ ус дæр ариаг уыдис, уæдæ цы!? – æмæ куыста цæйдæр æфтауцдоны хицауæй. Дзырдта мын: советон адæм, дам, сæ зонгуытыл æрлæудзысты фюреры раз. Коммунисттимæ, дам, дын иумæйагæй мацыуал хъуамæ уа... Уыцы рæстæджы алыгъдысты ме ‘мбæлттæ. Мæ фыд мын бахæс кодта уацайрæгты æмæ бынæттон коммунистты разамонджыты базонын æмæ схъæр кæнын – æндæрхуызы, дам, нæ фервæздзынæ де ‘лгъыстаг уавæрæй. Зæгъын, уый гæнæн куыд ис, – зæгъын, дæхæдæг мæ раны куыд бакæнис?! Æмæ, дам, дæ раны раджы уыдтæн – Битарты Солæманы деникинонты руаджы куы ныссус, ныддур кодтон, уæд... Æрвыст, дам, уыдтæн деникинонтæй шпионæн Солæманы къордмæ. Уый та, дам, мæ йæхæдæг урсытæм барвыста. Зæгъын, мæ бон нæ бауыдзæнис. Мæнæ, дам, дын дамбаца – коммунист Солæманы лæвар, арæнты сæрты, дам, æй мемæ фæхастон. Ныр та, дам, ды хъуамæ ацæуай мæ фæндагыл – мæ иунæг фырт!..

Дамбаца райстон, уæдæ цы! Фæлæ иу стыр диссаг уый у, æмæ дзы мæхи кæй нæ амардтон. Ахъуыды ма кæн – хæсты размæ цалдæр фæстаг азы цынæ фидис, уайдзæф, къуылымпы байййæфтон мæ фыды тыххæй. Фæлæ мæ нæ уырныдта йæ фыдракæнд – йе ‘мхуызон кæй хуыдтой, уый дæр фæтары ис æмæ йæхæдæг дæр. Алыгъдис, дам, дæ бандит фыд. Æз та-иу арæх æнхъæлдтон: кæд мыййаг хахуыры амæддагæй искуы аирвæзтис зæххы скъуыды!.. Æрмæст хæсты фыццаг бонты кæй фесгуыхтæн, уый мæ суæгъд кодта уæйгæнæджы фырты номæй. Айстой мæ партимæ, радтой мын афицеры ном, схорзæхджын мæ кодтой орденæй. Æз мæ тугæй æхсадтон, мæ ныхыл цы фыст уыдис, уый – «контрреволюционеры фырт». Афтæмæй æцæгæй мæ фыд куы разынид йæ адæмы, йæ бæстæйы знаг... Айдæны кастæн мæхимæ – кастæн æмæ ницæмæй хицæн кодтон мæ фыдæй. Æрмæст уый азтæй хистæр, æз та – къуылых, Керчы цæф куы байййæфтон, уæд мæ къахы нуæрттæ фæхъыгдард сты...

Немыцаг æмæ мæхи æмбæлттимæ куы бацæттæ кодтон мæ алыгьды хабар, уæд иу изæрыгон бацыдтæн мæ фыдмæ. Уый иу фашистон хуыимæ «брудершафт» нуæзта, – куыд æй бамбæрстон, афтæмæй йын кавказаг уæздан æгъдæуттæ амыдта. Мæнæн та расыгдзæфæй загъта:

– Господин фельдфебелимæ хъуамæ урс бæхтыл бацæуæм Ирыстонмæ!

Уый йын «йавол-йавол!» кодта æмæ стæй амæрттаг ис. Æз мæ фыдæн зæгъын, ома Цобеты Егарæн:

– Ды мын цы хæс бакодтай, уый мæ бон нæу. Фæлæ хъуамæ сæххæст кæнон советон адæмы раз мæ хæс – хъуамæ дæ амарон!

Мæ зæрдæ куы фæтаса, уæд мæхи фыдбылыз уыдзæнис – уый зонгæйæ, дыууæ æхсты йæ фæкодтон. Хæсты рæстæджы æхстæй фылдæр цы вæйыы æмæ ницы уæлдай хъæлæба фехъуыстон. Йæ Эрна-ус клубы æви рестораны уыдис – уым куыста, æнхъæлдæн, цæмæй, уый нæ зонын. Æз цыдæр акодтон мæ уæлæ фысымы дарæсæй, систон ын йæ документтæ æмæ æвыдæй раирвæзтæн мæ немыцаг æмбæлттæм. Уыцы æхсæв мæ уыдон æндæр уацайрæгтимæ афæндараст кодтой Рейсгофенæй...

Хæсты фæстæ дæр нал сыздæхтæн Ирыстонмæ. Сыбырмæ ацыдтæн цæрынмæ. Нæ, лагеры дзы нæ уыдтæн – Демократон Германы мын ныр дæр бирæ хæлæрттæ ис. Уыдонимæ уæхскиуæхск тох кодтам фашисттимæ – кæм дæластæрд къордты уæвгæйæ, кæм – партизанты æхсæн. Авд азы размæ сæм уазæгуаты дæр уыдтæн.

Махæн нæ мыггаг чысыл уыдис, фæлæ мæ фыды онг Цобеты ном не счъизи ис, марджы нæ сæвдылдис уæдмæ. Æз барæй нал æрыздæхтæн Ирыстонмæ, дунейы кад куы æрхастаин ме ‘ккой, уæд дæр мæ фыд Егары фыдракæнд, йæ сау царды æндæрг искæуылты ныдзæвдаид мæ фæндагыл. Æмæ уый быхсын, ууыл бар-æнæбары хъæцын та мæ бон нæ уыдаид... Сыбыры мын ис бинонтæ, куыст, хæдзар. Махмæ, хохы куыд æнхъæлынц, афтæ уазал дæр дзы нæу...

Цæмæн дæм здахын дæ фыды лæвар дамбаца? Мæ фыд уымæй бирæ туг куы ныккалдта, уæд? Нæ, Зурабег, уый ныр сыгъдæг у – Цобеты Егары сау туджы йæ ныхсадтон, бирæ фашисттæ йæ ныссæрфтой сæ мæлæтæй. Ацы дамбаца нæ историон-революцион реликви у æмæ йын дæхæдæг ссар бынат. Германы мын

баззадис хæсты фæстæ – Альберт Лоренцмæ. Авд азы размæ сæм куы уыдтæн, уæд æй рахастон фæстæмæ... Уæ фыссæг æппæт ацы хабæрттæ куы зыдтаид, уæд йæ пьесæ рæвдздæр уаид...

Куы мыл фембæлыс, уæд æй фæхатын: мæ фенд æмæ дын калмы фенд – иу. Уымæн æмæ æддаг бакастæй ныр бынтондæр сдæн мæ фыды хуызæн. Ды дæр афтæ тынг куы уаис дæ фыды хуызæн! Æмæ кæд удыхъæдæй дард, æнæкæрон дард дæн деникинонты хъузон – шпион Цобеты Егарæй, уæддæр мын æддаг бакастæй уый хуызæн æнæуæвгæ нæй! Стыр дохтыртæ мын пластикон операци скæниккой, фæлæ... Нюрнберджы тæрхонæй аирвæзæг фашистон лæгхортæ дæр афтæ аивынц сæ раздæры цæсгомы æууæлтæ... Сразы у мемæ, – уый дæр уæззау моралон уаргъ уаид мæ цахъхъæн удрыст, низæфхæрд лæгæн...

Райсом здæхын фæстæмæ. Зын мын у мæ райгуырæн хæхтæй цæуын, фæлæ мын хуыздæр цы фадат ис? Иу хатт фидис фехъусыны бæсты мæлæты бонмæ дæр цæрдзынæн æцæгæлон хæхтæ æмæ кæмтты æхсæн...

КОКАЙТЫ Аслан

ДЫУУÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

КЪОСТАЙÆН

Дæ ном ысси Ирыстонæн цыртдзæвæн,
Кæсы дæ фарнæй Иры дзыхъхъыл хур.
Ныррухс кæныс йæ тар мæйдар æхсæвæн,
Фæцæуынц дæм нæ кæстæртæ зынггур.

Дæ зæрдæ гом у цин æмæ æнкъардæн,
Дæ арф цæстыты уарзты зынг ныххызт,
Дæттыс дæ уд æнæвгъауæй хæларæн,
Дæ ралгъитæджы байййафы æлгъыст.

Дæ уаз мыртæ кæрæдзиуыл куыд бадынц,
Сæ рухс зæлтæй куыд ысфидауы цард!
Нæ зæрдæ нын куыд рæвдауынц, куыд тавынц, –
Дæ зарæгмæ куы рабаддзæни мард!..

ÆРÆДЖИАУЫ ФÆСМОН

Цæмæн дæн фæсмойнаг æз абон мæ цардæй,
Цæмæн дæн æз абон ныхкъуырд?
Цæуылнæ рæвдыдтон дæу фаг æз мæ уарзтæй,
Дæ тужы ‘ртах куы дæн, дæ фырт.

Цæмæн-иу æрвыстон кæмдæрты мæ рæстæг,
Æнæ мæн куы кодтай æнкъард?
Цæуылнæ дын фыстон æрвылбон мæ хæстæ,
Мæ зынаргъ, мæ ныййарæг мад?

Дæ бæсты ма чи тыхсдзæн ме стонг, мæ рыстыл,
Кæй хъæуы мæ зæрдæйы маст?
Йе чи ма æвæрдзæн йæ къухтæ мæ рустыл,
Кæмæн ма кæндзынæн мæ хъаст?

Нæ кæртæй дæр мæм-иу æнхъæлмæ куы кастæ:
«Мæ хъæбул, мæ къона кæм и?»
Цæмæн дын-иу кодтон æнæбары маст дæр,
Цæуылнæ урæдтон мæхи?

Цæмæн мæм-иу касти – нæй мадæн мæлæн,
Æви мæ-иу афтæ фæндыд?
Цæмæндæр мæм касти – æнусмæ цæрдзæн,
Фæлæ мыл æрцыди рæдыд.

Мæ рæдыд сымахæн дæнцæгæн ныффыстон,
Кæмæн ис йæ фарсмæ йæ мад.
Æз дæр æй, хъыгагæн, мæ мидæг æмбæхстон
Мæ мадмæ мæ уарзондзинад.

Æрбакæнут мады уæ хъæбысы ‘нгомдæр,
Йæ къухтæн ын батæ кæнут.
Йæ цард ын ыскæнут хъæлдзæг æмæ рогдæр,
Фæсмойнаг фæуынæй тæрсут!

ХУЫГАТЫ Сергей

ЛЕКЪАГ РАДЗЫРДТÆ

1954 азы, пединститут каст куы фестæм, уæд нæ æнæхъæн курсæй арвыстой Лекъты бæстæм – Лекъ. Раздæр афтæ хуыдтой Ирæттæ Дагестанæн йæ бæстæ дæр æмæ йæ цæрджыты дæр. Æз афтыдтæн, Цæцæны арæнмæ хæстæг цы солыйаг (авайраг) аул ис – Ансалта, уырдæм. Шамил Басаев Лекъмæ куы ныббырста, уæд, фыццаг цы хъæумæ балæбурдта, уый уыди Ансалта.

Ансалтайы куы куыстон, ууыл рацыди æртиссæдз азы. Æмæ диссаг куыд нæ у – азæй азмæ кæд тынгæй-тынгдæр нæ мысын уыцы дурамад хъæу. Цы федтон, цы бавзæрстон, цы фехъуыстон – уыдæттыл мæм истытæ фыссын ныр æрцыди, бирæ азты фæстæ. Ныффыстон уацау – уый мыхуыры рацыди, фыстон æмдзæвгæтæ, ныр хæрзæрæджы та мæнæ ацы радзырдтæ ныффыстон. Æз сæ, куы фыстон, уæд райстон мæ цины хай. Кæд, чи сæ бакæса, уый дæр бацин кæна истæуылтыл, уæд уыдзæни бынтон хорз.

НАЖМУТДИН

Нажмутдин скъоламæ нæ цыд. Нæ йæ айстой скъоламæ. Куы йæ айстаиккой, уæд ныр, æвæццæгæн, иу-цыппæрæмтæм цыдаид. Урочы сбада, ахуыргæнæгмæ хъуса, цы дзуры ахуыргæнæг, уый йæ зæрдыл бадара, уыцы фадат ын нæ уыд. Æдде бакæсгæйæ дæр ыл зынди, хъыгдард кæй уыди, уый. Йæ цæсгом – стыр æмæ худындзаст – куы йæ федтаис, уæд загътаис, мæнæ ныртæккæ фенцад йæ худынæй, æмæ бынтон нæма фенцад, кæнæ та цыдæр худæг фехъуыста æмæ ныртæккæ йæ пыррыкк фæцæудзæн.

Йæ пысултæ йæхи аккаг нæ уыдысты – стыртæ йын уыдысты – цы йæ хæлаф, цы йæ къандзолгонд, цы йæ резин дзабыртæ.

Æвæццæгæн-иу стыртæ кæй аппæрстой, уыдон-иу уымæ æрхауд-той. Æмæ уыцы стыр пысулты, æнæуи цы гуыбыр уыди, уымæй ноджы гуыбырдæр зынди. Гуыбырдæр æмæ дæлтъурдæр.

Скъола бирæ уарзта Нажмутдин. Чи цыди скъоламæ, уыцы лæппутæй йæ фылдæр уарзта. Уыдон цыдысты скъоламæ, бад-тысты урокты, хъуыстой ахуыргæнджытæм. Уый къласмæ ни-куы бахызт, партæйыл никуы æрбадт æмæ йæ, æвæццæгæн, скъо-ла уымæн цыбæл кодта йæхимæ.

Иууыл уазал бон ма уыдаид, кæнæ уаргæ ма кодтаид, уый-йеддæмæ уыди скъолайы уæзæгыл. Лæууыдаид искуы йæ гуы-быр лæудæй æмæ йæ цæсгом скъолайы дуармæ сарæзтаид. Стæй-иу, йæ уроктæ кæмæн фесты, æмæ-иу сæхимæ кæй рауагътой, уыдонимæ йæхи фæцæуæг кодта. Афтæ-иу цыди сæ иувæрсты – уыцы æнæвдæлон цыдæй-иу цыди, бакæс-бакæс-иу сæм кодта, æмæ йæ пысултæ йæ уæлæ куы нæ зæу-зæу кодтаиккой æмæ æгæр схæц-ныххæцгæнгæ куы нæ цыдаид, уæд лæг загътаид – йæ бæрны сты ацы лæппутæ ‘мæ чызджытæ, фæдзæхст ын у, цæмæй сæ, скъолайæ хъæумæ цы уырдыг ныццæуæн уыд, ууыл ныххæццæ кæна.

Фæлæ-иу хъæумæ никуы ныххæццæ и семæ Нажмутдин. Скъолайæ хъæуы ‘хсæн цы уæлæнгай мæскъ уыд – кæд-иу уарынтæ рацыд, уæд-иу дзы ракалди дон, кæд-иу хур ахаста, уæд-иу басур – уыйонг-иу ныццыди семæ æмæ-иу фæстæмæ раздæхт. Æнæуи фылдæр бадгæ фæкæны. Дæлæ скъолайы бынмæ уыцы хъæбæр фахсыл физкультурæйы уроктæ кæнынæн цы дæргъæй-дæргъмæ тыргъгонд акъахтой, уый рæбинаг кæрон цы урс дур ис, ууыл. Схизы йæм æмæ йыл сбады. Æмæ, кæд уыцы тыргъгонды физкультурæйы ахуыргæнæг Асадула урок фæкæны, уæд байрайы бынтондæр Нажмутдин. Уыцы æдыхст æмæ цинхуызæй фæкæсы, къласыдзаг лæппутæ ‘мæ чызджытæ куыд змæлынц уыцы тыргъгонды, уымæ.

Ныр дæр бады Нажмутдин уыцы дурыл. Тыргъгонды урок нæ уыд, æмæ æнæуи бадти. Уалдзæг æрбаулæфыд, фæхъарм и, æмæ Нажмутдин æддæмæ рацыд. Мæнæн æхсызгон вæйиы, Нажмутдин дурыл кæй фæбады, уый – цæмæйзон, цæмæн мын у æхсызгон, фæлæ мын æхсызгон кæй уыд, уый æмбæрстон, дзæбæх æй æмбæрстон. Рудзынгæй йæм кастæн. Ахуыргæн-джытæ урокты уыдысты, æз иунæгæй уыдтæн ахуыргæнджыты хатæны æмæ кастæн Нажмутдинмæ. Ардæм нал цæуы. А

фæззæджы йæ Мæхæмæт ам æрбайййæфта æмæ мемæ загъд самадта, уый та сургæ акодта. Уæдæй нырмæ нал цæуы. Уый размæ-иу æрбацыди. Æрбацыди-иу æмæ-иу ыл бæрæг уыд, бирæ кæй фæхъавыд æрбацæуынмæ, уый – йæ цæсгом-иу рухс адардта, цыма дзуары бынæй рацыд, уый хуызæн. Дуар-иу куы базыхъхъыр кодта, уæд-иу дзы йæ сæр не ‘рбатъыста, фæлæ-иу дзы йæ цæсгомæн куы йæ иу фарс æрбавдыста, куы йе ‘ннæ фарс, стæй-иу æрбадзырдта уыцы зыхъхъыræй:

– Сергей, Нажмутдин иди суда можно?

Æз-иу бахудтæн æмæ-иу æм адзырдтон:

– Можно, можно, Нажмутдин!

Уый-иу, фæсдуар къулы æмбуар цы фæхс бандон уыд, ууыл æрбадтаид, æмæ-иу йæ цæсгомыл цин фемæхст, мæнæ хурварс дæлвæзмæ хур куыд ныккæса, æмæ рухс куыд адара дæлвæз, уый хуызæн. Йæ цæстытæ-иу къулыл рахæсс-бахæсс кодта. Йæ къæхтæ асдæрдмæ не ‘ххæстысты æмæ сæ тылдта: иу – размæ, иннæ – фæстæмæ. Æмæ уыцы зылын-мылын резин дзабыртыл дæр зынди, куыд цин кæны, уый.

Иухатт куы уыди, уæд абадти, абадти, стæй йæ къух, къулыл, Макаренкойы ныв кæм уыдис, уырдæм сдардта æмæ цингæнгæ загъта солыйагау:

– Уалæ уый Абдул-Башир у.

– Чи у? – бафарстон æй æз дæр солыйагау.

– Абдул-Башир.

– Кæй Абдул-Башир?

– Уалæ Кутаны вæййы.

– Цы ми дзы кæны Кутаны?

Нажмутдин йæ сæр батылдта.

– Нæ зонын.

– Куыд нæ йæ зоныс?

– Нæ йæ зонын, уæллæй. – Стæй йæ цæстытæ фæтынг кодта. – Зонын æй – фос хизы!

– Æз æй зыдтон – зоныс æй. Æмæ цы хуызæн фос хизы – лыстæг фос æви ставд фос?

– Уый нæ зонын, – йæ сæр æруагъта Нажмутдин.

Æз Макаренкойы нывмæ скастæн æмæ бахудтæн, афтæ æнæуи бахудтæн. Абдул-Баширы нæ зыдтон, æндæра, чи зоны, хъæræй бахудтаин. Æниу уæд, чи зоны, æппындæр нæ бахудтаин.

Стæй та Ленины нывмæ сдардта йæ къух Нажмутдин.

– Уалæ уый та Леин у. Леин хорз у. Хорз у Леин, нæ?

– Уæдæ! Хорз у Ленин, тынг хорз у.

Иу хатт афтæ куы бадтыстæм, уæд дуар цæхгæр фегом æмæ, йæ даргъ пъалто йæ уæнтыл уæгъд æппæрст, йæ бæрзонд къæбæлдзыг худ йæ сæрыл, афтæмæй æрбахызт Мæхæмæт. Æвæццæгæн йæхи уатæй æрбауад мæн цæмæйдæр афæрсынмæ. Бахизæны æмыр лæуд фæкодта. Йæ къух Нажмутдинмæ ныддардта, йæ цæсгом мæнмæ ныццарæзта, афтæмæй бафарста:

– Ай ам цы ми кæны?!

Мæнæн хъыг уыдысты йæ сонт митæ. Æмæ загътон:

– Нæ йæ уыныс, цы ми кæны – бады!

– Æмæ цæмæн бады?

– Уæдæ лæугæ кæна?

– Ай ахуыргæнджыты бынат у, ай!

– Æмæ цы?

– Цы, цы, алкæмæн дзы бынат нæй, æндæр цы!

– Æмæ дзы Нажмутдин бынат куы нæ агуры.

– Уæдæ дзы цы агуры?

– Ницы.

Мæхæмæт йæ пъалтойы тæрттыл кæрæдзимæ æрбахæстытæ кодта, æвæццæгæн йе уæхсчытæй куы 'рхауа йæ пъалто, уымæй тарсти.

– Афтæмæй нæм уæд та районæй исчи фæци!

– Уæд цы?

– Куыд цы?!

– Афтæ куы фенхъæла ахуыргæнæг у, уымæй тæрсыс?

– Куыд тæрсын уымæй!

– Уæдæ?

– Уæдæ 'мæ цы, уый зоныс? Дæхицæй цыдæр ма араз, мæнæ мæгуырты æмæ зондцухты бирæ чи уарзы, ахæм цыдæр. Афтæ дын зæгъын æз, гъе. Ам директор æз дæн, ды нæ фæлæ, уартæ æгас районы раз æз дзуапп дæттын скъолайы куысты тыххæй. – Уыцы ран цæхгæр аздæхт Нажмутдинмæ æмæ йыл солыйагау схъæр кодта:

– Ле, уас![1]

Нажмутдин æм скаст, йæ къæхтæ сæхи тилынæй фæлæууы-

[1] Гъей, лæппу!

дысты, цыдæр æм сцæйдзырдта, фæлæ йæм ницы сдзырдта æмæ та йæ къæхтæ уыцы дзæбæх хъеллау кæнын байдыдтой. Æмæ та уæд йæ къух сдардта Макаренкомæ.

– Уалæ уый Абдул-Башир у.

– Кæцы у Абдул-Башир? – йæ хъæр фæцыд Мæхæмæтæн.

– Уалæ уый.

– Чи дын загъта?

– Уалæ Кутаны и.

– Чи и Кутаны?

– Абдул-Башир.

– Кæй Абдул-Башир?

– Дибирты.

Мæхæмæт мæнмæ æрбакаст, æз федтон, куыд мæм æрбакаст, уый мæ цæсты кæронæй, фæлæ йæ цыма нæ федтон, афтæ бадтæн. Нажмутдинмæ кастæн æмæ мæ худын тыххæй урæдтон.

– Ай цытæ лæхуры! – фæтъæнг ласта Мæхæмæт, стæй йæ дыууæ къахæй дæр фæйнæ тъæппы æркодта Нажмутдины раз.

– Адде у ардыгæй, уæлæмæ сыст æмæ, уый дын Абдул-Башир æмæ Абдул хæрæджы дымæг!

Нажмутдины цæсгом æндæрхуызæттæ кæнынмæ фæци. Мæнмæ исдуг афтæ фæкаст æмæ худгæ ныккæнынмæ хъавы, Мæхæмæты гуымыдза ныхæстыл. Уæдæ скъолайы директор уай æмæ ахæм æнæгъдау хъæртæ кæнай! Фæлæ уæдмæ Нажмутдин йæ цæсгом цыдæр схъиуд æмбæрзт акодта йæ æрмттæй, æмæ мæ зæрдæ ныкъкъæпп кодта – кæугæ ма кæна!

Мæхæмæт мæнмæ ‘рбакасти, йæ амонæн æнгуылдзæй йæ фындзы цыргъ цъупп ныхыныл фæци – уыцы æгъдау æм уыди, истæуыл-иу куы смæсты, уæд-иу йæ фындзы цъуппыл бафтыд.

– Дæуæн та цы зæгъын, уый зоныс? Цы куысты лæуд дæ, уый бамбар æмæ дæ сæр сæрмæ хæсс!

Уæд сыстади Нажмутдин, йæ æрмттæ йæ цæсгомы уæлæ фæлдæхт, афтæмæй ахызт къæсæрæй, æмæ далæ тыргъы кæрон дуар кæм уыди, уыцырдæм араст. Æз йæ фæстæ кастæн гом дуарæй æмæ хъуыды кодтон: йæ цæстытæ æмбæрзт куы сты йæ къухтæй, уæд афтæмæй куыд цæуы? Иннæмæй та йын тæригъæд кодтон! Цыди, цыди æмæ та-иу фæцудыдта. Йæ уæгъд, йæ æнæркаст пысултæ йæ уæлæ афтæ æвæрæз змæлд кодтой, æмæ зæрдæйы тугтæ тагъди.

Уæдæй фæстæмæ мидæмæ никуыуал æрбацыд Нажмутдин. Уым фæбады, дурыл. Кæд тыргъгонды урок вæйиы, уæд чызджытæ æмæ лæппутæм фæкæсы. Кæд дзы нæ вæйиы урок, уæд та æнæуи фæбады. Фæбады уыцы урс дурыл æмæ скъолайы дуармæ фæкæсы.

Хур æввахсдæр тулын байдыдта Ансалтайы сæрты. Æрхъарм и. Къæсты арт нал кæнынц. Лæппутæ се ‘ддаг хъарм дарæстæ аппæрстой. Чызджытæй дæр бирæ нал дары йæ хъарм кæлмæрзæн. Уыдонæн сæ сæртæ уыцы дзæбæх хæрзфастæй сæхиуыл схæцыдысты, ирвæзтытæ кæнынц бæлæтты сæртау.

Уыцы бон æстæм къласы кодтон урок. Куыддæр сæ, хæдзармæ сын цы лæвæрд уыд, уымæй фарст фæдæн, афтæ дуар айгом и, айгом и, стæй къæсæрæй æрбазынд Мæхæмæт: къæсæрыл алæуыд, йæ цонг æрбадаргъ кодта мидæмæ æмæ лæппуты стырдæртæм ацамыдта:

– Ды, ды æмæ ды, рауайут!

Лæппутæ фестадысты æмæ фæцæуæг сты. Æз хъуахъдзыхæй аззадтæн, куыд лæууыдтæн, афтæ. Лæууыдтæн æмæ мæ цæстытыл уади: фæсте басырдтон Мæхæмæты, мæхирдæм æй нызылдтон, йæ сæрæй йын уыцы стыр цъæх худ фелвæстон æмæ йын дзы йæ цæсгом фыццаг иуырдæм ныддаудтон, стæй – иннæрдæм. Йæ худ мæ къухы аззад æмæ йæ цы фæкодтаин, уый нæ зыдтон. Æркастæн мæ къухмæ æмæ бахудтæн, къласыл мæ цæстытæ ахастон, скъоладзаутæ иууылдæр федтой, бахудтæн, уый. Чидæртæ сæ худызмæл дæр баци мæ худынмæ. Æз та хъуыды кодтон: афтæ йын хъæуы, гъе, стæй æрбадарæд йæ даргъ цонг дуарæй æмæ авзарæд лæппуты стырдæрты!

Урок куы фæцис æмæ ахуыргæнджыты бынатмæ куы фæцæйцыдтæн, уæд тыргъы рудзынгæй ауыдтон: лæппутæ, цал уыдысты, уалæй æртымбыл сты, физкультурæйы урок кæм вæйиы, уыцы тыргъгонды кæрон, Нажмутдин-иу кæуыл бадти, уыцы дурыл æмæ йæ уым фалæмæ фæтулынц уыцы тæссæртты. Мæхæмæт йæхæдæг дуры разæй цæуы сыдз-мыдзы, йæ къухтыл уæлæмæ схæцыд, цыма, зарæггæнджытæн зарæг куыд ныццæлхъ кæнын хъæуы, уый амыдта, афтæ. Куы-иу фæстæмæ фæкаст – æвæццæгæн, йæ къахы бын исты куы фæуа, куы ахауа æмæ йæ сыдзыл куы абада, уымæй тарст – куы та-иу дурмæ раздæхта йе ‘ргом. Стæй ауыдтон Нажмутдины – дур кæцæй атылдтой, уыцы тæккæ ран лæууыди æмæ касти, дур куыд фæцæйтылдтой, уымæ.

Æмæ мæм афтæ фæзынд, цыма ацы хатт гуыбыр нæу, цыма раст лæууы ацы хатт, æмæ бадис кодтон: уæдæ раст цæмæн хъуамæ лæууа ацы хатт?! Стæй мæм ноджы афтæ фæкаст: уым лæудзæн æмæ лæудзæн, уыцы урс дур дзы куыд лæууыд, афтæ. Æмæ уæд раст уымæн лæууы – уæдæ гуыбырæй цас хъуамæ фæлæууа!

Мæ хъуыдытæ хæццæ-мæццæ кæнын байдыдтой, æвæццæгæн. Уæддæр ма дур фалæмæ цæмæн тылдтой, уый рахатын баци мæ бон: уырдыгæй йæ куы атылдтаиккой, уæд йæ бон уыд æмæ дæле, ахуыргæнджытæ кæм цардысты, уыцы хæдзарырдæм фæзылдаид, æмæ уæд йæ пырх скалдаид хæдзарæн. Фалæмæ та зын тулæн уыд, къулы сын дæлæмæ уæз кодта, уыйæппæтæй йыл уымæн ныттымбыл сты. Мæхæмæт та сын, кæуылты йæ тулын хъуыди, уыцы рæттæ амыдта.

Уый фæстæ Нажмутдин нал зынди. Къуыри рацыдаид, кæнæ фылдæр, афтæ уыцырдыгæй чи цæры, уыцы лæппутæй кæйдæр афарстон. Уый дзурынмæ фæци:

– Нажмутдин рынчын у. Хуысгæ кæны. Знон æм Салихат Муслимæты фæцæй кодта.

– Салихат чи у?

– Йæ фыдыхо.

– Муслимæт та?

– Муслимæт дæсны у. Чи фæрынчын вæййы, уымæ йæ бакæнынц.

– Æмæ йæ сдзæбæх кæны?

– Гъойы, – загъта лæппу.

Уыцы изæр ацыдтæн Нажмутдинтæм. Мæ фæндаг дуканийыл акодтон, дыууæ армыдзаг къафеттæ йын балхæдтон. Нажмутдин хуыссыд мидæггаг хатæны, хатæнмæ рудзынг царæй уыд æмæ гæзæмæ рухс уыди мидæгæй. Нажмутдин хуыссыд, куыд æй равзæрстон, афтæмæй нымæты уæлæ, йæ уæлæ та кæрц æмбæрзт уыд. Йæ сырх цæсгомыл цыдæр æнæуд хиды æртæхтæ бадт – уый дæр равзæрстон. Йæ улæфт мæ зæрдæмæ нæ цыд: куы-иу æгæр феуæгъд сты йæ улæфæнтæ, куы та-иу ын сулæфын нал æнтыст – цыма-иу искуы истæуыл схæцыд йæ улæфт. Æз бадтæн, йæ разы цы тъæпæн бандон æвæрд уыд, ууыл, æдзынæг кастæн Нажмутдинмæ æмæ хъуыды кодтон: куыд-иу цин кодта, скъоламæ-иу куы баирвæзти, уæд! Æнæуи дæр скъола уыд йæ цин, æвæццæгæн, æндæр цин нæ зыдта. Æмæ нал и

уыцы цин, налдæр ахуыргæнджыты уатмæ бахиздзæн, нал дæр æдде уыцы урс дурыл абаддзæн.

Нажмутдин къафетты дзæкъул йæ риумæ фæкъул кодта, стæй сæ иугай дæлдæр æвæрын байдыдта – нымайгæ сæ кодта. Йæ ныхас нæ хъуыст, фæлæ йæ былты змæлдыл бæрæг уыд, куыд нымадта къафеттæ, уый:

– Цо, къиго, тлабго, унхъо, шуго...

Къафеттæй фондз æрæвæрдта дæлдæр æмæ æрлæууыд, æмæ æз бамбæрстон – дарддæр дзы ферох и нымад.

– Цы дæ риссы, Нажмутдин? – бафарстон æй, цæмæй, дарддæр куыд уыди нымад, ууыл ма тыхса, уый тыххæй.

– Нæ зонын, – загъта æнæмæтхуызæй Нажмутдин.

Йæ цæстæй нæ каст, йæ цæстыты уæлтъыфæлттæ цыма рæсыд уыдысты, афтæ зынд æмæ фæлдæхтæй лæууыдысты йæ цæстытыл. Æз ын æнкъардæй кастæн йæ цæстытæм, стæй йæ бафарстон:

– Ботлихмæ дæ нæ фæнды?

Уымæн йæ былтæ базмæлыдысты, фæлæ сæ ныхас нæ райхъуыст. Стæй та ногæй базмæлыдысты.

– Æз Ботлихы никуы уыдтæн.

– Æмæ дæ нæ фæнды?

– Нæ зонын.

– Ботлихы рынчындон ис, хорз рынчындон, æмæ рынчындоны ис дохтыртæ æмæ рынчынты дзæбæх кæнынц.

Нажмутдин йæ сæрыл ме ‘рдæм æрбахæцæгау кодта.

– Мæхæмæт дæр уым и?

Æз бамбæрстон, директорæй зæгъы, уый, фæлæ уæддæр бафарстон:

– Кæй Мæхæмæт?

– Уый, уалæ скъолайы Мæхæмæт.

– Нæгъ, скъолайы Мæхæмæт уым нæй.

– Уæдæ хорз.

Æндæр ницуал загъта Нажмутдин, æмæ йæ æз нæ бамбæрстон, Ботлихмæ цæуыныл сразы æмæ уымæн афтæ загъта, æви æнæуи загъта афтæ.

Куы рацыдтæн, уæд мæ зæрды уыди хъæусоветмæ фездæхын, кæд Ботлихмæ бадзуриккой æмæ рынчындонмæ аласиккой Нажмутдины, фæлæ хъæусоветæй рухс нал цыд.

Стæй уыцы æхсæв федтон фын. Цыма Нажмутдин цы дурыл бадти, уый афтæ тымбыл нал уыди, фæлæ дæргъæццон фестад.

Фестади дæргъæццон æмæ йыл иуырдыгæй Нажмутдин йæхæдæг хæцыд йæхирдæм, иннæрдыгæй та – Мæхæмæт. Ныр Мæхæмæт афтæ тынг хæцыди дурыл йæхирдæм, æмæ йæ цæсгом ныддæвдæг и фырхæстæй, йæ бинаг æфсæр та æддæмæ рабырыд. Нажмутдин дæр хæцыд, фæлæ уымæн йæ цæсгом, куыд худындзаст вæййы, афтæ худындзастæй баззад, йæ сырх дæр фæбадти йæ цæсгомæн. Уалынмæ дур феуæгъд и Нажмутдины къухтæй, Мæхæмæт нæ баурæдта дуры уæз, фæстæмæ цалдæр æнæбары къахдзæфы акодта æмæ фæуæлгом, дур та йæ уæлæ дæргъæйдæргъмæ фæлдæхтæй аззад. Уæдмæ йæ худ йæ сæрæй фæиртæсти Мæхæмæтæн, йе стыр цъæх худ, æмæ тулынмæ фæци уыцы уырдыджы уым дæлæмæ. Ахуыргæнджыты хæдзары фæрсты ныттылди уыцы дзæбæх æмæ, дæлдæр, цыхцыры дон кæдæм æмбырд кæны, уыцы цады йæ тъæпп фæцыди.

Нажмутдин уæле касти худы фæдыл, æмæ, худ цады куы смидæг, уæд хъæрæй ныххудти.

Август, 2015

ШАХБАН

Ботлихы бæрзондæй далæ бынмæ Ансалтайы фæндагмæ мæхи ауагътон уыцы æмуырдыджы. Цы раздæх-баздæхгæнæн фæндаг дзы уыди, уый цæхгæрмæ ныллыг кодтон. Ууылты дæр уыди фæндаг, æз æй кæуылты ныллыг кодтон, ууылты, фæлæ йыл цæуæг бирæ нæ уыд – кæй хастой йæ уæнгтæ, уыцы уырдыджы йæхи ауадза, уымæ! Æмæ фæндагæн нæ йæ былтæ зындысты дзæбæх, нæ – йæ бын. Æз уыдæттæм нæ кастæн, æз уадтæн уыцы уырдыджы, мæхиуыл фæстæмæ хæцын куыд фæрæзтон, афтæмæй. Разæй мæ риуыл æмбæлдысты уыцы фидар уæлдæфы фæрчытæ, пырх кодтой мæ риуыл æмæ фæзгъæргай тахтысты мæ фæйнæ фæрстæм. Æрмæст ма-иу сæ къуыс-къуыс аззади мæ хъусты – сæ фидар, сæ мæстæг къуыс-къуыс.

Ныр арæх æрлæууы мæ зæрдыл уыцы изæр – æмæ сæ æниу кæцы не ’рбалæууы мæ зæрдыл мæ лекъаг изæртæй! – æмæ уæд цыдæр æндæр рухс æрбакæлы мæ удмæ, хъарм рухс, фæлмæн рухс, зæрдæйыл æхсызгон хъыдзы кæмæй бафты, ахæм рухс. Ам уыцы рухсы хуызæн рухс нæй – уыцы изæрты хуызæн изæртæ дзы нæй, æмæ дзы кæцæй æрцæуа ахæм рухс! Ахæм рухс уым и æрмæст.

Фæлæ уыцы изæр уæддæр æндæрхуызондæр уыди – уырдыгондæр, хæххондæр, уæлтæмæнджындæр. Уæдæ куыд фæраст дæн уыцы иунæгæй, уыцы афон, уыцы æнæзонгæ фæндагыл! Нырма йыл æдæппæтæй дыууæ цыды йеддæмæ куы нæ акодтон – иу цыд ыл дæлæмæ акодтон, иу цыд ыл фæстæмæ ‘рбакодтон. Уæдæ уырдыгæй уырдæм æнæхъæн бонцау уыд, æмæ йыл адугъ кæнон, уымæ куыд рабастон мæ гæрзтæ! Адугъ кæнын цас уыди мæ бон, уымæй мæм адугъ кæныны ныфс фылдæр цæмæн уыд?!

Не ‘мбырд æгæр бирæ ахаста. Нырма скъоладзаутæй бирæтæ нæма цыд скъоламæ, æмæ уый фæдыл уыди æмбырд райахуыры хайы. Хъуамæ цæугæ директор акодтаид æмбырдмæ, фæлæ, мæ сæрæн нæ дæн, загъта, æмæ мæнæн цæугæ æрцыди. Исдуг цæуынвæнд нал кодтон – цафон ма фæхæццæ уыдаин! Фæлæ мыл тæккæ хъæуы астæу, уæлбыл хæрæндон кæм уыди – хæрæндон дæр уыди æмæ нуазæндон дæр – уым мыл иу ирон лæг амбæлд, йæ ном Саге хуынди. Уым царди иу-цалдæр азы, фосы дохтырæй дзы куыста кæмдæр, æмæ мæм ныххатыд:

– Фæйнæ баназæм.

Æз æм мæхи бакъултæ кодтон – цæй нуазыны лæг и мæнæй!

Уый мын йæ даргъ цонг ме уæхсчытыл æрбатыхта.

– Уæдæ ма цы хуызæн вæйыы нуазыны лæг! Уартæ Дзæуджыхъæуы институт каст чи фæци, далæ Ансалтайы завучæй чи кусы – уый ма кæд нæу нуазыны лæг, уæд æз нæ зонын.

Уыцы дзырд ме ‘мдзу кодта – завуч. Солыйаг æвзагыл ын цыбырæй зæгъæн нæй, иронау ын куыд нæй цыбырæй зæгъæн, афтæ, æмæ мыл мæ номау сбадти. Чи зоны, йæ мидæг ахуыры кой кæй зæлы, уый тыххæй дæр сын æхсызгон уыд уыцы дзырд дзурын, цыдæр рухс сын хаста сæ зæрдæтæн, чи зоны, йæ кой, æмæ хистæртæй – лæгтæй дæр æмæ устытæй дæр – мæ ном, æвæццæгæн, зонгæ дæр ничи бæрæг кодта. Мæхимæ дæр мын афтæ дзырдтой, мæ кой кæм уыдаид, уым дæр – афтæ.

Фефсæрмы дæн Сагейæ, мæнæ, æфсæрмæй сæфт кæмæй фæзæгъынц, уый, æвæццæгæн, мæнмæ хауы æппæты фыццаг.

Куы аныстам, – лæугæйæ аныстам, – уæд мæм цæуын ма ‘рцæуа! Уый мæ нæ уагъта, мæ дысыл мын ныххæцыд, фæлæ мæнмæ афтæ ‘рцыди цæуын, афтæ мæ æрфæндыди Ансалтайы балæууын æмæ мын бауромыны амал нал уыди.

– Ардыгæй Ансалтамæ цас и, уый зоныс? – Йæ сæр мæм æртхъирæнгæнæджы æнкъуыст кодта Саге.

– Зонын, – цыма мын æхсызгон уыди, афтæ бирæ кæй ис ардыгæй Ансалтамæ, уыйау разæнгардæй дзырдтон æз.

– Кæд ма фæхæццæ уыдзынæ, ныр мæнæ изæр у!

– Фæхæццæ уыдзынæн.

– Уæд та искуы дзæгъæл фæдæ æнæзонгæ фæндæгтыл!

– Фæндаг комкоммæ цæуы Ансалтамæ, фæдзæгъæл дзы уон, уымæй мын тас нæу.

Куы нæ рацыдаин, уæд мæ сæхимæ кодтаид, уым цардысты Ботлихы, Ансалтамæ куы нæма ацыдтæн, уыцы бонты сæм бахаудтæн кæддæр. Чидæртæ ма сæм уыди бынæттон цæрджытæй. Фынгыл арыд стуры сæр, æвæццæгæн æй йæ куыстæй æрхаста. Фæйнæрдыгæй йæ хепп кодтой лæгтæ æмæ йæ арыды тæф улæфæнтыл æмбæлд.

Уырдыг фæсте аззади, иу-цалдæр фæзилæны дæр бауадтæн. Ботлихæн йæ куыйты рæйын нал хъуысти, уæддæр нæма банцадтæн мæ дугъæй. Иу фæзилæнæй та куы фæфале дæн, уæд фæфæнд кодтон – цæй ныр та цæугæ акæнон, кæннæуæд уæд та исты кодтон фырдугъæй! Цалдæр къахдзæфы акодтон нымадæй, æндæр нæ – цæуын мæм нæ цыди, дугъ кæнын мæм цыди. Æмæ та фæтъæбæртт ластон.

Лекъты бæстæ хæххон бæстæ у. Нæ фыдæлтæ йæ Лекъ хуыдтой, йæ цæрджыты та – лекъæгтæ, кæнæ та афтæ – лекъ. Ныр уыцы бæстæ Дагестан хонынц Иры, йæ цæрджыты та дагестайнæгтæ. Дагестан араббаг æвзагыл амоны бынат, хæхты бæстæ. Æмæ хæххон бæстæтæ бирæ и, фæлæ сæ йæ ном æрмæст ацы бæстæн хуыйны хæхты бæстæ. Ам хæхтæ афтæ æвæрд сты, æмæ сæ иу нæма фæвæййы, æмæ иннæ райдайы, мæнæ дзы цыма цæугæ нæ кодтой æмæ сæ тыхтъыст ныччынди. Сæ сæртæ коса, афтæмæй кæрæдзимæ кæсынц, цыма, афтæ бæгъæмсар кæй сты, уый тыххæй тæригъæд кæнынц кæрæдзийæн.

Бынæй сæ рæбынты Хъаспы денджызмæ цы цæугæдæттæ бырсы, уыдонæн сæ фæйнæ фæрсты адаргъ сты дыргъдæттæ æмæ сæнæфсиртæ – лекъаг дыргъ æмæ сæнæфсир номхæссæн сты сæ хæрзад æмæ сæ хæрзадæй. Дыргъдæттæ ‘мæ сæнæфсирты сæрмæ дыууæрдыгæй дæр хæхты фæхстыл баныхæстысты хъæутæ, иу хæдзар иннæмæн йе ‘ккой кæм бады, ахæм хъæутæ – цардæгас æмæ цæрæццаг хъæутæ. Стæй фæндæгтæ – бирæ фæндæгтæ – хъæуæй хъæумæ фæндаг, хохæй хохмæ фæндаг, комæй коммæ дæр фæндаг. Дард фæндæгтæ, нарæг фæндæгтæ.

Кæм ронау сæхи ‘рбабæтдзысты хохы сынæгыл, кæм фæхæрд кæндзысты уалæ рагъы сæрмæ, кæм сæхи бахæсдзысты, æмуырдыг чи ацыд, уыцы айнæгмæ, æмæ фæци дæ хохаг фæндаг. Алæуу гыццыл айнæджы уæлхъус, стæй дæ мидбынат æрзил æмæ дæ фæд-дæ фæд араст у фæстæмæ. Фæлæ Лекъты бæсты æрдæгвæндагæй здæхыны фæтк нæй – кæйдæр гæрзифтонг къухтæ айнæджы фарсы басагътой æфсæн мæцъистæ, уæле сыл фæйнæджытæ авæрдтой, хиды хъæдтыл куыд авæрынц фæйнæджытæ, афтæ, æмæ дарддæр цу – фистæг уай, бæхджын уай, машинæйы бадай! Цалынмæ уыцы æрвон хидыл хизай, уæдмæ фæтæссар кæндзæн фæндаг æмæ далæ комы доны былтыл адаргъ и къæдзмæдзытæгæнгæ.

Нæй, Лекъты бæсты фæндæгтыл чи нæ ацыди, уый фæндагау фæндаг никуы федта.

Иу фæхæрдгæнæны куы суадтæн, уæд мæ разы байгом и уыцы фæз – лæгъз лæгъз. Йæ кæрæттæ сæхи ахастой æмæ хохыл банцадысты. Мæнæ, Байкалы цад куыд æрбынат кодта хæхты сæр, афтæ уыди ацы фæзы хъуыддаг дæр. Афтæ зынди, цыма йыл хæхтæ схæцыдысты сæхæдæг сæ фидар уæхсчытæй æмæ сын цыма сæхицæн дæр цыдæр уазбынат уыди хæхтæн.

Уый фæстæ дзы, уыцы изæрæй бирæ-бирæ фæстæдæр, хæдтæхджытæ кæцæй стæхынц æмæ, кæм æрбадынц, ахæм бынат сарæзтой. Тæхынц къаннæг хæдтæхджытæ Лекъты бæстæм, хæссынц адæмы хæхты сæрты, æмæ кæсынц адæм хæхтæм уæле дæлæмæ. Цæрæнбонты сæм уæлæмæ фæкастысты, ныр сæм уæле кæсынц. Чи зоны, хæхты уаг нæу хæхтæм уæле кæсын, æмæ хæхтæн сæ арф рæбынты, йæ хæрæг йæ разæй, афтæмæй бирæ чи фæрацу-бацу кодта, уый ныр хæдтæхæгыл бабада, уый мæ нæ уырны, стæй, раст куы зæгъон, уæд мæ фæндгæ дæр нæ кæны.

Иу-дзæвгар куы бадугъ кодтон уыцы стыр фæзы, уæд уартæ фæзы фаллаг кæрон иу бæхджын æрбаскъæры. Æз мæ дугъ кæнын фæуагътон, цыма иу дугъ дæр нæ кодтон æмæ иннæ дæр, афтæ цæуыныл фæдæн. Бæхджын мæм уайтагъд æрбахæццæ, мæ разы фæурæдта йæ бæх æмæ æргæпп кодта. Мæнæн хъыг уыди, – йæ бæх кæй фæурæдта, уый дæр мын хъыг уыди, æмæ мæ разы кæй æргæпп кодта, уый дæр. Уæддæр æм бакастæн – саухил, саулагъз – æниу амы лæппутæ ‘мæ чызджытæй саухил æмæ саулагъз чи нæ у! Нырма худ дарынхъом чи нæ у, ахæм лæппу. Мæ цæстытæ йын æрхæцыдысты йæ сау

æрфгуытыл – хъуынджын æмæ пыхцыл æрфгуытæ, цыма сæ барæй спыхцыл кодта. Йæ цæстытæ та æнкъард уыдысты æмæ нæ фидыдтой уыцы пыхцыл æрфгуыты бын æнкъардæй.

– Завуч, – æрбадзырдта мæм æмæ ферхæцыди, мæнмæ афтæ фæзынд, къæмдзæстыг фæци æмæ уымæн ферхæцыд, – æз дæу агурын, скъоламæ дæр дæм бацыдтæн æмæ уым нæ уыдтæ.

Æз æй нæ зыдтон, кæд æй искуы федтон, уæддæр æй нæ хъуыды кодтон æмæ батыхстæн – ныр æй ацу æмæ рафæрсбафæрсыл схæц! Уæддæр бахудтæн.

– Æппындæр нæ уыдтæн скъолайы!

Лæппу дæр бахудызмæл и. Æвæццæгæн æй бахудын фæндыд уый дæр, фæлæ йæ цæстытæ нæ фезмæлыдысты æмæ, цæстытæ куы нæ фезмæлой, уæд афтæмæй худæн и!

– Æппындæр дзы нæ уыдтæ.

Уырыссагау æвзæр нæ дзырдта – рæдигæ кодта, рæдигæ куыд нæ кодта, фæлæ цыма, афтæ æмбæлы, уымæй уæлдай йæ хъус нæ дардта йæ рæдыдтытæм æмæ дзурын фæрæзта.

– Æмæ дзы цæмæннæ уыдтæн æппындæр, уый зоныс?

– Ботлихы уыдтæ ‘мæ уымæн.

– Нæ, Ботлихы кæй уыдтæн, уый аххос нæ уыд. Уымæн дзы нæ уыдтæн, æмæ ды скъоламæ нæ цæуыс.

Лæппу йæ сæр æруагъта, зæхмæ ныккаст.

– Æз фарон цыдтæн скъоламæ. Фарон нæ рауагътой. Æвдæмтæ фæдæн. Ацы аз хъуамæ æстæмтæм бацыдаин, фæлæ мæ нæ бауагътой.

– Чи дæ нæ бауагъта?

– Нæ бинонтæ дæр мæ нæ бауагътой, æмæ нæ хæстæджытæ дæр.

– Цæмæннæ?

Лæппу арф ныуулæфыд, йæ хъуыддæгтæ чи бакæны, уый куыд ныуулæфы, афтæ. Дзургæ ницы скодта. Æз-иу ын куы йæхимæ бакастæн, куы – йæ бæхмæ. Уæдæ æндæр кæдæм кастаин! Уый йæ иу къухæй бæхы барцыл хæцыди, йе ‘ннæ къух йæ хистæр æнгуылдзæй ауындзæгæй лæууыд йæ хæлафы комдæлыл. Бæхыл саргъ нæ уыд, нæ дæр ыл идон уыд, згъæлаггомы бæсты йæ былты кæронæй цыдæр гæрз радаргъ и, уый йæ рон уыди лæппуйæн – уайтагъд æй рахатыдтон. Æмæ уæд сæхицæй нæ рацыди бæхыл, уæд кæйдæр бæх у, кæмдæр æй рацахста æмæ йын йæ ронæй идон ацарæзта.

– Дæ ном цы хуыйны?

Лæппу йæ сæрыл схæцыд, æвæццæгæн ын æхсызгон уыди, йæ номæй йæ кæй бафарстон, уый.

– Мæ ном Шахбан, – загъта лæппу æмæ бæхы дæллагхъуыр йæ сæр фæцавта. – Мæнæ ма бадгæ скæн, мæнæ ам -былыл дур и, – æвæццæгæн, тагъд-тагъд кæй улæфыдтæн уыцы дугъы фæстæ, уый рахатыдта. Æмæ, æцæг, нæ фæстæ фæндагæн йæ тæккæ былыл уыди, дыууæ лæджы фæрсæй-фæрстæм кæм æрбадтаиккой ахæм дæргъæццон дур. Дурæн йæ уæлцъар уыди лæгъз, тынг лæгъз, йæ фырлæгъзæй æрттывта. Хуры тынтæм-иу ыл, зынджы уæлæ æртхутæг куыд абада, афтæ цыдæр абад-ти æмæ та-иу аныгъуылди дуры мидæг. Уый йыл фæндаггæттæ бирæ кæй фæбадтысты, уымæн афтæ ныллæгъз ис, – хъуыды кодтон æз, – æнæуи афтæ нæ ныллæгъз уыдаид, дунейы лæгъзгæнæнтæй йæ куы лæгъз кодтаис, уæддæр. Æмæ йыл уагæ-ры цас фæбадтысты, æмæ уагæры кæдæй нырмæ лæууы ацы дур ацы ран!

Æз бадтæн, ахæм æхсызгон бадтæй, нырма никуы бадтæн, æвæццæгæн. Лæппу æмæ бæх лæууыдысты.

– Шахбан, – загътон æз дæр, иу-цасдæр куы абадтæн, уæд, фæрсгæ йæ ницæмæй кодтон, æнæуи загътон. Æхсызгон мын уыди, ацы саусæр лæппу Шахбан кæй хуыйны æмæ Мæхæмæт кæй нæ хуыйны, уый. Ансалтайы ахæм хæдзар нæ разындаид, æмæ Мæхæмæт кæм нæ уыди. Бирæ хæдзæртты дыгай Мæхæмæттæ дæр уыди. Кълæсты дæр цалдæргай Мæхæмæтты Мæхæмæттæ уыди, æмæ сæ куыд нæ хæццæ кодтаиккой ахуыр-гæнджытæ, уый тыххæй сыл номыртæ дардтам. Кадджын уыди сæ цæсты Мæхæмæт-Пехуымпар, Хуыцауы арфæйæ хайджын уæд, æмæ йын йæ ном æвæрдтой æмæ æвæрдтой.

– Шахбантæ бирæ куы нæ и Ансалтайы, нæ? – бафарстон æрæджиау лæппуйы.

– Æртæ стæм æдæппæтæй стыртæ. Сывæллæттæй дæр ма уыдзæн Шахбантæ.

– Æмæ ды кæй Шахбан дæ?

– Æз Абубакарты Шахбан.

– Далæ, хутырты рæбын ГЭС чи сарæзта, уый та кæй Шахбан у?

– Уый дæр Абубакарты Шахбан. – Лæппу йе ‘рфгуытыл схæцыд, йæ цæстытæ базмæлыдысты. – Æмæ йæ цæмæй зоныс, Шахбан ГЭС сарæзта, уый?

– Алчи йæ куы зоны, уæд æй æз цæмæннæ хъуамæ зонон!

– Уынгæ дæр æй фæкодтай?

– Уынгæ дæр æй фæкодтон, – дзырдтон цыдæр разæнгардæй æмæ ма ноджыдæр куы дзырдтаин истытæ уыцы ГЭС-ы тыххæй, афтæ мæ фæндыди. Уæдæ диссаг нæу, уымæй ма диссагдæр исты уа – ГЭС уынгæ макуы фæкæнай, афтæмæй ныццæуай донбылмæ æмæ дзы ГЭС саразай!

Йæ кой йын раздæр фехъуыстон ГЭС-æн. Куыддæр æрцыдтæн Ансалтамæ, афтæ – скъолайы дæр-иу кодтой йæ кой, хъæууынгты дæр. Фæлæ уыцы ныхæстæм уа бæрæг ницы æрдардтон мæ хъус – иуæй мæ æвдæлгæ нæ кодта скъолайы хъуыддæгтæй, иннæмæй та йæ æнæуи хъазæн цыдæр æнхъæлдтон. Стæй йæм иу бон ныццыдтæн æстæм къласы лæппутæй кæимæдæрты. Лæппутæ йæ алыварс æртымбыл сты, чи сæ йæ уæрджытыл æрлæууыд, чи дзуццæджы æрбадт, æмæ кæрæдзи дзыхæй дзырд скъæфтой, афтæмæй дзырдтой æмæ дзырдтой – куыд æй сарæзта, цæмæй йæ арæзта, цы аразы, уый куыд никæмæн хъæр кодта. Лæппутæ афтæ разæнгардæй дзырдтой, æмæ сын сæ дзыхтæм кæсынæн бахъуыдтæн, æмæ, цы дзырдтой, уымæн ницы бамбæрстон. Æниу сæм цыфæнды хорз куы хъуыстаин, уæддæр цы хъуамæ бамбæрстаин ГЭС-ы хъуыддæгтæн! Стæй йæ скусын кодтой æмæ, риуыл даргæ фæрдыгæй гыццыл стырдæр чи уыд, ахæм цырагъ куы стæпп кæнид! Стæпп кодта уыцы гыццыл рухсы бындзыг æмæ цыма уыцы ком æгасæй дæр байдзаг и рухсæй, афтæ мæм фæкаст. Æз æм æндзыгæй баззадтæн, уый та-иу мæм йæ гыццыл цæст фæныкъуылдта, уыцы гыццыл дæргъæццон цырагъ, цыма мын афтæ дзырдта, æз гыццыл нæ дæн, нæ, æз стыр дæн, æз афтæ стыр дæн æмæ ацы хæхты нæ бацæудзынæн, æмæ афтæ стыр кæй дæн, мæхи дæм афтæ гыццылæй уымæн æвдисын.

Æмæ та-иу мæм фæныкъуылдта йæ цæст.

Æмæ, дам, зæххыл авд диссаджы йеддæмæ нæй. Нæй дзы уæдæ? Æмæ та мæ цæст æрхастон Шахбаныл дæр, йæ бæхыл дæр.

– Æмæ дæ скъоламæ нал бауагътой, зæгъыс?

– Гъо.

– Цæмæннæуал?

Лæппу та йæ къæхтыбынæй ныуулæфыд, – кæмдæр йæ хъуыры цæуылдæр фæхæц-фæхæц кодта йæ улæфт, стæй загъта:

– Ус, дам, дын курæм.

– Цы, дам, дын курæм?

– Ус, дам.
– Кæмæн?
– Мæнæн, дам.
– Цæмæн?

Шахбан ницуал загъта, æмæ ма цы загътаид! Цы ма дзырдтаид ме ‘дзæлгъæд фæрстытæм! Æвæццæгæн, фæткуыл нæ рамæсты дæн. Уæдæ цавæр ус куырд у?! Æмæ цы хуызæн ус куырд у! Æмæ нырма сывæллон куы у уæртæ! Æмæ уый ахуыр кæнын куы хъæуы уыцы зæрдæргъæвд æмæ цыбæлæй!

– Æмæ дæ нæ фæнды?
– Цы?
– Ус дын ракурой, уый?
– Кæм мæ фæнды, куыд мæ фæнды?!

Бадтæн æмæ хъуыды кодтон, цæмæй ма йæ бафæрсон? Сæртæг та куыд нæ рауайа мæ фарст, læппуйы зæрдæ мыл куыд нæ фæхуда? Уæд та йæ мацæмæйуал фæрсон. Фæлæ нæ læууын – уæдæ йын цафон курынц ус? Æндæр сын ницы куыст и!

– Æмæ, дам, дын кæй курæм?
– Хадижайы.
– Æмæ кæй чызг у Хадижа?
– Мæхæмæты.
– Кæй Мæхæмæты?
– Нæхи.
– Куыд уæхи?
– Афтæ – нæхи. Мæ фыды ‘фсымæры læппу у Мæхæмæт.
– Уæд иу туг – иу стæг не стут?
– Стæм, уæдæ не стæм!
– Æмæ афтæмæй læг æмæ ус куыд хъуамæ уат?
– Шариат, дам, афтæ амоны.
– Уый цы хуызæн Шариат у! – æнæбары ма бахъуыр-хъуыр кодтон æз æмæ та æрсабыр дæн.

Æмæ бадтæн уыцы læгъз дурыл. Цы хорз у, ам дур кæй разынди, уый хуызæн læгъз æмæ хъарм дур, æндæра уыйбæрц læууын кæй бон бауыдаид! Шахбан læууыди, læууыди бæх дæр. Бæх-иу йæ раззаг къæхтæй куы иуæй æркъуырдта зæхх, куы-иннæмæй, æвæццæгæн æм цæуын цыди, læууын æм нæ цыди.

– Æмæ Хадижайы фæнды?
– Цы?
– Чындзы цæуын?

– Æмæ йæ чи фæрсы? Хистæртæ бауынаффæ кæндзысты, кæм цæрдзыстæм, ахæм къуым нын бацъаппытæ кæндзысты искуы. Стæй йæ устытæ иу изæр топтыхт скæндзысты гауызы кæнæ нымæты, схæцдзысты йыл цалдæрæй æмæ йæ уыцы тыхтæй æрбамидæг кæндзысты, цы къуымы цæрдзыстæм, уырдæм. Стæй йæ фæндгæ дæр цæмæннæ кæндзæн! Ам сæм раджы ‘рцæуы чындзы цæуын чызджытæм. Æмæ йæм чындзы цæуын куы ‘рцæуа, уæд ма цы бада! Ахуыр нæ кæны, æндæр нæ кæны. Сывæллæттæ арын æй хъæуы æмæ уыцы хъуыддаг æрдзæй рахæссы йемæ.

– Дæ карæн у Хадижа дæр?

– Иу азыккæттæ стæм.

– Рæсугъд у?

– Рагæй йæ нал федтон æмæ цы хуызæн у, уый нæ зонын, æвæццæгæн ын йæ хъусы бацагътой, æз æй курдзынæн æмæ мæ йæхи æмбæхсы.

– Дард уæм цæрынц?

– Нæгъ. Мах сæ сæрмæ цæрæм. Уыдоны уæлхæдзар нæ рахизæн у махæн, нæ рацæуæн æмæ нæ бацæуæн. – Шахбан фæлæууыд, хурмæ скасти йæ къухы ауунæй æмæ йæм иуцасдæр фæкасти, стæй æруагъта йæ къух. – Æмæ дæ уымæн агуырдтон. Ды мын куы ницы баххуыс кæнай, уæд мын æндæр ничи ницы баххуыс кæндзæн. Мæн ацæуын хъæуы, мæн фенын хъæуы, базонын хъæуы мæн. Æз Ботлихæй дарддæр никуы уыдтæн æмæ хъуамæ мæ цард Ансалтайæ Ботлихы онг йеддæмæ ма аххæсса! Æмæ мæ цæмæн бахъуыд ахæм цард!

Æз зыдтон, Ансалтайы ахæм зæрæдтæ уыди, æмæ Ботлихæй дарддæр никуы никуыдæм ацыдысты. Стæй Ботлихмæ дæр мæнæ-мæнæ арæх не ‘фтыдысты. Æмæ сын тæригъæд кодтон мæхи мидæг. Уæдæ цы уæзæгыл райгуырай, уыцы уæзæгыл арвитай дæ цард сæрысуангæй?! Уынгты арадугъ-бадугъ кæнай, уыцы нарæг дурын уынгты, стæй хæрæгыл уалæ рагъы фæсте суг æмæ холлаг хæссынхъом куы фæуай, уæд дын ус ракурой æмæ хæдзары хицауæй цæрынтæ байдайай! Доны фых хæмпъалытæ хæрай фысы къæдзилæй арæзт чурпаимæ!

Æмæ та-иу бакастæн Шахбанмæ – уыцы саухил æмæ саулагъз læппу – æмæ хъуамæ уыцы æнæхайыры шариаты амæддаг бауа! Æмæ уым, уыцы рагон бадæн дурыл бадтæн, афтæмæй нæхимæ балæууыдтæн. Æмæ мæ цæстытæ Хуындæгыл куы

‘рхæциккой! Мæ дзæбæх æмбал Цæрайы æфсымæрыл. Техникумы директорæй куыста Хуындæг, уæртæ проспекты куы уыди йæ техникум. Æмдзæрæнмæ-иу нæм арæх æрбауад æмæ-иу нын æнæхъæн дзæкъулыдзаг æрбахаста хæринæгтæ. Æмæ-иу нæм дзургæ ницыма скодта, афтæмæй-иу йæ худыны хъæр ссыди. Йæ дзæкъул-иу ын нæ гыццыл скъапгондмæ равдæлон кодтам. Æмæ ма-иу махæй хъалдæр чи уыди Цæраимæ! Æмæ уæззау хъуыды æрцахста мæ зонд, бæрнон хъуыды, æгæр бæрнон: уырдæм арвитон цæй æмæ Шахбаны, Хуындæгмæ йæ арвитон! Фæлварæнтæ фесты, чи хауди, уыдон бахаудтой, ахуыр райдыдтой. Фæлæ мыл цыдæр ныфс æфтыдта Хуындæджы худгæ цæсгом: кæд уал æй урокты бадын бауадзид, стæй, зымæджы фæлварæнтæ куы кæной, уæд ын кæд исты гæнæн фæуид æмæ йæ айсид. Æмбæрстон æй – æгæр стыр хæс æвæрын Хуындæгыл, фæлæ цы фæуа Шахбан? Цы фæуа, цы?! Æмæ ма йыл фæстæмæ фæхæц-фæхæц кодтон мæ ныхасыл, уæддæр æй загътон:

– Дзæуджыхъæумæ ацæудзынæ?

– Цæмæ? – йæ цæстытыл схæцыди Шахбан.

– Мæхæдæг дæр ыл дзæбæх нæма ‘ууæндын, фæлæ бафæлварæм, бафæлварын æвзæр нæу.

– Цы бафæлварæм?

– Цы, цы, æз дын гæххæтт ныффысдзынæн мæ зонгæмæ. Æмæ ды ахæсдзынæ уыцы гæххæтт Дзæуджыхъæумæ.

Шахбанæн йæ цæстытæ айтынг сты, афтæмæй мæм сæ ныццарæзта. Æз сæ цæмæйдæр фæтыхстæн уыцы тымбыл сау цæстытæй æмæ та дзурыныл фæдæн.

– Ацæудзынæ тæккæ райсом, кæннæуæд байрæджы кæндзыстæм, æнæуи дæр байрæджы кодтам.

– Чи у дæ зонгæ? – бафарста мæ Шахбан, афтæ æдæрсгæ æмæ мæ афтæ арæхстгай бафарста, цыма цы сфæнд кодтон, ууыл куы баныдзæвой йæ ныхæстæ, куы йæ бакъуырой æмæ куы базгъæлæнтæ уа.

– Техникумы директор.

– Кæцы техникумы?

– Индустриалон техникумы.

Шахбан йæ æрмттæ пысылмон фæлдæхт фæкодта уæлгоммæ, стæй цыдæртæ дзургæ-дзурын – æз кæй не ‘мбæрстон, ахæм цыдæртæ, æвæццæгæн, пысылмон куывды ныхæстæ уыдысты – йæхи ауагъта æмæ йæ уæрджытыл æрлæууыд.

Мæнæн мæ ныхыл цыдæр уазал хиды ‘ртæхтæ куыд абадт, уый рахатыдтон. Фестадтæн, хъуамæ йын бауайдзæфтæ кодтаин, уæдæ йын уыдон цы хуызæн уæрджытыл лæудтытæ сты! Фæлæ кæд кувгæ кæны, – хъуыды кодтон, – уæд ацу ‘мæ йын фескъуын йæ куывд?!

Афтæ лæууыдыстæм. Уый – йæ уæрджытыл, æз – мæ къæхтыл. Уый дзырдта цыдæртæ, æз æдзæмæй лæууыдтæн.

Хур рагъы сæрты фæцæйтылди, рæхджы рагъы фæстæ фæуыдзæн, æмæ хæхтæ сæ изæры фæлгонцы æрæмбæхсдзысты, стæй фæндæгтæ нал зындзысты, æмæ сыл цæуæг нал уыдзæн. Ныссабыр уыдзысты уыйæппæт фæндæгтæ. Æниу, се ‘ппæт нæ ныссабыр уыдзысты, æвæццæгæн.

Уæдмæ сыстад Шахбан.

– Мæн уырны, ды цы ныффыссай, уый дзæгъæлы фыст нæ фæуыдзæн, – загъта, цыма урок дзырдта, афтæ Шахбан.

Æз æм фæрсæджы каст бакодтон.

– Ды цы ныффыссай, уымæ ма ‘ркæсой, уый мæ нæ уырны, – баразæнгард и Шахбан.

Æмæ мæм афтæ фæкаст, цыма, цалынмæ йæ уæрджытыл лæууыд, уæдмæ йæм æрцыди уыцы хъуыды. Фæлæ йæм кæцæй æрцыдаид?

– Уæдæ хорз! – загътон æз, æмæ мæ ныхас нæргæ ацыд. Æвæццæгæн мын æгæр хъæрæй дзырд фæци.

– Уæд – абон, – йæ цæстытæ ферттывтой Шахбанæн, цыма йе ‘рфгуытæ дæр æрдæбоны хуызæн пыхцыл нал уыдысты.

– Цы абон?

– Цæугæ.

– Куыд – цæугæ?

– Ды мын ныртæккæ Ансалтайы ныффысдзынæ гæххæтт æмæ æз фæстæмæ – Ботлихмæ, райсом та – Дзæуджыхъæумæ.

Стæй æз бадтæн Шахбаны фæсарц. Бæх гæпдугъæй уади. Дымгæ мын мæ хъусты хъæлдзæг къуыс-къуыс кодта, уыцы фидар, мæстæг уæлдæф.

Сентябрь, 2015

Уыдзæн ма

СФЕЛДЫСТАДОН БЫНТЕ

ГАДЖИТЫ Георги

ДЗАРАТЫ МЕСЫГ

Таурегъ

Куырттаты комы дыууе доны кем баиу сты, уым ерæнцадис Дзараты хъæу. Дзаратæ кæддæр номдзыд, тыхджын мыггаг куы уыдысты, уæд ам цард цæджджинагау фыхтис. Бахъуаджы сахат ирон æгъдау раттынмæ, зондджын уынаффæ бакæнынмæ, лæгдзинад равдисынмæ Дзараты чи амбылдтаид? Кæрæдзийыл æнувыд кæй уыдысты, кæрæдзи кæй нымадтой, уымæ гæсгæ сæ адæм схуыдтой «æмдзырд Дзаратæ».

Фæлæ сæ æнамонд аз Хуыцау ралгъыста. Цæвиттон, Дзараты дзуары бон æрхæццæ æмæ мыггаг хъæугуывд сарæзтой. Куыд нæ æрæмбырд уыдаиккой Дзаратæ сæ дзуары куывдмæ, куыд нæ акусарт кодтаиккой уым къобор галтæ æмæ бурæнæл фыстæ! Мигæнæнты сыр-сыр кодта ирон бæгæны, цæджджинæгтæ æнхъыз-тысты.

Æртиссæдз къæртайы кæм цыдис, ахæм æрхаджы бафтыдтой сæ кусæрттæ, физонджыты цъыс-цъыс æмæ хусæсмаг уадымс хаста. Фæсаходæнты Хъорнисы хохæй сау халон ратахти æмæ дзидзатæ кæм фыхтысты, уыцы æрхаджы сæрмæ зилдух кæнын райдыдта, йæхи-иу агмæ хæстæг æруагъта æмæ та-иу ныууасыд «хъуа-хъуа-хъуа!» Халоны уастмæ аджы дзидзатæ змæлын райдыдтой, цыма сæ

бынæй исчи схуыста, фæлæ уымæ йæ хъус чи æрдардтаид, уымæ кæй æвдæлдис? Халон дæр иу рæстæджы йæхи арвмæ бæрзонд систа, стæй йæхи рауагъта æмæ фыцгæ аджы йæ тъæпп фæцыд. Арт чи кодта, уыцы лæппутæй иу цæрдæг фæлæууыд æмæ йæ фыдисæй фелвæста, фæлæ дæ фыдгул дæр уыйау куы басудзид. Лæппутæ ацы хабар хистæртæн не схъæр кодтой, куы сæм хæцой, уымæй тæрсгæйæ.

Адæм куывд бахордтой, фæлæ дзы хъазты хъæр нал райхъуыст: се ‘ппæт дæр сæ ахсæнтæй хъæрзын райдыдтой, сæ уд исыныл ныллæууыдысты. Куыд рабæрæг, афтæмæй æрхаджы залиаг калм уыд, йæ марг фыдызгъæлы ахъардта æмæ адæм фæцагъды сты. Халон дæр агмæ йæхи уымæн æппæрста, дзидзатæ дæр уымæн змæлыдысты. Гъе, афтæ сæфты къахыл ныллæууыдысты Дзаратæ. Кæддæры стыр мыггагæй ма удæгасæй баззадысты æртæ æфсымæры: Дзамболат, Ахмæт, Батрадз æмæ Дзамболаты ус Агуындæ. Хистæр æфсымæр Дзамболат рагæй дæр сæйгæ кодта æмæ Дзараты мæсыджы хуыссыд. Ахмæт æмæ Батрадз уырдыглæуджытæ уыдысты æмæ куывды минасæй нæ фæхъæстæ сты, Агуындæ та æнæхъæн бон кæстæр чындзы зылдтытæ кодта æмæ фыдызгъæлæй нæ сахуыста, уыцы æнамонд хабар куы æрцыд, уæд та ма æхсæвæры мæт кæй уыд...

Гъе, афтæ фыдусы фыдæлгъыст баййæфта Дзараты: иу дзы дыууæ нал баци, дыууæ дзы хурмæ нал рацыд.

Æгас ма чи баззад, уыцы æфсымæртæн дæр ахæм æнамонд хабары фæстæ сæ хъару асаст, сæ зæрдæмæ хъусыныл фесты.

Куырттаты цæрджытæн Дзараты сæфты хабар хъыг куыд нæ уыдаид, фæлæ ирон адæм рагæй дæр кæрæдзи нæ уарзынц. Уымæ гæсгæ уыцы хъуыддагыл цингæнджытæ дæр фæци: «Дзараты цæттæ фæллæйттæ махæн баззайдзысты. Цы ‘ртæ фсымæры ма дзы ис, уыдон та нын цы бафснайын хъæуы?» – зæгъгæ, хъуыды кодтой Тæгиатæ, кæддæр Дзаратæ тудджын кæмæй фесты, уыдон.

Уыцы ныхæстæ Дзамболаты хъустыл æрцыдысты. Уый иу бон Ахмæт æмæ Батрадзмæ фæдзырдта æмæ сын загъта:

– Гъе, уæууæй, ме ‘фсымæртæ, цæй æдых разындыстут ацы уынгæг бонты! Не знæгты фæндиаг куы кæнæм нæхи. Æз бакуырм дæн, фæлæ сымах дæр нал уынут бирæгъты ‘хсæн кæй цæрæм, уый? Кæд нæм фæлæбурдзысты, уый бæрæг куынæ ис. Нæ нанайы æхсыр уын хæрам фæуæд, сымах ма ардыгæй фæстæмæ

не знæгты ‘хсæнмæ уæнтæхъил æмæ сæргуыбырæй куы ацæуат!

Уæдæй фæстæмæ ‘фсымæртæ сæхиуыл схæцыдысты. Дзамболат кæд сæйгæ рынчын уыдис, кæд цæстæй хорз нал уыдта, уæддæр-иу йæ бæхыл сбадт æмæ-иу хъæуы уынгты æрзылд, стæй-иу æй бæх йæхæдæг хæдзармæ фæхæццæ кодта. Уый уынгæйæ йе знæгтæн сæ цæсты фиутæ тадысты: «Царциаты диссæгтæ, Дзараты куырм Дзамболат йæ зæрдæйы дзæбæхæн уынгты тезгъо кæны. Йе ‘фсымæртæ уæхскуæзæй кусынц æмæ сæ хæдзар дзагæй-дзагдæр кæны. Изæрыгæтты та сæ мæсыгæй фæндыры цагъд æмæ зарын хъуысы. Афтæ куы ацæуа хъуыддаг, уæд æфсымæртæ устытæ æрхæсдзысты, æмæ Дзараты мыггаг ногæй стыхджын уыдзæн». – ардыдтой тæгиаты биаслантæ.

Æфсымæртæ та се знæгты фыдæнæн æхсæв фынæй нал кодтой, уалдзæджы сæ хуымтæ афæлдæхтой, сæ уыгæрдæнтæ ныддастой. Сæ афæдзы хистытæ куы ахицæн сты, уæд Дзамболат сфæнд кодта йæ дыууæ ‘фсымæрæн бинонтæ æрхæссын.

Иу сæрдыгон изæр Ахмæт æмæ Батрадз фæскуыст æхсæвæр куы бахордтой, уæд мæсыджы æвдæм уæладзыгмæ, се ‘фсымæр кæм хуыссыд, уыцы уатмæ схызтысты. Дзамболат сын цыма сæ цæстæнгас уыдта, уыйау дзырдта:

– Гъей, мæ кæстæртæ, уæ сæртæ цы руагътат? Тæрсгæ ма кæнут, арв куыд нæры, афтæ нæ цæвы! Уæдмæ уын чындзæхсæвтæ скæндзынæн æмæ уæ уæ зæрдæтæм хъусынмæ нал æвдæлдзæн. Рацæут ма хæстæгдæр æмæ та не знæгты фыдæнæн ныззарæм, – Дзамболат йе ‘фсымæрты йæ фарсмæ сбадын кодта, йæ хъæбысы сæ бакодта æмæ ныззарыд:

Уой-ой-уæдæ!
Фыдæмбæлæг нæ хъуыди,
Уой-ой-уæдæ! Уæдæ нæм цæмæн æрбацыд?
Уой-ой-уæдæ! Фыдусы æлгъыст ныл æрцыди,
Уой-ой-уæдæ! Фæлæ нæ мыггаг нæ аскъуыд...

Дзамболат зарыд сабыр æмæ ныллæг хъæлæсæй, цыма зарæг цыллæ æндахæй нывæзт у æмæ йын аскъуыйынæй тарсти, уыйау. Дзамболатæй зарæг айста Ахмæт æмæ йæ уый бæрзонддæр систа. Кæстæр æфсымæр Батрадз куы ныззарыд, уæд кæмттæ ныццарыдтой, хæхтæ фæлæбырдтытæ сты, урссæр цъититæ сæ цæссыгтæ нал урæдтой. Зарæг фыхти, фæйлыдта, куыдта. Куыдта та æнæрынцойæ, бирæ маст, бирæ рис кæй вæййы, уыцы адæймаг куыд фæкæуы, афтæ куыдта æмæ, уымæ хъусгæйæ зæрдæ фæрчытæ хаудта...

Уыцы рæстæджы Тæгиаты хистæртæ тæрхон кодтой Дзараты хъысмæтыл. Сæ ныхмæ æргом рацæуын нæ уæндыдысты: иуæй дзы тугкæлдтытæ рауадаид, иннæмæй та Дзаратæ се ‘рвадæлтæ – Кодзыртæн фехъусын кодтаиккой æмæ хъуыддаг ныссуйтæ уыдаид. Уæд сфæнд кодтой Дзаратыл хинæй рацæуын æмæ бауынаффæ кодтой афтæ: дыууæ мыггаджы дæр хъуамæ куывдтæ скæной. Тæгиатæ хъуамæ сæ куывдмæ ахоной Батрадзы, Биаслантæ – Ахмæты. Батрадз домбай læппу у. Уый раздæр амарын хъæуы. Тæгиатæ йæ куы амарой, уæд топп фехсдзысты æмæ Биаслантæ та Ахмæты амардзысты. Хистæр æфсымæр та æнæуый дæр æрдæгмард у.

Дзараты æртæ ‘фсымæрмæ дыууæ мыггагæй хонджытæ куы ‘рбацыд, уæд дисы бацыдысты. Дызæрдыг дæр кодтой, фæлæ афтæ куы фенхъæлой, тæрсгæ нæ кæнынц, зæгъгæ, æмæ сразы сты хуынды ацæуыныл. Æрмæст Дзамболатæн цæй ацæуæн уыд, фæстаг рæстæджы йæ хуыссæнæй æппындæр нал стади. Фæлæ Ахмæт æмæ Батрадз хуынды фæцыдысты.

Тæгиатæ Батрадзы кæстæртимæ бадын нæ бауагътой, «уазæг дæ», зæгъгæ, йын хистæрты цур бынат радтой. Йæ дæллаг фарс ын сбадын кодтой йæ марæджы. Фынгтæ æрæвæрдтой æмæ гаджидæуттæ кæнын райдыдтой...

Цæмæй Батрадз фæрасыг уа, уый тыххæй йын нуазæн нуазæны фæдыл лæвæрдтой. Батрадз иу нуазæн дæр фæстæмæ нæ аздæхта, фæлæ цас фылдæр нуæзта, уыйбæрц æрвонгæй-æрвонгдæр кодта. Æмæ уый диссаг дæр нæ уыдис. Батрадз, къæдзæхы йас læппу-læг уыд. Хæрзуынд, хæрзконд, мæнæ, саджы фисынтыл амад кæмæй фæзæгъынц, раст ахæм. Хъару та йæм ахæм уыд æмæ-иу бæх æд барæг систа æмæ йæ дыууиссæдз сардзины ахаста. Батрадз куы нæ расыг кодта, уæд Тæгиатæ катайы бацыдысты. Йæ фарсмæ йын цы марæг сбадын кодтой, уый куы федта, Батрадз дзæбидыры сыкъайæ куыд нуазы, уый, уæд фæтарст æмæ лидзæг фæци. Бадт кæронмæ ахæццæ.

Батрадз фынгæй рацыд æмæ йæ бæхыл сбадти. «Ирвæздзæн нын», зæгъгæ, Тæгиатæ адæргæй цы акодтаиккой, уый нал зыдтой, схъомпал сты, кæрæдзимæ сусу-бусу кæныныл фесты. Батрадз фысымтæн арфæ ракодта æмæ сæхимæ куы фæцæйцыд, уæд æй уырдыглæуджытæй иу баурæдта: «Рынчынæн куывды хай ахæсс, науæд худинаг у», – зæгъгæ, йæхæдæг æм æрхаджы мидæг бас слæвæрдта уæлбæхмæ.

Батрадз аг сисынмæ куы ‘ргуыбыр кодта, уæд æм Тæгиатæ фæлæбурдтой æмæ йæ бæхæй æристой. Батрадз сын фыццаг хъазын æнхъæл уыдис, стæй æвиппайды йæ нуæзт æрбайсæфт æмæ Тæгиаты фæсивæды иугай-дыгай былæй калын райдыдта. Тæгиатæй чи хæдзармæ лыгъд, чи скъæтмæ – фæстагмæ Батрадз йæ кард сласта, æмæ уæд Тæгиаты зæронд устытæй иу, Бирæгъхъон, зæгъгæ, йæ ном, уый йæ кæлмæрзæн фелвæста æмæ йæ лæппуйы къæхты бын байтыгъта. Батрадз, æгъдау куыд амыдта, уымæ гæсгæ йæ кард йæ кæрддзæмы нытътъыста æмæ Бирæгъхъоны раз æрзоныгыл кодта. Уый йыл сау калмау йæхи атыхта æмæ йын йæ хъæбыстæм фæлæбурдта. Лæппу арсы богъ ныккодта æмæ зæхмæ æрхаудта.

– Æтт, Тæгиатæ, уæ худинаджы кой хъуысы, уæ кусæрттаг æнæргæвстæй ирвæздзæн! – зæгъгæ, ныхъхъæр кодта. Тæгиаты «хъæбатыр» фæсивæд сæ усбирæгъы хъæрмæ скъæтæй рагæппытæ кодтой æмæ Батрадзы дуртæй амардтой. Куы нæуал тæлфыд, уæд биаслантырдæм топп фехстой.

Биаслантæ топпы хъæр куы фехъуыстой, уæд сæ куывд йæ тæккæ тынгыл уыдис.

Ахмæт Биаслантæн хæстæг æххæсти æмæ йæ зæрдæ æнцой уыд. Фæлæ топпы хъæр куы фæцыд, уæд фысымтæ цыдæр дæлгоммæ ныхæстæ кæнын райдыдтой, æмæ лæппу сгуырысхо. Ахмæтæн йæ дæллаг фарс цы лæг бадтис, уый йæ афарста:

– Ахмæт, хур уæм кæцырдыгæй скæсы?

Ахмæт ын йæ къухæй ацамыдта, уæлæ уыцырдыгæй, зæгъгæ, æмæ уыцы рæстæджы марæджы рахиз дысы ауыдта хъама æмæ йæ сæры хъуын арц сбадт, йæ сур хид акалд.

Марæг та йæ афарста:

– Ныгуылгæ та кæцырдыгæй акæны?

Ахмæт ын дзуапп нал радта, фестади, дуарыл уыциу цæф йæхи ныккодта. Фæлæ дуары цур дæр биаслантæ дыууæйæ æд кæрдтæ лæууыдысты. Ахмæт йæ хъамамæ фæлæбурдта, фæлæ хъама кæрддзæмы нал уыдис: фынгыл куы бадт, уæд ын æй сластой биаслантæ. Ныр йæ алыварс кардæлвæстæй æртыхстысты. Цы ма акодтаид, уый нал зыдта. Æвиппайды йæ сæры фæзынди иу хъуыды – хæдзары астæу цы стыр сæгæйдзаг рæхыс уыд, уымæ йæхи баппæрста æмæ йыл æрцауындзæг.

– О, Сафа, мæ уд де уазæг, – ныхъхъæр ма кодта Ахмæт. Биаслантæ йæ алыварс æртымбыл сты æмæ æнхъæлмæ кастысты Ахмæт кæд бафæллайдзæн æмæ артдзæстмæ кæд æрхаудзæн,

уымæ. Адæймагæн йæ уд зынаргъ у, фæлæ цас фæлæууыдаид ауындзæгæй тарст, ностджын лæг? Сындæггай рæхысыл дæлæмæ æрбырыд, стæй бынтондæр æрхаудта зæхмæ. Биаслантæ цырд фæлæууыдысты æмæ йæ амардтой.

Дыууæ мыггаджы хистæр æфсымæры амараныл нæ тагъд кодтой. Цас зын амаринаг уыд æнæбон, куырм лæг...

Дзамболат йе ‘фсымæрты хуынды куы ‘рвыста, уæд цыдæр дызæрдыгдзинад сæвзæрд йæ зæрдæйы. Фæлæ йæхиуыл фæхæцыд æмæ сын ницы загъта. Ныр мæсыджы иунæгæй куы баззад, уæд йæ дызæрдыгдзинад тыхджынæй-тыхджындæр кодта. Йе ‘фсымæртæ æрæгмæ куы цыдысты, уæд тынг скатай. Ноджы топпы гæрæхтæ куы фехъуыста, уæд бамбæрста цыдæр бæллæх кæй æрцыд, уый æмæ йæ ус Агуындæйы Кодзыртæм хъæргæнæг арвыста, йæхæдæг ма уæддæр æнхъæлмæ кастис йе ‘фсымæртæм.

Æмбисæхсæвмæ не ‘рбацыдысты. Æгас ма кæй сты, уый йæ нал уырныдта. Хатгай-иу йæ хъустыл къæхты хъæр дæр ауад, афтæ йæм каст, цыма чидæр мæсыджы къултæ хойы. Нæ, уый мæсыг нæ хостæуыд, фæлæ Биасланты Тег – Куырттаты номдзыд абырæг мæсыджы сисы къæбæлтæ къуырдта, цæмæй æвдæм уæладзыгмæ схиза, Дзамболаты амара æмæ Тæгиаты сусæгæй Дзараты фæллæйттæ рахæсса. Тег æвдæм уæладзыгмæ куы сбырыд, уæд бафæллад. Æхсæвы тары йæ цæстытæ бирæгъы цæстытау æрттывтой, йæ къухы уыдис хъæмпы гуцъула мæсыг басудзынæн, йæ дæндæгтæй та хъамайыл хæцыд.

Дзамболат банкьардта, чидæр мæсыгмæ кæй схызтис æмæ йæ зæрдæ ныссæххæтт кодта. Ныр æй бынтондæр бауырныдта йе ‘фсымæртæ æгас кæй нал сты, уый. Уыдон ма æгас куы уаиккой, уæд чи хъуамæ бауæндыдаид Дзараты мæсыгмæ схизын? Йæ фæстаг тыхтæ æрæмбырд кодта, йæ хуыссæнæй сыстад æмæ фæрсаджы цур æрлæууыд.

Тег куыддæр фæрсагæй йæ сæр æрбадардта, афтæ йын Дзамболат йæ хурх ацахста:

– Æ, цъæх бирæгъ, ме ‘фсымæрты сæртæ мын бахордтай, ныр та мæ сæр хæрынмæ æрбацыдыстут!..

Тегæн йæ хуыр-хуыр ссыд, йæ хъама йæ дзыхæй æрхаудта. Дæу дæр бахæрдзыстæм, куырм хæрæг, – зæгъгæ, ма сдзырдта. Фæлæ йын Дзамболаты æфсæйнаг æнгуылдзтæ йæ хурхы уадындзтæ алвæстой, иу цасдæр æй афтæ фæдардтой, стæй, куы ныххæдмæл, уæд æй мæсыгæй раппæрста.

Уый бæрц тых æм разындзæн, уый æнхъæл нæ уыдис Дзамболат, фæлæ ныр йæ хъару ноджы фæфылдæр.

Йæ зæрдæ фырмæстæй ныддымст. Йæ сæрызонд ын уыцы иу хъуыды агайдта: «Де ‘фсымæрты туг райс! Де ‘фсымæрты туг райс!»

Тыхæй-фыдæй йæ дарæс ссардта, скодта сæ, мæсыгæй рацыд, æмæ йæ къæхтæ къуырдтытæгæнгæ, цудтытæгæнгæ, æхсæвы тары аныгъуылд.

Æртæ æхсæвы æмæ æртæ боны Дзамболат къæдзæхтыл фæхылд, дæтты фæрацу-бацу кодта. Йæ тудджынтыл кæд сæмбæлид æмæ дзы искæй амарид, зæгъгæ, уый ныфсæй. Фæлæ цы бакодтаид куырм læг, йæ бон цы уыд? Тæгиаты хъæуы кæронмæ куы бафтыд, уæд ыл сæ хъал фæсивæд сæ куыйты сардыдтой, уыдон æй сæ быны скодтой æмæ йын йæ дзаумæттæ ныббызгъуыртæ кодтой.

Удаистæй Дзамболат сæ хъæуырдæм арæзт фæци. Бонизæрмæ хъæуы уынгты фæрацу-бацу кодта, фæлæ дзы змæлæг куы нæ уыд, уæд бамбæрста, фæстæмæ сæ хъæумæ кæй æрбаздæхт, уый. Йæ хъару асасти, цæуын йæ бон нал уыд, фæлæ ма йæ фазыл бырыд, йæ къухы уырзтæй сгæрста алы къуыпп, алы дзыхъхъ дæр æмæ афтæмæй размæ хылди. Сæ мæсыджы размæ куы ‘рбахæццæ, уæд йæ хъама фесæфти. Фæцагуырдта йæ, фæлæ йæ нал ссардта. Æнæ хъамайæ та ма йæ туг куыд райса? Йæ зонгуытыл æрлæууыдис Дзамболат, йæ цæссыгтæ фемæхстысты, йæ дыууæ къухы систа æмæ ныссидти:

– О, Хуыцау, дæлæмæ ‘рхауинаг, цы дын кодтам, мыггагыскъуыд нæ цæмæн фæкодтай?! – йæхæдæг гæды бæласау ныррызти, йæ дзыхы дзаг зæххæй сыджыт фелвæста æмæ йæ уд систа.

Йæ тæригъæдмæ кæсынæй арв нынæрыдис, къæдзæх аскъуыдис æмæ дзы равзæрдис хæххон суадон. Ныр дæр ма уыцы суадон хонынц «Судзгæ цæссыгты суадон».

Гъе, афтæ сидзæрæй баззади Дзараты кадджын мæсыг. Мæсыджы хæлддзæгтыл хъуына схæцыд, цъиутæ дзы ахстæттæ скодтой. Æрмæст ма дзы æхсæвыгон фæхъуысы зымты æнкъард æхситт æмæ уыджы кæуын...

1972 аз

УИДÆГТÆ

БЯЗЫРТЫ Алыксандр

КАДÆГГÆНДЖЫТÆ АНДИАТЫ ТЕБÆ ÆМÆ БАРИС

Нарты эпопеяйы чиныджы разныхасы дзырдæуы афтæ: «Чиныгæн йæ дзæвгар хай у Андиайы-фырт Тебæйы кадджытæй, фыст æрцыдысты йæ фырт Барисы къухæй*. Чи уыдысты уæдæ Тебæ æмæ Барис?

1967 æмæ 1968 азты сæрдыгон æз цалдæр хатты уыдтæн Андиаты Барисы хæдзары, базонгæ дæн йæхиимæ æмæ йæ дыууæ хойы Татьянæ æмæ Регинæимæ. Уыдон стыр зæрдæхæларæй радзырдтой сæ царды хабæрттæй, равдыстой мын цалдæр документы Барисы куыстæй Хуссар Ирыстоны. Уыцы хабæрттæ æмæ документтæ, стæй-ма Барисимæ чи куыста, уыдоны æвдисæнтæ æмæ ХИЗИИ архивы æрмæджытæ æргом кæнынц Барисы ахсджиаг аивадон куыст Нарты эпосыл. Андиаты Тебæ, кæнæ Тепсарыхъо (йæ аргъуыды чырыстон ном та Федор) райгуырди 1860-æм азты Куырттаты комы Фыййагдоны сæрмæ æввахс Андиаты хъæуы. Куыд дзурынц, афтæмæй Тебæ каст фæци хæххон дыууæкъласон скъола. Уымæн ма уыди цыппар æфсымæры. Сæ сæйраг куыст уыд фос дарын æмæ хуым кæнын. Хохы зæххъуаг кæм уыдысты, уымæ гæсгæ-иу быдыры зæхджынтæй лæскъ райстой зæхх хизæнтæн дæр æмæ нартхоры хуымтæн дæр, æмæ афтæ бирæ азты хохы æмæ быдыры дыууæрдæм цард кодтой. 1907–1910 азты Тебæйæн бантысти Дзæуджыхъæуы хæдзар саразын æмæ уым æрцардис.

Тебæ уыд куыстуарзаг æмæ цытджын адæймаг. Хъæубæстыиу исты бæллæхы хъуыддаг куы ‘рцыд: йе чызгыскъæфт, йе фосы давд, йе тугкалæн хыл, уæд-иу Тебæйы æрвыстой минæварæй кæнæ тæрхоны лæгæй. Зымæгон-иу стæм изæр уыдаид ахæм, æмæ Тебæ аргъау ма ракодтаид, кæнæ йæ хъисын фæндырæй Нарты кадджытæ кæнæ кафыны цæгъдтытæ ма акодтаид.

---

* Нартæ. Ирон адæмон эпос. Цхинвал, 1942, VI.

Йæ хъæлдзæг рог кафты цæгъдтытæм-иу нал фæлæууыдысты канд сывæллæттæ нæ, фæлæ стыртæ дæр, сыхæгтæй кæнæ ма хæстæджытæй дæр.

Тебæ æрмæст фæндырыл цæгъдынмæ нæ, фæлæ ма тынг арæхст хъисын фæндыртæ аразынмæ дæр æмæ чысыл рог дзаумæттыл аив нывтæ æфтауынмæ дæр. Ныр дæр сæ хæдзары æвæрд сты æвзистæй кæнæ хъæдæй нывæфтыд бæрцытæ, рæттæ, нуазæнтæ æмæ хъисын фæндыртæ, Тебæйæн йæхи конд кæнæ йæхи нывæфтыд чи у, ахæмтæ.

Йæ кæстæр чызг Регинæ куыд зæгъы, афтæмæй иухатт 1920-æм азты Сыбайы Абайты фос Куырттаты абырджытæ атардтой. Абайтæ Тебæмæ ныццыдысты æххуысмæ (йæ мад Абиан уыд). Уый дæр ацыд æмæ Куырттаты комы хъæутыл фæрахау-бахау кодта, мыггаджы хистæртимæ дзургæ, абырджытæн лæгъстæгæнгæ, уазæлттæ æмæ æххормагæй фæрынчын, бирæ фæсад игæры низæй æмæ 1925 азы амард. Сынтæджы сæйгæйæ-иу йæхи дæр æмæ иннæты дæр ирхæфста йæ хъисын фæндыræй æмæ аргъæуттæй. Уыцы заманты йын йæ кадджытæй æмæ аргъæуттæй иуцасдæр ныффыстæуыди.

Йæ фырт Барис райгуырди 1911 азы Дзæуджыхъæуы. Сывæллонæй-иу фæлвæрдта йæ фыды хъисын фæндыræй цæгъдын æмæ зарын. Фыд æй куы бамбæрста, ай фæндыræй цæгъдын уарзы, уæд ын йæхæдæг сарæзта къус-фæндыр, лæппуйы аккаг. Барис-иу арæх йæхи аивуарс кодта, цæмæй йæ мачи хъыгдара, уый тыххæй æмæ-иу цагъта æмæ цагъта. Йæ хистæр хо Татьянæ æрымысы, иу хатт æнæхъæн бинонтæй куыд фæтарстысты, уый. Иу бон Барис нал зынд, агурын æй райдыдтой, фæлæ нæй æмæ нæй. Суанг ма сыхæгтæ дæр агурыныл фесты, кæд, мыййаг, доны искуы ныххауд, зæгъгæ. Фæлæ фæстагмæ разынди сæ хосдоны, – уый йæ къус-фæндыræй йæхицæн сабыргай цагъта, рæстæг дæр æй ферох, афтæмæй.

Авд азы фæцахуыр кодта Дзæуджыхъæуы 16-æм скъолайы æмæ йæ куы фæци каст, уæд бацыд Дзæуджыхъæуы æфсæнвæндæгты техникуммæ. Скъолайы директор Собиты Инал йæхæдæг дæр скрипкæйæ цагъта, æмæ Барис дæр цæгъды, уый куы базыдта, уæд æм йæ хъус æрдардта, йæхи фæндыр дæр æм-иу авæрдта цæгъдынмæ. Техникум каст куы фæци, уæд та æфсæнвæндæгты институтмæ бацыд 1932 азы фæззæджы Ростовы, фæлæ æххормæгтæй æмæ уазæлттæй фæцудыдта. Дохтыртæ

йын загътой, цæмæй климæт раивтаид, æмæ уæд æрцыд Цхинвалмæ, хус æмæ рог уæлдæфы тыххæй.

Цхинвалы театрмæ бацыд артистæй. Хуссар Ирыстоны Къостайы номыл паддзахадон театры дирекци 1938 азы Андиаты Барисæн радтой куысты чиныг (трудовая книжка) æмæ дзы ныффыстой: «1. Гостеатр, декабрь 1932 года, принят на должность актера с окладом 550 рублей. Директор Дзгоев». Театры артисттæ Мамиты Димитр, Туаты Зураб, Хъайырты Владимир æмæ иннæтæ хорзæй æрымысынц Барисы. Артист-пенсионер Туаты Зураб афтæ зæгъы: «Хъисын фæндырыл Барис тынг дзæбæх цагъта. Пьесæйы-иу сценæйыл фæндыры цагъд куы бахъуыд, уæд-иу Барис цагъта». «Æз цардтæн Барисимæ иу фатеры æмæ мæм диссаг кастысты Барисы хъæлдзæг зæрдæйы уаг æмæ йе ‘мгардзинад, уый хуызæн æмбалимæ цæрын йæхæдæг удыбæстæ у», – зæгъы Хъайырты Владимир дæр.

1933 азы Цхинвалы уыди Хуссар Ирыстоны аивадон олимпиадæ, уым сæ дæсныйад равдыстой æрмæст Хуссар Ирæй нæ, фæлæ-ма Къахетæй, Гудзаретæй æмæ æндæр рæттæй дæр. Андиаты Барис æмæ йæ хо Регинæ уыцы олимпиадæйы райстой кафынæй фыццаг преми (*журнал «Фидиуæг», 1935 аз, №3, 94*), уым ис сæ хуызист дæр кафты рæстæджы.

Сценæмæкæсджытæ хæлар зæрдæйæ айстой Барисы хъазт. Иу чидæр, йæ къухфыст «М. С.», газет «Коммунист»-ы 1938 азы 20 ноябры ныммыхуыр кодта уацхъуыд «Брытъиаты Елбыздыхъойы «Дыууæ хойы» сценæйыл» æмæ дзы фыссы: «Æвзонг уæвгæйæ, аив хъазыдысты сæ рольтæ... Хъылцыхъо – Андиаты Барис» æмæ æнд. Публицист Цабаты Васо йæ чиныг «Хуссарирон театр»-ы йæ хъус æрдардта нæ артистмæ: «Реалистонæй, растæй æвдыст æрцыдысты сценæйыл Саулохты Мухтары пьесæ «Фыййæутты уæтæр»-ы куыстуарзаг, цардæфсæст æвзонг фыййæутты фæлгонцтæ: Рутен – Андиаты Барис...» æмæ афтæ дарддæр. 1940 азы сентябры та Гуырдзыстоны ССР Сæйраг Советы Президиум схорзæхджын кодта Андиаты Барисы аивады куысты тыххæй Кады грамотæйæ. Афтæ цæсгомджынæй æмæ зæрдæрайгæйæ куыста æмæ царди Барис Цхинвалы.

1940 азы кæрон арæзт æрцыд Нарты бригадæ, цæмæй бацæттæ кодтаиккой мыхуырмæ Нарты эпосы иугонд текст. Уыцы рæстæгмæ бригадæйы уæнгтæн Барис зонгæ уыдис йæ хъисын

фæндырыл цагъдæй æмæ Нарты кадджытæ зонынæй, æмæ йæм фæсидтысты. Уый дæр йæхи уыцы куыстæй нæ аиуварс кодта. 1939 азы йын Хуссар Ирыстоны паддзахадон театры цы фæллойадон чиныг радтой, уым фæзынд ахæм фыст: «1941 года 1-го января освобожден ввиду перевода на другую работу... Директор Дзгоев». Йæхиуыл æнауæрдгæйæ фæкуыста Андиаты Барис йæ къухфыстытæ мыхуырмæ бацæттæ кæныныл суанг 1-æм сентябрьмæ. (Куыд дзурынц, афтæмæй дзы дзæвгар мифологион кадджытæ иуварсгонд æрцыдысты). Стæй ацыди Дзæуджыхъæумæ. Куы цыдис Барис, уæд ын институты радтой ахæм къухфыст: «Согласно договора 20 декабря 1940 года Юго-Осетинский институт языка, литературы и истории принял от Андиева Б. Ф. «Песни о Нартах» в количестве 62 песен общим количеством строк 9.500... Директор Института языка, литературы и истории Багаев. 1-го сентября 1941 гг. Сталинир». Кадджыты текст фыст уыдис хуымæтæджы тетрадыл, æдæппæт 577 фарсыл.

1960 азы мыхуыры рацыд стыр чиныг «Ирон орнамент»*. Разныхасы историон наукæты кандидат Хъуысаты С. афтæ фыссы: «В настоящее издание вошли богатые образцы орнамента... собранные Р. Ф. и Б. Ф. Андиевым в результате 15-летнего напряженного творческого труда. Потомственные народные художники Андиевы собрали образцы орнамента, начиная с древнейших узоров на керамических, бронзовых и серебряных предметах и кончая позднейшими орнаментальными изображениями на надгробных каменных плитах. Сами Андиевы являются бережными хранителями очень древних и редких экземпляров орнаментированных изделий из дерева, серебра и ткани... доставшихся им от родителей – знатоков и любителей прикладного искусства».

Уыцы чиныджы сты æвзистæй арæзт рæттæ æмæ бæрцытæ æмæ хъисын фæндыры нывтæ, Барисы фыды конд, хæрдгæбыд æмæ алдымбыдæй нывæфтыд худтæ, кæлмæрзæнтæ æмæ æндæртæ, йæ мад Фатимæйы къухæй конд. Уый йæхæдæг та уыд зынгæ зæрингуырд Гаппаты Ассайы чызг. Ацы хъуыддæгтæ дæр æвдисæн сты, Андиаты Барисы бинонтæн дзырды аивад дæр æмæ орнаменты аивад дæр хуымæтæджы хъуыддаг кæй нæ

*Р. Ф. Андиева, Б.Ф. Андиев, Осетинский орнамент, Орджоникидзе, 1960.

уыдысты, фæлæ сæ царды стыр, ахсджиаг бынат кæй ахстой. Фольклор дæр æмæ орнаменты аивад дæр уыдонæн сты сæ туджы æмæ сын сæ цард адджын æмæ аив кæнынц.

Цымæ цас диссаг у, уыйбæрц рæсугъд рагон орнаменттæ чи бавæрдта, уый ма бавæрдтаид нæ фыдæлты рæсугъд кадджытæ йæ зæрдæйы!..

Нарты бригады уæнг, адæмон нывгæнæг Тугъанты Махарбег афтæ фыста уыцы проблемæйы тыххæй: «Бригаде по Нартовскому эпосу пришлось перечитывать около тысячи разных записей и вариантов, причем выяснилась полная неразбериха в содержании текстов, неимоверная запутанность действий героев, имена которых фигурировали без всякого порядка, были даже такие герои, которые по одному тексту умерли и затем снова продолжали действовать при полном недоумении читателя... На помощь бригаде пришел молодой сказитель Андиев Борис, который в свою очередь унаследовал указанные богатства народного творчества от своего покойного отца, труженика-осетина, известного сказителя нартского эпоса»*. Тугъанты Махарбег 1920-æм азты цардис Дзæуджыхъæуы Андиаты Тебæимæ иу сыхы æмæ йын уымæ гæсгæ рагæй зонгæ уыд. Андиаты Барисы варианттæм Нарты бригад зæрдиагæй йæ хъус кæй æрдардта, уым Махарбеджы ныхас дæр йæ бынат æрцахста.

Хъайырты Валодя ма йæ мысинæгты Барисæй афтæ зæгъы: «Андийы-фырты уæлдай хæстæгдæр базыдтон, иумæ куы цардыстæм, уæд. Уый уыди 1936 азы Петойты хæдзары. Арæх-иу мын кодта Нарты таурæгътæ. Уæлдай цымыдисагдæр-иу уыдысты, йæ таурæгътæ-иу фæндыримæ куы зарыди, кæнæ-иу сæ куы дзырдта фæндыримæ, уæд. Барис-иу арæх кодта йæ фыды кой. Йæ фыд уыди номдзыд таурæгъгæнæг æмæ фæндырдзæгъдæг. Æвдыста мæм Андийы-фырт иу цалдæр бæзджын тетрады, чи баихсыд, бирæ азтæ кæуыл рацыд, ахæм тарбурбын тетрады. Уыцы тетрæдты уыдис фыст Нарты кадджытæ æмæ æндæр таурæгътæ. «Адон, дам, иууылдæр мæ фыды рæстæджы æрцыдысты фыст».

Андиаты Барисы къухфыстытæ, 1942 азы рухсмæ цы эпопея «Нартæ» фæзынд, уырдæм бацыдысты редакцигондæй.

---

*М. С. Туганов. Новое в нартовском эпосе. Известия ЮОНИИ, IV, 1946 г. 170 с.

Выдержки из статьи Махарбека Туганова «Новое о Нартовском эпосе».

В 1942 году Юго-Осетинский НИИ выпустил на осетинском языке сборник сказаний о Нартах. Работа над книгой, начатая еще до начала Отечественной войны, была закончена в условиях тяжелой годины, когда озверелый фашизм, заливая кровью нашу социалистическую родину, прорвался и на Кавказ.

Бригада, которой было поручено составление книги и подбор фольклорного материала, собрала всевозможные записи и тексты вариантов Нартовских сказаний, когда-либо напечатанные, и даже еще не напечатанные рукописные, как из Южной, так и из Северной Осетии. Бригаде по Нартовскому эпосу пришлось перечитать около тысячи разных записей и вариантов, причем выяснилась полная неразбериха в содержании текстов, неимоверная запутанность действий героев, имена которых фигурировали без всякого порядка, были даже такие герои, которые по одним текстам умирали, а затем снова продолжали действовать, при полном недоумении читателя, откуда мог взяться снова умерший герой?

Андиаты Тебæ.

Сличая между собой всю указанную тысячу вариантов, бригада пришла к выводу, что все написанные когда-либо варианты о героях-Нартах, есть ни что иное, как огромные горы разбитых обломков камней и кирпича от колоссального здания, некогда блиставшего и поражавшего своей красотой, из развалин которого нет возможности в короткий срок восстановить даже и приблизительно прежний остов его.

На помощь бригаде пришел обком Юго-Осетии в лице секретаря обкома Цховребошвили В. Г., рекомендовавшего взять в основу совершенно новые материалы о Нартах сказителя Андиева Бориса, который в свою очередь унаследовал указанные богатства народного творчества от своего покойного отца, труженика-осетина, известного сказителя.

Андиевские материалы, осветившие собой всю грандиозность структуры осетинского эпоса «Нарты», поражают от первой песни и до последней такой композиционной целостностью, перед которой должно померкнуть всякое сочинительство сводного текста. Свободный белый стих, богатая технология языка и названия предметов давно угасшей эпохи старины, лаконичность и образность в точных рамках напевов, – все это забило живым, могучим потоком истинно народных поэтических форм и потрясающих картин борьбы мощных и сильных героев-Нартов. Бригада, таким образом, решила взять в основу выпущенного сборника «Нарты» именно андиевские материалы.

Сказания пелись в старину под аккомпанемент фандыра и передавались Борису Андиеву его отцом. Лучшим сказителем в народе считался тот, кто умел вкладывать в определенный ритм в сжатой, но сильной форме, под звуки струны, богатство слов и содержания.

Искусство передачи Нартовского эпоса было делом нелегким. Сказителям эпоса приходилось всю свою жизнь, до глубокой старости, посвящать себя этому делу. Народная масса была строгим критиком певцов-сказителей своего любимого эпоса.

В старину на народные празднества стекались лучшие силы со всех концов Осетии, устраивалась настоящая (говоря современным языком) олимпиада. Лучшие сказители, представители разных ущелий, рассаживались на игорном поле и один за другим состязались в содержательных, лучших напевах и пересказах Нартовских сказаний.

Играли они чаще всего на «хъисын фандыре» («хуыйысæр»), реже на двенадцатиструнной арфе («дуадастанон»). Музыкальный мотив каждого сказания о каждом герое был строго определен. Нельзя было под мотив, например, о нарте Сослане передавать текст об Урузмаге и наоборот...

1946 г.

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

Аргентинæ.

Афганистан.

Бали.



Болгари.



Босни.

Бразили.

Греци.

Доменикæйы республикæ.



Индейаг.

Инди.

Иран.

Испани.

Киргизи.

Китай.

Лаос.

Малайзи.

Манголи.

Мексикæ.

Нигери.

Панамæ.

Польшæ.

Сардини.

Сенегал.

Тибет.

Тайланд.

Турк.

Хорвати.

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

МЗОКТЫ Аслæнбег

АХАДГÆ ИРТАСÆН КУЫСТ

Афтæ мæ исчи куы бафæрсид, ирон литературæзонады а фæстаг дæс азы цавæр пайдайаг наукон куыстытæ фæзынд æмæ кæй хъæуы æнæмæнг бакæсын, уæд æз фыццаджыдæр бацамонин Мамиаты Изетæйы монографимæ.[1]

Изетæ у филологион наукæты кандидат, Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты хистæр наукон кусæг. Уымæй хуыздæр, мæ хъуыдымæ гæсгæ, абоны бон ничи зоны нæ нырыккон литературæйы уавæр. Изетæ ма у «Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæты (I–XI кълæстæ)» автортæй иу (Джыккайты Шамил, Хъантемыраты Римæ æмæ Гуæздæрты Азæимæ).

Зындгонд сты Мамионы дыууæ егъау чиныджы Дзесты Куыдзæджы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй: «Кудзаг Дзесов: Очерк творчества. (Владикавказ: Ир, 1990) æмæ «Курдиат рæстæджы тыхæвзарæнты» (Дзæуджыхъæу: Ир, 2007). Ацы чингуыты æмæ йæ æндæр уацты ахуыргонд бæстон раиртæста Куыдзæджы аивадон прозæйы сусæгдзинæдтæ, бауарзын кодта йæ радзырдтæ æмæ уацаутæ ирон чиныгкæсджытæн.

Бинонымг ныхасы аккаг у Мамиаты Изетæйы фæстаг чиныг «Ирон литературæ: XI кълас» (Дзæуджыхъæу: Ир, 2013, 255 ф.). Ацы куыст у иумæйаг Джусойты Нафи æмæ Хъазиты Мелитонимæ. Мамионы фæллойæ чиныджы ис дзæвгар – 10 сæргонды – Гафез, Дзугаты Георги, Цæгæраты Максим, Цæрукъаты Алыксандр, Нафи, Дзаболаты Хазби, Гаглойты Владимир, Дзесты Куыдзæг, Бестауты Гиуæрги æмæ Æгъуызарты Æхсарбеджы цард æмæ сфæлдыстадон фæндаджы тыххæй. Ахæм ахуыргæнæн чиныг фыццаг хатт æрцыд уагъд Цæгат Ирыстоны. Уый фæуыдзæн стыр æххуыс мадæлон литературæйы ахуыргæнæг æмæ йæ хъомылгæнинæгтæн.

---

[1] Мамиаты И. Дзырддзæуæны: автор æмæ хъайтары æмцæдис. Дзæуджыхъæу, Ир, 2008.

Ныр та æркæсæм Мамионы стыр монографион куыстмæ. Иртасæн чиныг «*Дзырддзæуæны:* автор æмæ хъайтары æмцæдис» арæзт у разныхас, дæс сæргонды æмæ фæсныхасæй.

Цæмæн æрцыд фыст ацы чиныг æмæ цавæр уыд иртасæджы нысан? Уый тыххæй автор æргомæй дзуры Разныхасы: «Ацы чиныджы нысан у, ирон литературæйы йæ равзæрдæй абоны онг цы аивадон процесстæ цæуы, уыдоны анализ – автор æмæ хъайтары æмахастыты хъавæнæй сæм акæсгæйæ. Иртасæн куысты предмет – дзырдаивады историйы зынгæ фæд чи ныууагъта, ног стилыздæхтытæ æмæ жанрон хуызтæн бындурæвæрæг чи ссис, уыцы уацмыстæ. Фæлæ сфæлдыстадон æнтыстыты æмрæнхъ нæ цæст дардтам нывæфтыд хъуыдыйы рæзты къуыхцытæм дæр». Автор сæйрагдæрыл нымадта æркæсын «таурæгъон формæтæ æмæ сæ аивадон фæлыстмæ; автор æмæ хъайтаримæ æмткæй æхсæнадон царды ивддзинæдтимæ сын цы хуызы бастдзинад ис, уымæ».

Ахæм нысан сæвæрын бирæ цæуылдæрты дзурæг у. Фыццаджыдæр ууыл, æмæ авторæн йæ бон суыдзæн нæ мадæлон литературæйы райдианæй йæ абоны бонмæ раиртасын нæ зынгæ фысджыты уацмысты аивадон хицæндзинæдтæ æмæ сæ хъуыдыты рæзт.

Мамионы фæстæ цы ног иртасджытæ æрбацæудзысты ирон литературæмæ, уыдонæн ацы чиныг уыдзæн бындур, ууыл æнцайдзысты сæ ног зонадон куыстытæ.

Мæ зæрдæ мын балхæдта ацы чиныджы æвзаг. Мамион ныффыста йæ куыст иронау, уымæн æмæ йæхæдæг дæр зоны не ‘взаг æмæ йæ фæнды, цæмæй йæ чиныгкæсджытæ дæр хуыздæр базоной æмæ дарддæр рæза не ‘взаджы наукон стиль.

Автор равдыста нæ литературæйæн райдианæй фæстæмæ йæ сырæзт (фольклорæй, радзырдæй, уацауæй, романæй, поэзийæ, драмæйæ) æмæ йæ къуыхцытæ, йæ къуылымпытæ.

Иу хъуыддаджы тыххæй ма æнæ зæгъгæ нæй. Зонæдты тыххæй куы фæдзурæм æмæ куы фæфæрсæм кæрæдзийы, цæй тыххæй нæй ирон зонадон чингуытæ нæ мадæлон æвзагыл, уæд аххосагæн ссарæм æфсон – нæй зонадон терминологи не ‘взагыл. Ныр Мамионы монографи куы бакæсæм, уæд бамбардзыстæм: ахуыргонды бон куыд бирæ у, курдиат æм куы уа, йæ мадæлон æвзаг æмæ культурæ куы уарза æмæ куы зона, уæд.

Мамион бæстон равзæрста Агънаты Гæстæны уацмыстæ

«Фæстаг бæх», «Бинонты маст», «Уазæгуаты», «Мæйы фæстаг бонтæ», «Æнахуыр изæр», «Фæстаг æхсæв», «Йæ рухс ном», «Дысоны фын» æмæ æндæртæ. Ацы уацаутæ æмæ романтæ дзурæг сты таурæгъон ныхас-нывæсты дарддæры эволюцийыл, «авторы хъуыды ног хуызы æмбарын кæныны фæлтæрæнтыл». Уыцы хъуыддаджы йын йæ къух иттæг хорз аразы контрасты фæрæз: фæйнæхуызон фæткон-намысон домæнты цæхгæр æмæ карз ныхмæлæуд, персонажы «дывæлдах» хъуыды (мидмонологты диалогон формæ), йæхиимæ кæнæ та цæстылуайгæ æмбалимæ фæсауюнмæ быцæу.

Ирон нывæфтыд литературæйы XX æнусы кæрон (70–80 азты) фæзындис ног уацмыстæ, уыдон амад уыдысты мифты, эпосы, æмбисонды, таурæгъы бындурыл. Ахæм прозаикон уацмыстыл иртасæг дзуры чиныджы фæстаг сæргонды. Мæнæн мæ зæрдæмæ тынг фæцыдысты ахуыргонд Дзесты Куыдзæджы, Нафийы, Агънаты Гæстæны æмæ Булкъаты Михалы романтæ æмæ уацаутæ куыд равзæрста, уый. Мамион ацы фысджытæн æмæ сæ уацмыстæн кæны стыр аргъ, сæрыстыр сæ у. Уымæн æмæ ныры ирон прозаиктæ сæ хъайтарты удыхъæды агурынц ирон адæймаджы фарн, нæ фыдæлты æхсар æмæ сæрыстыры æууæлтæ. «Адæймаг царды фæндагыл цæугæйæ, йæ фæстæ ныууадзы бæлвырд фæд. Фысджытæ, ацы темæйы архетипон авналæнтæм се ‘ргом аздахгæйæ, мифологион мидисæй дæсны баххæст кодтой сæ реалистон фæлгонцтæ, æмæ дзы уыйадыл æнæнхъæлæджы рантыст триадæ: *бардуаг* («Фæндагсар Уастырджи») – *адæймаг* («Адæймаджы мæлæт») – *дæлимон* («Даргъ фæззыгон фæндаг»)», – зæгъы автор.

Ацы сæргонды ма иртасæг бæстон равзæрста дыууæ ирон романы – Нафийы «Сырдоны цæссыгтæ» æмæ Булкъаты Михалы «Нарты Сосланы æвдæм балц». Уыдон сты, ахуыргонды хъуыдымæ гæсгæ, «нырыккон дзырдаивады цымыдисагдæр фæзындтæ».

Нафийы роман расайдта ирон критикæйы бирæ быцæутæ. Критиктæ (Хæдарцаты А., Дзугаты Г., Дзаттиаты Г.) разы нæ уыдысты, автор куыд равдыста йæ романы Нарты кадджыты зындгонд хабæрттæ æмæ архайджыты, уыимæ. Нафи та кадджыты æрмæг рацарæзта, йæ аивадон фæнд сæххæст кæнынæн ын хуыздæр дзуапп чи ратдзæнис, ахæм хуыз. Мамион бæстон равзæрста роман «Сырдоны цæссыгтæ» æмæ асагъæс кодта

романы дыууæ оппозицион къордыл (фæлгонцтыл). Уыцы ныхмæвæрд фæлгонцтæ адих кодта: 1) хæстмондаг, хæстæндзарæг адæмыл (Сатана, Сослан, Хæмыц, Уырызмæг) æмæ 2) сабырдзинад æмæ фæллойæн табугæнджытыл (Сырдон, Алафæрн, Сагмур, Армимаз, Фæснарт, Батрадз).

Æнæнхъæлæджы ног интерпретацимæ Нарты кадджыты бындурыл фæлгонцты фембæлæм «æнахуыр уацмысты». Уыдон сты Булкъаты Михалы «Нарты Сосланы æвдæм балц», Гусалты Барисы «Иу артæй уæрст», Хуыгаты Сергейы «Нарты Фарнæг», Жажиты Анатолийы «Этюд Уастырджийыл». Ацы фысджытæ аздæхтой се ‘ргом «æнусон» темæтæм: цард æмæ мæлæт, уарзт æмæ фыдæх, кад æмæ худинаг, ныры уысм æмæ æнусон уæвынад, æрдз æмæ адæймаг, нырыккон культурæ æмæ фыдæлты удварны хæзнатæ.

Иуныхасæй, чиныг «*Дзырддзæуæны*» æнæмæнг фæпайда уыдзæн уæлдæр скъолайы гуманитарон факультетты студенттæн æмæ ахуыргæнджытæн, мадæлон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн, астæуккаг скъолайы хистæр кълæсты ахуырдзаутæн, нæ аивадон дзырд, нæ культурæ æмæ истори зынаргъ кæмæн сты, уыдонæн се ‘ппæтæн дæр.

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ДЖУСОЙТЫ НАФИ

Джусойты Григорийы фырт Нафи райгуырди Хуссар Ирыстоны Къуыдаргомы Ногхъæуы 1925 азы 27 февралы.

Райдианы скъола каст куы фæцис сæхи хъæуы, уæд рафтыд Цæгат Ирыстонмæ æмæ астæуккаг скъола та фæци Кировы хъæуы. Æфсады баслужбæ кæныны фæстæ æрцард Чъребайы. Куыста коммунистон партийы Хуссар Ирыстоны обкомы инструкторæй, стæй та Гуырдзыйы сæйраг газет «Заря Востока»-йы уацхæссæгæй.

Нафи фæсауыонмæ бынæттон педагогон институты историон факультет каст фæуыны фæстæ ахуыр кодта Ленинграды уырыссаг литературæйы институты (Пушкины хæдзар) аспирантурæйы. Фæстæдæр сси филологион наукæты кандидат, стæй та доктор, ис æм дзæвгар зонадон фæллæйттæ.

20 азы йыл куы сæххæст, уæд журнал «Фидиуæджы» фæзынд йæ фыццаг æмдзæвгæ, йæ фыццаг чиныг «Салдаты зæрдæ» та 1949 азы. Уæдæй абонмæ у алы жанрты фыст бирæ чингуыты автор: поэзи, прозæ, драматурги, литературæиртасынады.

Ноджы ма Нафи у дæсны тæлмацгæнæг дæр.

НАФИ

УРС НЫМÆТ

Хохаг таурæгъ

Сæрдыгон ирд æхсæв ивайын райдыдта. Мæй фæлурсæй фæлурсдæр кæны. Стъалытæ иугай-дыгай тайынц арвы æгæрон тыгъдады. Арвы бæзджын, лылагъуыз цъæх тæнæгæй-тæнæгдæр кæны, фæлæ нырма хуры цæст никуыцæй зыны. Æвæццæгæн, дзæгъæлдзу дымгæ нæма райхъал йæ тарф фынæй, дард æрвгæрон иучысыл урс мигъы бындзыг æнцад-æнцой хуыссы, не ‘змæлы, фæллад сабийау.

Фæлæ мæнæ чысыл фæрухсдæр. Æхсæвы милтæ ныффæлурс сты æмæ лæнчытæ, адгуыты фæхъуызынц уырдыгмæ – кæмттæм.

Æниу, уым дæр кæдмæ æмбæхсдзысты. Хæхты айнæг тигътæ барухс сты æмæ æнцад лæууынц. Сыбыртт никуыцæй хъуысы. Æгæндæг, æнусон, æвæджиау æнцойад æмæ сабырдзинад ныццахсти бæрзонд гæмæх хæхты дыдæгъты.

Сау хохы цыргъ, æвзист æнгуырстуанау, райсомы дыдзы рухсмæ гæзæмæ æрттивы, фæлæ къæдзæхты æмуырдыг карст фæрстæ дзæбæх нæма барухс сты. Хохы хæд цъуппыл цыдæр æндæрг æдзынæгæй лæууы: йе къæдзæхты фæзгъæр у, йе та зæронд дзæбидыр лæугæйæ рæдзæ-мæдзæ кæны.

Ноджыдæр фæрухсдæр. Æрцæуы рухс райсом хæхтæм, фæлæ нырма æхсæвы сабырдзинад æмæ æнæхъыгдард æнцойад сæ базыры бын дарынц кæмттæ, хъæд æмæ кæрдæг, адæм, сырдтæ æмæ мæргъты. Райхъал, дард æрвгæрон цы урс мигъы бындзыг фынæй кодта, уый, айвæзта йе уæнгтæ, айтынг нымæты фæдджитау æмæ рараст Сау хохы цъупмæ. Æрбадт хохы цъуппыл, йе та дзæбидыры сытыл æрцауындзæг. Фæлæ афтæ зыны, цыма, уæлæ æрыгон фыййау урс нымæты дымджыты æрбатыхта йæхи æмæ йæ лæдзæджы ‘нцой цæуылдæр сагъæс кæны... Скæс-ма, мæ хæлар, чи зоны дæм сæу райсомы æгуыппæгдзинад æрхæсса фыййауы сагъæстæ, йе ‘нусон æмбæхст мæт...

Кæддæр, раджы кæддæр Сау хохы дæлбазырмæ æрæфтыдысты дыууæ лæппулæджы, ацы дунейыл мæн у зæгъæг кæмæн нæ уыд, æрвады рæвдыд, хионы адджын ныхас чи никуы зыдта. Сæ иу – кæстæр, рафтыд Къуыдаргомæй, иннæ –хистæр, Хъелы ‘фцæгыл æрхызт Хъуды уынгæг комæй, Арагвайы былгæрæттæй...

Райдыдтой цæрын æххуырст, фыййауæй. Садджын къуырфæйиу раскъæрдтой фос, схызтысты-иу Сау хохы дæллагхъуыр зад хизæнтæм, сæрд –дзæнæты хуызæн кæм у, уыцы Сомихы коммæиу сыскъæрдтой... Аивгъуыдта-иу сæрд, фæззыгон цыбыр бонты дыууæ фыййауы тауыл хызтой сæ фос, æнкъард æгуыппæг уæлдæфы-иу сæ зарæджы зæлтæ, сидзæрты уадындзы æнтъыснæг хъæлæс ризгæйæ ленчытæ кодта...

Æрцыди-иу даргъ зымæг, фезмæлæн-иу нал уыд, æддæмæ ракæсæн-иу нал уыд: мит, æмæ мит, æгас дуне хъæпæн фестад... Кæдæм фæцыдаиккой æнæхицау фыййæуттæ, сæ фысымæн-иу зымæгон фосгæстæ систы... Кæд-иу искуы фысымты лæппутимæ цуаны ацыдысты, уæд уый уыди сæ хуыздæр бæрæгбон... Науæд иунæг, иунæг æмæ иунæг... Æвæгæсæг,

æнæхицау лæппутæ... Иунæгæй та адæм сæхи дард ластой, амонд та йæм хæстæг нæ цыдис...

Цыдæр хорз сыл æрцыдис, кæрæдзийæн адджын кæй фесты, уымæй. Иу сæрдыгон æмбисбон, сæ сихоры къæбæр хæрд куы фесты, уæд иудзæвгар æнцад æнæсымæй абадтысты, стæй хъудаг –Хазби йæ хуыдтой, –афтæ зæгъы:

– Барсæг, къуыдайраг, ничи ис нæ дыууæйæн дæр а-мæнг дунейы, куы фæтыхсæм, уæд нæм æххуысы арм ничи æрбадардзæн... Уæлæмæ дæр æххуырст фыййæуттæ, дæлæмæ дæр кæйдæр дзæгъæлзад лæппутæ... Цæй, ныр дыккаг аз фаззон æфсымæртау иумæ цæрæм, иу у нæ мæт æмæ нæ цин дæр... Дзырд раттæм кæрæдзийæн, цæргæ-цæрæнбонты кæй никуыуал ахицæн уыдзыстæм, æфсымæртæй кæй цæрдзыстæм, ууыл. Æз дæ хистæр дæн, æмæ дын мæнæ мæ къух.

Мадзура къуыдайраг æм йæ къух радта, æмæ дыууæ дæрзæг, фидар къухы кæрæдзиуыл æртыхстысты, дыууæ тулдзы арф уидæгтау.

Чи зоны, цал азы ма рацардысты уым æфсымæртæ. Сфæнд кодтой сæ куысты мыздæй зæххы гæппæл балхæнын æмæ Садджын къуырфы æрцæрын, фæлæ лæг куыд сфæнд кæны, афтæ йæ хъысмæт алы хатт нæ рауайы.

Рæсугъд чызг уыд фысымæн, чынддзон чызг. Бирæ дзурджытæ уыд Зæринæйыл, фæлæ-иу сæ дзырд цæйдæрты 'фсон фехæлд: куы чызг нæ куымдта, куы фыд нæ разы кодта, æмæ Зæринæ йæ фыды уæзæгыл сæгуытау сæрибарæй рацу-бацу кодта...

Чи цы 'нхъæл уыд дзæгъæлзад æххуырстытæй та. Фæлæ зæрдæ зæрдæ у. Цы бæрæг ис, рæсугъддæр æмæ тыхджындæр зæрдæ кæй риуы тæлфы: фысымы æви æххуырсты.

Хъуыддаг афтæ рауадис, æмæ дыууæ фыййауы дæр бауарзтой фысымы чызг – Зæринæйы. Цы ныфс хъуамæ уыдаид æххуырст лæппуты, фæлæ зæрдæ зæрдæ у – мæнæ нæ поэт мæнгæй нæ загъта:

Йæ бонæй уа зæрдæ, –
Куыд хивæнд у, куы,
Зæгъ ма йын «æвзæр дæ», –
Уырны йæ бæгуы...

Нæ, æвзæры тыххæй бæргæ никæмæн ницы ауагътаиккой дыууæ 'фсымæры, фæлæ мæгуыр, мæгуыр... Æтт, læджы-иу мæгуыр цы фæкодта, уый авд дæлдзæх ныххауа!..

Ætт, мыггагмæ ælгъысты фæуа æвзæрæй хорз чи кодта, æдылыйæ зæнджын, фыдуындæй – рæсугъд, уыцы хъæздыгдзинад дæр!.. Бæргæ, фæлæ кæм ис! Ælгъыст ælгъыст у, мæгуыры хъæздыг нæ кæны, хъæздыджы – мæгуыр... Цардысты дыууæ мæгуыр æфсымæры, цас æмæ сыл цас сагъæс æфтыдта сæ сусæг уарзондзинад, фæлæ ницы дзырдтой, æгæрыстæмæй кæрæдзийæн дæр нæ хъæр кодтой сæ бирæ маст.

Иу сæрдыгон изæр та дыууæ фыййауы фос æртардтой сæрвæттæй, фæхицæн кодтой фос æмæ хъомты, кæртыты сæ бакодтой. Кæртæй чысыл æддæдæр ног карст хосы тъыфыл æрытыдтой æмæ арт скодтой. Нытталынг, ныммæйдар. Æræджиау сын фысымы чызг æхсæвæр рахаста, дзидзайы кæрдихтæ, хæбизджыны кæрстытæ æмæ иучысыл арахъхъ. Цыдæр æнкъард хуызæй балæууыд сæ цуры æмæ сæм æнæдзургæйæ бадардта тæбæгъ æмæ чысыл дурын. Фыййæуттæ фæджихау сты. Бамбæрстой, цыдæр сагъæссаг хабар æрцыд, фæлæ ницыма дзырдтой. Барсæг райста æхсæвæр, æддæдæр æй æрæвæрдта æмæ æндзыгæй алæууыд. Хазби зæхмæ ныккаст, йæ цæстыхаутæй æрæмбæрзта йæ къæлæты йас цæстытæ æмæ ныхъхъус. Ницы дзырдта Зæринæ дæр, фæлæ цæугæ дæр нæ акодта, æнæуый та сæ цуры сдзырдмæ дæр никуы лæууыд.

–Цы ‘рцыди, цæй куывд кæны дæ фыд? – уайдзæфгæнæгау бафарста æрæджиау Хазби.

–Цы ма уа... Уæртæ сыбайæгтимæ бафидыдта мæн тыххæй. Бирæ фæллой йын ныббастой æмæ цин кæны, – мæстджын хъæлæсæй, æрхæцгæ-æрхæцгæ, загъта Зæринæ.

Барсæг æддеауæй каст Зæринæйы цæсгоммæ. Арты рухсмæ дзæбæх зынд йæ цæсгом... Уæртæ цæстыхаутыл хъазынц цæссыгтæ... Тæнæг былтæ зыр-зыр кæнынц... Иучысыл ма, æмæ ныггæр-гæр кæндзысты ставд цæссыгтæ. Фæлæ нæй. Зæринæ йæ бинаг был йæ дæндæгтæй ацахста, арф ныуулæфыд, цæссыгтæ алыгъдысты фæстæмæ цæсты гагуыйы бынмæ.

– Цæй, хæрзæхсæв ут... – Ænæбары сдзырдта, цæхгæр фæзылд æмæ ацыд.

– Зæринæ, фæлæуу-ма... – Мæрдон хъæлæсæй сдзырдта Хазби. Барсæгмæ афтæ фæкаст, цыма дыууæ къахдзæфмæ дæр нæ фехъуыстаид уыцы ныхас, фæлæ Зæринæ дзыхълæуд фæкодта. Иу сонт каст ма æнкъард хъоппæг цæстытæй æмæ та сæргуыбырæй араст дарддæр. Хазби йæм каст æдзынæгæй, рахиз

къухæй асгæрста дамбаца, галиуæй бараст кодта хъама æмæ йæ фæдыл араст. Иу уысммæ тары аныгъуылдысты сæ дыууæ дæр.

Барсæг нымæт æрытыдта хосыл, æрбадт, йæ къухтæ йæ уæрджытыл æрбатыхта, стæй йæ роцъо йæ уæрджыты кæхцытыл æруагъта æмæ артмæ кæсгæйæ баззад.

Чи зоны, цæуыл сагъæс кодта, фæлæ йын æрæджиау чидæр йæ уæхскыл йæ къух куы 'рæвæрдта, уæд фестъæлфыд:

– Хазби!

– Йе 'ндæрг уæддæр дæн, – æнæбары худт бакодта Хазби. – Дон-ма æрбадав адагæй, нæ къухтæ æрæхсæм æмæ нæ фысымы хъуыддагæн бакувæм.

Барсæг дон æрбахаста дурыны æмæ Хазбийы къухтыл кæнын райдыдта. Хазби иу-дыууæ хатты аууæрста йæ къухтæ, стæй ныджджих. Цыдæр хъуыдыты ацыд Барсæг дæр. Кæсы: дон дурынæй кæлы Хазбийы нукау æвæрд къухтæм æмæ стæй зæхмæ цыхцырæгау кæны.

Æрæджиау Хазби хъæрзæгау ныккодта, й' астæу сраст кодта æмæ цыдæр æнахуыр æвзагæй сдзырдта:

– Цæй, цы уа, уый уæд...

Æхсæвæр хордтой æнæдзургæйæ, æрмæст фæстаг сыкъа куы нуæзта, уæд Хазби скуывта:

– Уæ Хуыцау, мæгуыр æмæ иунæджы дæр æнамонд ма скæн!..

– Аммен! – загъта Барсæг æмæ та ныхъхъус сты.

Æхсæвы дыууæ дæр нымæты бын рафт-бафт кодтой, фæлæ æрæджиау ныссабыр сты, цыма афынæй сты, уыйау. Фæлæ цæй фынæй! Мæнæ кæрчытæ дыккаг уаст ныккодтой. Хъæугæрон ма иу æвзонг уасæг цъæхснаг хъæлæсæй тыхуаст бакодта, стæй уый дæр ныссабыр. Хазби бынноз улæфт ныккодта æмæ йæ иу фарсыл æрзылд.

– Нæма бафынæй дæ, Хазби?

– Нæ, – фехъуыст æнкъард дзуапп.

– О, æмæ цы кæныс? Куыд ницы мын хъæр кæныс?

– Барсæг, мæ иунæг æфсымæр, – æвиппайды цыхцыр ныллæууыдысты Хазбийы ныхæстæ, цыма йæ маст фæкъæртт æмæ ныззæй кодта, – мæгуыр стæм æз æмæ ды. Фæлтау куынæ райгуырдаиккам, уæд хуыздæр уыдаид. Цы ма дын æй æмбæхсон... Фысымты чызг мын цыдæр адджын фæцис, уый исчи куы ахæсса, уæд мæнæн дæр цæргæйæ нæу. Фæлæ цы бакæнон? Æгъда-

уæй цы нæ бон у? Ницы. Тыхæй? Æмæ тых дæр кæм ис? Дыууæ иунæджы дыууæ мыггаджы ныхмæ цы бакæндзысты?.. Уарзын æй, Барсæг...

– Æз æй дæуæй тынгдæр уарзын! – хъуамæ ныббогъ кодтаид Барсæг, фæлæ йæхиуыл ныххæцыд, æрмæст йæ уæнгтæ куыддæр адон сты, йæ сурхид акалд: йæ уæлармæй йæ ныхы хид асæрфта æмæ дарддæр хъуыста.

– Уарзын æй, Барсæг, æмæ ма цы бакæнон, ницы мæ сæрæн зонын? Скъæфгæ, æмæ кæдæм?!

Ныхъхъус та сты дыууæ ‘фсымæры, æрмæст ма хъуысы сæ тыхулæфт, цыма ныртæккæ сæ фыдызнагимæ хъæбысæй равнæлдтой æмæ йæ ныббырстой, уыйау.

– Хазби, кæдæм та цы хоныс? Дуне стыр у, – ахъуыды кодта Барсæг, æмæ йæ ныхас дарддæр кодта: — алидз Къуыдарырдæм, уыдон дæ уæхирдыгæй агурдзысты. Уæдæ Сау хохы дæлбазырты Чеселгоммæ бахиздзынæ, стæй уæд Къуыдармæ ныггæпп кæндзынæ. Хæйрæг дæр дæ не ссардзæни...

– Куы мæ расура фæдис, уæд сæ чи бауромдзæн, чи фæуыдзæн сæ размæ?

– Ау, æмæ мæнæй æппын ницы ныфс æвæрыс?

– Мемæ алидздзынæ? Цыма йын æнхъæл нæ уыд, уый фарст акодта Хазби æмæ йæ рæмбынкъæдзыл рабадæгау кодта.

– Нæ, – æрæджиау зæгъы Барсæг, – лидзгæ нæ. Фæлæ уæртæ Сау хохы рæбын, Дурджын кæй хонынц, уыцы нарæджы фæдисы раз бабаддзынæн æмæ, цалынмæ удæгас уон, уæдмæ дзы иуы дæр дæ фæдыл ацæуын нæ ауадздзынæн.

– Мæ иунæг ныфсаг, æмæ дæ æз мæ сæрвæлтау хæссын? Нæ, уый нæ уыдзæнис. Кæд цæргæ, уæд иумæ, кæд мæлгæ, уæддæр иумæ!

– Нæ, Хазби, мæнæн цæргæйæ нæу, фæлæ мыл дæ разы цы ‘фсымæры хæс ис, уый та искæмæ нæ аппардзынæн. Мæрдтæм мæ цæсгом чъизийæ нæ бахæсдзынæн.

– Дæуæн цæргæйæ нæу?.. – Йæхи мидæг сындæггай сдзырдта Хазби, æмæ бандзыг. Бамбæрста, Барсæг цæмæн афтæ загъта, уый æмæ, цыма йæ риуыл нæмыг сæмбæлд, уыйау уæлгоммæ æрфæлдæхт йæ хуыссæныл.

Ницыуал загътой æфсымæртæ. Райсоммæ æнцад хуыссыдысты фæрсæй-фæрстæм. Дыккаг бон дæр афтæ æнкъардæй, сагъæсгæнгæ фæхаттысты сæрвæты. Фæлæ изæры Зæринæ

лыстæг фос дуцынмæ куы ‘рбацыд, уæд Барсæг Хазбийæн аивæй афтæ зæгъы:

– Чызгæн бамбарын кæн æмæ, кæд разы у, уæд райсом æхсæвы цъæхæй лидзгæ. Фысымы бæхтæ уæртæ хъæугæрон хизынц. Сæргътæ тыргъы сты, æмæ сæ æз хосы бын æрауyон кæндзынæн. Фæстиат нал хъæуы, – загъта ма Барсæг æмæ араст кæрты цур арт кæнынмæ.

Цыдæр маст хордта æфсымæрты зæрдæ. Зыдтой йæ сæ дыууæ дæр æмæ йæ кæрæдзийæн дæр уымæн нæ дзырдтой. Æхсæвы Хазби хуыссæнмæ куы ‘рбацыд, уæд æнæбары загъта:

– Чызг разы у. Райсом цæуинаг цы уа, уый æрцæудзæн, – стæй йæхи нымæты батыхта æмæ фынæй æфсон скодта.

Куы фæбонырдæм, уæд Барсæг артдзых бакодта, йæ дамбацайы хъусхос раивта, хъримагмæ æркæстытæ кодта, стæй йæ йе уæхскыл баппæрста æмæ бæхтæ ахсынмæ ацыд. Чысыл фæстæдæр дыууæ саргъы бæхы кæрты цæджындзыл æрбаста æмæ афтæ зæгъы:

– Хазби, цæй ныр дæ мæ сæр ницæмæнуал хъæуы. Дæ хъару æмæ дæхæдæг. Æз иукъахвæндагыл цæуын Дурджыны нарæгмæ. Уырдыгæй куы аирвæзай, уæд дын тас нал у.

Хазби æнцад алæууыд, стæй афтæ дзуры къуырма хъæлæсæй:

– Дæ къух мæм уæддæр ратт, ме ‘фсымæр, чи зоны, кæрæдзийы нал фенæм ацы мæнг дунейы. Мæрдты бæстæм хылæй цæуын нæ дыууæйæн дæр худинаг у.

Барсæг æнæдзургæйæ атыхст йе ‘фсымæрыл æмæ йæ цæссыгтæ аныхъуырдта:

– Цæй, ницы кæны, тæрсгæ мын ма кæн, фæлæ арæхстгай архай. Æз цæуын.

Йæхи æрбатыхта, фарон ын Дзугаты цуанон лæджы идæдз йæ фос хизæггаг цы урс нымæт балæвар кодта, уым, æмæ тары аныгъуылд Барсæг.

Бон цъæх кодта, афтæ схæццæ Барсæг Дурджыны нарæгмæ. Уынгæг фæндаджы сæрмæ ставд дурты цæнд ныззæй кæнын æввонг кæм уыд, уым йæхицæн хъавæн æрцарæзта. Бады иунæгæй, рæгъауæй хъоды дзæбидырау, æмæ сагъæс кæны Барсæг. Чи зоны, абон йæ фæстаг бон у, чи зоны, фæстаг хатт фендзæн хурыскаст. Тæхуды кæны Барсæг йе ‘фсымæрмæ, фæлæ цæмæй уый тæхудиаг уа, уый тыххæй Барсæг хъуамæ æрхæсса йæ сæр... Æтт, сæрхаст къуыдайраг! Куыд адджын у цард, куыд зын у мæлын!

Фидар лæуу, мæнæй-уый, – йæхицæн ныфсытæ ‘вæры Барсæг. – Ницы у уæддæр дæ цард. Иу мæлæт дарыс Хуыцауæй, бафид æй абон дæ иунæг æфсымæры сæрвæлтау, дунейæ фылдæр кæй уарзыс, уыцы Зæринæйы амонды сæрвæлтау... Цæрæнбонты фæсмойнаг æмæ амондмысæг уæвынæй рæсугъд мæлæт хуыздæр у. Кæд ракæсдзæн хур, хуры цæст ма уæддæр куы федтаин... Кæд мæ тохы агъоммæ хур скæса, уæд мын мæлæт нæй, – ахъуыды кодта Барсæг æмæ скæсæнмæ фемдзаст.

Сбон, фæлæ нырма хур фæсхох фынæй кæны. Дæлæ хъæдгæрон къудзиты цъыбар-цъыбур райдыдтой цъиутæ, фæлæ хур нырма æрæгмæ скæсдзæн. Мæнæ дурты цæндæй хæххон дидинæг йæ сæр сдардта, ивазы йæ къубал хурмæ, фæлæ нырма дард у хурыскаст...

Уæртæ æрбатæхынц æхст фатау дыууæ барæджы. Далæ, бæрæг фæстæдæр, ноджы цыппор бæхджыны. Æтт, гæрах фæцыд, фæлæ дзæгъæлы, тæрсæн æхст. Комы иу фахсæй иннæмæ нæмыг ничи хардз кæны.

Æрбаввахс сты. Фæлæ æрбазындысты Хазби æмæ Зæринæ. Æтт, Барсæг, дæ рæстæг æрцыд, фидар лæуу!

Хазби æмæ Зæринæ Дурджыны нарæгмæ куы баирвæзтысты, уæд Хазби хæрдмæ уæлвæндагмæ фæкаст, кæд фенид йе ‘фсымæры, фæлæ дзæгъæлы, – ницы федта. Ницы сдзырдта Барсæг, æрмæст, чысыл куы баивгъуыдтой, уæд Хазбийы хъустыл ауад йе ‘фсымæры уынгæг хъæлæс:

– Фæндараст фæут! Тæрсгæ ма кæнут, ам уын дæн!

– Хæрзбон, ме ‘фсымæр! – ныцъцъæхахст кодта Хазби, фæлæ бæхы цыд нæ фæурæдта, дард нал у тар хъæды къох, йæ ирвæзæн бынат, – уайгæ, уайгæ!

Æрбаввахс сты фæдисонтæ. Дæлæ сæ разæй уайы чызджы фыд, йæ хъримаджы дзыхæй ныр дæр ма цæуы фæздæг. Баййæфта, зæгъгæ, лидзджыты – лыстæг къуыхтæ сæ скæндзæн. Нæ, хъæздыг Баргъуын, нæ сæ баййафдзынæ, фæлтау атутæ кæн дæ чызг æмæ де сиахсы фæдыл æмæ фæстæмæ аздæх! – хъуыды кæны Барсæг, стæй фæкаст скæсæнмæ, фæлæ йæ ныфс асаст – хур нæма скасти, æнæ мæлгæ дзы нæй!..

Топпы æхстмæ йæм куы ‘рбацыдысты, уæд фæдисæттыл йæ тых-йæ бонæй фæхъæр кодта Барсæг:

– Фæстæмæ! Кæдæм цæут?! Фæстæмæ, мæлын кæй нæ фæнды, уый!

Барджытæ сæ бæхты фæуромæгау кодтой, фæлæ чызджы фыд сонт хъæр фæкодта:

– Сургæ, худинаггæнджытæ, размæ!

– Марон æй æви нæ? – ахъуыды кодта Барсæг. – Нæ, туг хъуамæ ма уа дыууæ хæстæджы ‘хсæн, уæд сын лымæн гæнæн нæй.

Гæрах фехъуыст, æмæ раззаг барæджы бæх зæххыл сæмбæлд. Барæджы къах йæ быны фæци. Фысым ныббогъ кодта:

– Амардтой мæ!

Æргæппытæ кодтой барджытæ æмæ бауадысты цæф барæгмæ. Топпы цæф нæ разынд, фæлæ фæдисонæн нал бæззыд. Æхст нал цыд æмæ фæдисæттæ дисы бахаудтой: чи уыд, чи фехста, кæцæй фæцыд гæрах?

Фысым фæныфсджындæр æмæ та фæхъæр кодта фæдисæттыл:

– Уæ бæхтыл бадгæ æмæ сургæ! Мæн ам уадзут! Худинаг! Худинаг!

Багæппытæ кодтой фæдисæттæ сæргъæм æмæ та фæцагайæм куыд загъæтой, афтæ фæгæпп кодта уæлбыл цæнды сæрмæ урснымæтджын æмæ сыл фæхъæр кодта:

– Цæрын кæй фæнды, уыдон фæстæмæ!

Базыдта фысым йæ фыййауы хъæлæс:

– Цæвут уыцы дзæгъæлзад хæрæджы! Размæ, фæдисы!

Лæппутæ æмæхст фæкодтой уæлбылмæ, фæлæ сæ бæхты куыддæр фæцагайдтой, афтæ урснымæтджын иу дур фелвæста æмæ йæ рахста. Фенкъуыст хохы фахс æмæ æрлæбырд. Урснымæтджын пуртийау йæхи фехста фæндагмæ, фæдисæтты размæ.

Фæлæ не ‘рхæццæ зæхмæ. Йæ урс нымæты фæдджитæ йын дымгæ ныффæйлыдта цæргæсы базыртау.

– Фæстæмæ! – азæлыд арвнæрæгау йæ хъæр æмæ комы хъæлæсы, урс мигъы бындзыгау, ауыгъдæй баззад.

Фæдисæттæ сæхиуыл дзуæрттæ бафтыдтой: «Уæ, Хуыцау, мах дæ фæдзæхст, мацы нын кæн. Ай, царциаты диссæгтæ куы уынæм, хъаймæты дуг куы ‘рцыд. Бахиз нæ дæ азарæй, уæ Хуыцау!».

Кæсынц фæдисæттæ: фæндагæн йæ кой дæр никуыуал ис, хохы сынæг æрлæбырд æмæ йæ ныххафта. Кæсынц, урснымæтджынæн йæ кой, йæ хъæр нал ис, æрмæст урс мигъы тъыфыл бады фæндаджы сæрмæ æмæ йæ ауунæй нал зынынц лидзджытæ.

Тасы бацыдысты фæдисæттæ. Ай Хуыцауы фæндæй у, загъ-той, сæ цæф æмбалы рахастой æмæ раздæхтысты фæстæмæ.

Аирвæзтысты Хазби æмæ Зæринæ.Кæмдæр Иры дард хъæутæй иу ран æрбынат кодтой æмæ зæронды бонтæм æнцад-æнцойæ фæцардысты.

Барсæг – урс мигъы бындзыг – æнус-æнус зилы арвы æгæрон тыгъдады. Æрмæст æрвыл хатт, æхсæв бонæй куы ахицæн вæййы, хур скæсынмæ куы фæхъавы, уæд æртæхы Сау хохы цъупмæ, æрлæууы уым æмæ цыма раздæрау йæ урс нымæты тыхтæй йæ лæдзæджы ‘нцой цæуылдæр сагъæс кæны, уыйау фæфæлгæсы бынмæ Дзомагъы къуылдыммæ, Садджын къуырфмæ.

Скæс ма, ме ‘мбал, Сау хохы цъупмæ, чи зоны дæм сæумæ-райсомы æгуыппæгдзинад æрхæсса фыййауы сагъæстæ, иунæ-джы æнусон мæт...

АРВИСТОН

БÆГЪАТЫР

(Салтыков-Щедринмæ гæсгæ)

Иу паддзахады райгуырди Бæгъатыр. Аргæ та йæ ныккодта къулыбадæг ус. Æхсыр ын фæдардта, хор-донæй йæм хорз касти, рæвдыдта йæ, æмæ саби царæй зæхмæ лæг куы ссис, уæд æй йæхи бар ныууагъта. Куы йæ фæндараст кодта, уæд ма йын бафæдзæхста: «Цу, Бæгъатыр, æмæ сгуых!»

Цы зæгъын æй хъæуы, Бæгъатыр фыццаджы-фыццаг йæ ных хъæдмæ сарæзта. Кæсы æмæ йæ разы иу егъау тулдз. Бæгъатыр æм февнæлдта æмæ йæ æд уидæгтæ срæдывта. Кæсы æмæ та дын мæнæ æндæр пæлæхсар бæлас. Бæгъатыр ын тымбылкъухæй ахæм дауд ныккодта, æмæ тулдз дыууæ дихы фæци. Кæсы дарддæр гуыппырсар гуырд, уæдæ цы. Уыны та иу фондзæдæазыккон бæлас, йæ зæнгыл та – мæра. Бæгъатыр дын уырдæм куы балæсид æмæ куы бафынæй уаид.

Æмæ йæ нæргæ-уыраугæ хуыр-хуырæй æвиппайды ныхъхъæрзыдта нæ удлæууæн цъæх-цъæхид тулдзкъох. Амæй-ай хъæхъхъагдæр сырдтæ уайсахат лидзæг фесты. Ныппæррæстытæ ластой базырджын мæргътæ. Суанг ма хъæды хицау Хъæдохæн дæр йæ уд йæ къæхты бынæй ауад, йæ цардæмбал æмæ йæ сабиты йæ дæлæрмтты акодта æмæ уайсахат æрбадæлдзæх.

Бæгъатыры ном айхъуыст æгас Зæххы къорийыл. Хиуæттæ дæр, æддæрæгæттæ дæр, хæлæрттæ дæр, фыдызнæгтæ дæр дисæй куыннæ мардаиккой. Хиуæттæ тарстысты, уымæн æмæ æнæ тæрсгæйæ а дунейыл цæрæн куыд ис? Стæй сæ зæрдæты ныфс дæр бацыди: Бæгъатыр мæрамæ дзæгъæлы нæ бабырыдаид – хъуамæ фынæйæ йæ тыхыл бафтыдаид: «Нæ диссаджы Бæгъатыр куы райхъал уа, уæд дун-дунетыл нæ кад, нæ намысы койтæ ныхъхъæр уыдзысты». Æцæгæлæттæ та фыр тæссæй æмризæджы рызтысты: «Байхъусут-ма, байхъусут, йæ хъæрзын æгас дунейыл куыд нæры! Уыцы нæрæмон Бæгъатыр куы райхъал уа, уæд нын адæмæн æмбисонды митæ бакæндзæн!»

Æмæ бæстыл змæлæгæй цыдæриддæр уыд – иууылдæр сæ къахфындзтыл цæуын байдыдтой, сусутæ æмæ бусутæ сарæх сты: «Фынæй кæ, фынæй, Бæгъатыр!»

Афтæмæй дын фондзыссæдз азы куы рацæуид, стæй дыууæ фондзыссæдзы, æртæ фондзыссæдзы. Уалынджы мин азы дæр агæпп ластой.

Бæгъатыры райгуырæн бæстæ сæфтмæ æрцыди: музуккаг йæ мæгуыры хъиутæ хордта, давд сарæх, адæм кæрæдзиуыл нæ ауæрстой, иу иннæмæ тудджыны цæстæй касти, цæвиттон, паддзахадæй дæлимонты царцу рауади. Бæгъатыр уæддæр хуыссы сау мæрайы, йæ цæстытæ – гом, уынгæ сæ нæ кæны, фæлæ сты комкоммæ хурырдæм арæзт. Йæ нæргæ уыраугæ хуыр-хуыр алырдæмты сæдæгай верстытæ æнхъæвзæнтæ кæны.

Фыдызнæгтæ бирæ рæстæг æнхъæлмæ кастысты æмæ хъуыдыты ныгъуылдысты: «Уыцы бæстæ, æвæццæгæн, тыхджын у, иугæр йæ адæм Бæгъатырæй афтæ тынг тæрсынц, уæд. Уый та, мæгуыр, ницыгæнæг у, æрмæст йæхицæн æнцад-æнцойæ хуыррытт фынæй кæны мæрайы». Фæлæ цадæггай æмбарын байдыдтой: цал æмæ цал хатты скодта уынгæджы бонтæ бæстæйыл, фæлæ Бæгъатыр иунæг хатт дæр мæгуыр адæмы ниуынмæ, судзгæ æрдиагмæ фæдисы никуы рацыд. Адæм сæхæдæг сырдтау кæрæдзи хъуын-хъис тонын байдыдтой, æмæ бирæ дзыллæтæн сæ зынг бахуыссыди. Зæронд лæгтæ уæд хъынцъымгæнгæ сидтысты, фыр лæгъстæтæй се ‘взæгтæ слыстæг сты: «Дæ хорзæхæй, рацу-ма, Бæгъатыр, æмæ нæ бахиз ацы æнæсæрфат дуджы азарæй!» Уый та тарф фынæй кодта раздæрау.

Иуахæмы хур зæххыл атылди, стæй ихкъæвда рацыди. Хортæ байсæфтысты уæдæ цы. Адæм æнхъæлдтой: Бæгъатыр мæрайæ рахиздзæн æмæ æфхæрд адæмы бафсаддзæни. Куыннæ стæй! Йæ мæрайæ иу дзагъул дæр нæ ракодта! Иннæ хатт сахартæ æмæ хъæутыл зынг сирвæзти. Бæстыхæйттæ, дзауматæ иууылдæр æртхутæг фестадысты. Адæм æнхъæлдтой: «Бæгъатыр ацы хатт æнæмæнг рацæудзæн æмæ исты мадзал скæндзæни». Фæлæ уый, – мæрдвынæй макуы бауа! – змæлгæ дæр нæ фæкодта.

Цæвиттон, паддзахад мин азы дæргъы цы фыдбылызтæ-бæллæхтæ бавзæрста, уыдонæн банымайæн дæр нæй. Бæгъатыр та сæм йæ хъус дæр никуы æрдардта, йæ цæстæй дæр никуы ракаст, æмæ йæ алыварс зæхх цæмæн хъæрзы, уый æмбаргæ дæр никуы бакодта.

Уагæр цавæр Бæгъатыр у, уый?

Бирæ хъизæмæрттæ бавзæрста бæстæ, фæлæ сын бафæрæзта, уымæн æмæ æууæндыди. Куыдта, фæлæ уæддæр æууæндыди. Уырныдта йæ, цæссыгты суадон куы байсыса, уæд Бæгъатырæн иу минут рæстæг фæуыдзæн æмæ йæ бæстæ бынысæфтæй фервæзын кæндзæн. Уыцы минут кæдæй-уæдæй бæргæ æрхæццæ, фæлæ адæмæн æнхъæлмæ кæсынæй сæ цæстытæ кæмæ ныуурс сты, ахæм нæ разынди.

Фыдызнæгтæ сæ хотыхтæ райстой, æмæ Бæгъатыр мæрайы кæм фынæй кодта, уыцы бæстæйы алыварс æртыхстысты. Стæй комкоммæ Бæгъатырмæ сæ ных сарæзтой. Тæрсгæ дæр кодтой, ай-гъай, æмæ фыццаг сæ иу хъавгæ-хъавгæ бахъуызыд. Гъемæ дын æвиппайды йæ фындзыл цыдæр хъылмайы смаг куы сæмбæлид. Иннæ дæр æввахсдæр бацыд, æмæ та – уыцы æнахъинон смаг. «Гъери-гъа, адонæн сæ Бæгъатыр æмбыд куы у!» – сдзырдтой фыдгултæ æмæ дын бæстæмæ балбирæгътау балæбурдтой.

Æгъатыр уыдысты знæгтæ, тæригъæд цы у, уый нæ зыдтой. Сыгътой, дæрæн кодтой, сæ размæ-иу цы фæцис, уый, сæ маст истой, бирæ æнусты дæргъы сын Бæгъатыр æнцой кæй нæ лæвæрдта, йæ тæссæй æмризæджы кæй рызтысты, уый тыххæй. Адæм базмæлыдысты, æддæг-мидæг ауадысты, стæй фыдгулты ныхмæ æмгуыппæй сыстадысты, фæлæ, оххай, æнæ хæцæнгарзæй цы ми кодтаиккой? Æмæ сæ зæрдыл æрбалæууыди Бæгъатыр. Æмхъæлæсæй йæм сидынц, сæ хъæрахстæй зæхх æнкъуысти: «Баххуыс нын кæ, Бæгъатыр, сæфæм!»

Æмæ мæнæ мæрдтæн диссаг: Бæгъатыр йæ къах дæр нæ атылдта. Мин азы размæ куыд уыд, афтæмæй хуыссыд, йæ сæры астæуæй йæ «мард» цæстытæ кастысты хурмæ, йæ нæргæ-уыраугæ хуыр-хуыр нал хъуысти.

Уæд дын æм æдылы Иванушкæ куы бацæуид. Тымбылкъухæй мæра ныммохци ласта æмæ джихæй кæсгæ баззади: Бæгъатырæн сау кæлмытæ йæ гуыр суанг бæрзæйы онг бахсыдтой.

Фынæй кæ, фынæй, Бæгъатыр!

БЫДЫРГЪ

Иухатт быдыргъы бафарстон:

– Ам, æдзæрæг быдыры лæууынæй нæма бафæлладтæ?

Уый мын дзуапп радта:

– Халæтты тæрсын кæнын мын хæссы, зæгъæн кæмæн нæй, ахæм цин. Уæд хъуамæ куыд бафæллайон?

– Иттæг раст зæгъыс! – сразы дæн æз йæ ныхасыл, стæй иуцасдæр куы ахъуыды кодтон, уæд та йæм дзурын: – Мæныл дæр ахæм цины сахæттæ æрцæуы.

– Ахæм цин æрмæстдæр уый бамбардзæн, хъæмпæй йæ хуылф йемыдзаг кæмæн у, – загъта быдыргъ.

Æз ацыдтæн мæ фæндагыл, фæлæ нæ бамбæрстон: быдыргъ мын мæ зæрдæ балхæдта æви мæ æфхæргæ бакодта?

Ууыл иу азы бæрц рацыдаид. Быдыргъ уæдмæ ссис философ.

Æмæ та ногæй йæ рæзты куы фæцæйцыдтæн, уæд ауыдтон, дыууæ халоны йын йæ чъилджын худы бын сæхицæн ахстон куыд арæзтой, уый.

РАТТАДЖЫ КЪУХ РАЙСАГ У

Дæ исбонæй искæмæн исты куы дæттай, уæд уый тынг ахадгæ нæу. Æххæстæй ахады, дæхæдæг дæ удæй куы дæттай, уæд уый. Уымæн æмæ дæ исбон ды æфснайдæй дарыс, стæй йын тæрсгæ кæныс – мыййаг ма дæ райсом куы бахъæуа. Райсом та цы? Цы ‘рхæсдзæни райсом, чырæдзауты фæстæ чи цæуы, уыцы æмбаргæ куыдзæн, стæг æдзæрæг быдыры змисы куы банысгæна, уæд?

Сомбон исты хъуæгтæ баййафдзынæн, зæгъгæ, чи тæрсы, уый абон дæр хъуæгтæ æййафы.

Дæ цуры цъай донæй дзаг уæвгæйæ дойныйæ куы тæрсай, уæд уый цы хуыйны? Зыд æмæ дыл кæрæф бахæцыд, æндæр ницы…

Джебран Халиль Джебранмæ *гæсгæ.*

* * *

Францы Стыр Революцийы рæстæг трибуналы тæрхондонмæ æрбакодтой цавæрдæр Сен-Сиры. Тæрхондоны сæрдар æй фæрсы йæ ном æмæ йæ мыггагæй.

– Мæ мыггаг де Сен-Сир*, – дзуапп радта ахст лæг.

– Дворянтæ нæм нал и, – дзуры йæм сæрдар.

– Гъемæ уæд æз дæн Сен-Сир.

– Уæздæттæ æмæ уæлбикъонты рæстæг фæци, – загъта та сæрдар.

– Омæ уæд та Сир дæн.

– Къарол æд титултæ байсæфти.

Уæд ахст лæджы сæры æваст фегуырди диссаджы хъуыды æмæ загъта:

– Кæд афтæ у, уæд мæнæн мыггаг нæй æмæ мын закъоны бон ницы у. Æз дæн ничи – æрмæстдæр абстракци, æмæ закъоны не ссардзыстут, ничитæн-абстракцитæн тæрхон чи хæссы, ахæм фыст. Хъуамæ мæ сраст кæнат – æндæр хос уын нал и.

Трибунал ахст лæджы ныхæстыл ныхъхъуыды кодта æмæ йæ æнаххосыл банымадта. Тæрхоны гæххæтты фыст уыди: «Гражданин Абстракцийæн амындæуы, цæмæй йæхицæн равзара республикон ном. Уæд æй тæрхондонырдыгæй хъыгдарæг нал уыдзæни».

* * *

Нæ литературæ цас бонвыддæр кæны, уыйбæрц нæм адæмон фысджытæ æмæ Къостайы премийы лауреаттæ та фылдæрæй-фылдæр кæнынц. Бар-æнæбары зæрдыл æрлæууы польшæйаг публицист Ежи Урбаны ныхас: «Литераторы существуют у нас вместо литературы».

Цæй, бавдæлон æмæ республикæйы Сæргъæлæууæгмæ бахатон: «Къостайы номыл преми хынджылæггаг кæй ссис, уый тыххæй ма фыстон, арæх æй райсынц, хицæуттæн хуыздæр лæггад чи кæны, ахæм дымысдæртæ. Уæдæ адæмон фыссæджы ном дæр бирæ хæттыты литературон тæрныхты æмæ графоманты бавæййы. Дæуæн та дæ куыстæгтæ зын æмæ вазыгджын сты. Гъемæ цæмæй къаддæр фæллайай, уый тыххæй утæппæт уынаффæты бæсты иу

* Мыггаджы æртæ хайы францагау амонынц – дворянин, уæздан, хицау (паддзах, къарол).

уынаффæ куы рахæссис, уæд дын фенцондæр уаид. Зæгъæм, мæнæ ахæм уынаффæ: «Ныræй фæстæмæ РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдис хуыйнæд РЦИ-АЛАНИЙЫ АДÆМОН ФЫСДЖЫТЫ ÆМÆ КЪОСТАЙЫ ПРЕМИЙЫ ЛАУРЕАТТЫ ЦÆДИС». Афтæ куы бакæнис, уæд нæ Цæдисы уæнгтæ æмгуыппæй сæ хъисфæндыртæм фæлæбуриккой, сæ хъæбысты сæ æрæвæриккой æмæ æмзард ныккæниккой. Уый Джамбул Джабаевы зарджытæй диссагдæр уаид. Уæд нæ литературæйæн йæræзæнтæ феуæгъд уаиккой, мæнæ абоны уалдзыгон райдзаст бонау йæ хуызтæ скалид æмæ æгас Уæрæсейыл анæрид йæ хъæлæс.

Мæ бæллиц мын куы сæххæст кæнис, уæд дæ галы бузныг фæуаин. Дæ дзæбæхтæ мæм хъуысæнт. **Хъодзаты Æхсар**».

2014 азы 23 апрель

ХЪÆЛДЗÆГ НЫХÆСТÆ

ДЗЫРДАРÆХСТ ХОХАГ

Иу мæрдты ‘хсæв æрцæуы хохаг лæг мæллæг бæхыл бадгæ Куйаны уынгты. Ныхас адæмæй – йедзаг. Куы йæ ауыдтой, уæд кæрæдзимæ бакастысты æмæ, сæ мидбылты худгæйæ, дзурынц кæрæдзимæ:

– Уый сыгъдæгæй дæр мæрдтæй цæудзæн, йæ бæх æгæр фæлмæцыд у.

Уалынмæ йæм Куйаны хъалтæй иу йæхи хæстæггомау баласта æмæ фæрсы:

– Ныххатыр кæн, барæг, фæлæ ма мах мæрдты кæм фæуагътай?

– Уалæ ма уым хæрæджы мардыл афæстиат сты, ныртæккæ сæ ардæм хъæуы, – зæгъгæ, загъта хохаг, йæхæдæг йæ бæхмæ февзыста æмæ уынгты дæлæмæ афардæг и.

Ныффыста йæ ***Цомайты Хадзырæт,***
«Отрывной календарь». ЦИГСИИ-йы архив.

ЙÆ ФЫРТТÆН ФИДИС НЫУУАГЪТА

Раджы Джызæлы уынгты Æлбегаты Кыти фæцæйтардта уæрыччытæ уæймæ. Уый уыди зæрдæвæрæнмæ æввахс. Ныхасы лæггæ йæ æрурæдтой, æмæ уым йæ уæрыччытæй иукъорд фæуæй. Боциты дуармæ куы ‘рхæццæ, уæд йæ размæ фæци Хъæрæсе æмæ йæ нал уадзы: «О, Кыти, дæ уæрыкк мын ратт æртæ абазийыл». Уый карз сомытыл схæцыд æмæ йын загъта:

– Хуыцауыстæн – сомырдæг, асламдæр æй ницæй тыххæй ратдзынæн.

Ууыл Кытийы фырттæн абон дæр ма фидис кæнынц: йæ уæрыкк æнæ сомырдæг æртæ абазийыл чи нæ лæвæрдта, уый фырттæ, зæгъгæ.

Ныффыста йæ ***Цомайты Хадзырæт,***
1926 аз, «Отрывной календарь».
ЦИГСИИ-йы архив.

ХОРЗ МÆРДДЗЫГОЙ

– Кæдæм цæуыс, Бимбол?

– Мардмæ цæуын, нæ фехъуыстай – уæлæ Хъуыдайнат амарди...

– Æмæ дæлæ Елбыздыхъойы фырт дæр куы амарди, сæрæй.

– Фехъуыстон æй, бæргæ, фæлæ Елбыздыхъомæ ницы æргæвст ис, адæм дæр дзы уыйас нæй.

– Æмæ æниу цы аргæвда Елбыздыхъо, кæд йæ цъæх куыдз?

– Хъуыдайнатмæ та цы ‘ргæвст ис?

– Цы та цы хонынс: дыууæ стуры, иу фыс, арахъхъ тынг арæх. Хъæу æгасæй дæр уым сты.

– Фæлæуу мæм, уæдæ, дæ хорзæхæй, мæ кард æмæ мæ лæдзæг радавон.

– Хорз, сабыргай цæудзынæн, раййаф-иу мæ.

Ныффыста йæ ***Цомайты Хадзырæт,***
1926 аз, «Отрывной календарь».
ЦИГСИИ-йы архив.

БАРЗЫХЪÆУЫ ХИСТ

Куырттаты комы Барзыхъæуы Джелытæ кодтой сæ фыдæн æрæгвæззæджы хист. Уыди дзы æргæвст дыууæ стуры, дæс фысы, бæгæны дыууæ цæджджинаджы, арахъхъ бирæ. Æгас ком æрæмбырд сты хист хæрынмæ, æмæ сæ бадт изæрмæ ацыд. Фыццаг рæстæджы-иу бадджыты фынгтæй скъæфтой хисты хæйттæ. Уыцы изæр фыййæуттæй иукъорд лæппуйы баластой сæхи хистæрты размæ, фæлæбурдтой æмæ сын сæ фынгæй раскъæфтой галы сæр æмæ бæрзæй. Сæ фæдыл фæфæдис сты, фæлæ сæ нал баййæфтой. Хистæртæ бабунт сты ахæм фыдуагдзинадыл æмæ хæцын байдыдтой. Се ‘ппæты хистæр карз æлгъыст кодта:

– Уый чи уыди, уый мæрдты ацы марды къæхты бын фæсæйæд!

Уæд фæстæты йæ фырт æрбауад, æмæ йын йæ хъусы бадзырдта:

– Ма æлгъит, Игко, бæрзæй мæнæ мæнмæ ис.

– Ацы мардау фæуæд, уæдæ, кой дæр ма йæ чи скæна, мауал хæцут, банцайут, ныууадзут, хæлар сын фæуæнт, уæддæр ма дзы мæнæ нæ фаг уыдзæн. Бар сæхи нæ кæстæртæн.

Ныффыста йæ ***Цомайты Хадзырæт,***
1926 аз, «Отрывной календарь».
ЦИГСИИ-йы архив.

ФЫЦЦАГ БОН СКЪОЛАЙЫ

Кико æрбакодта скъоламæ йæ лæппуйы ахуыр кæнынмæ æмæ йæ уым ныууагъта. Ахуыргæнæг æй фæрсы:

– Лæппу, дæ ном цы хуыйны?

– Нæ зонын.

– Ау, куыннæ зоныс?

– Нæ зонын.

– Ау, уæ хæдзары дæ иу искуыд фæхонынц, æнæ уый куыд уыдзæн?

– Фæхонынц.

– Куыд?
– Нана мæ фæныкгуыз фæхоны, баба та – хæффындзхор.

Ныффыста йæ ***Цомайты Хадзырæт,***
1926 аз, «Отрывной календарь».
ЦИГСИИ-йы архив.

ЧИ КÆЙ АСАЙА

Æппæт бæстæтыл дæр хъуыстис хабар, фæсхохы, дам, ис ахæм сайæгой, æмæ йыл ничима фæтых ис. Уыцы хабар хъуыстой иннæ сайæгойтæ дæр. Уæд иуахæмы дæснымдæр сайæгойтæй иу йæхи срæвдз кодта, къуырийы холлаг йемæ райста æмæ цæуынтæ райдыдта фæсхохы хъæумæ. Цас фæцыдаид, чи зоны; йæ дзабыртæ хæхтыл баихсыдысты, йæ уæлæдарæс ныппырх, йæ хæринæгтæ фесты, афтæмæй фæцæйхæццæ кодта сайæгойы хъæумæ.

Бынтон куы ‘рбаввахс, уæд ставд уарыны æртæхтæ хауын байдыдта. Ныр кæй бафæрса йæ фысымы хæдзарæй? Кæсы, æмæ дын уæлæ доны был иу æвзонг чызг дзаумæттæ æхсы:

– Зæгъ-ма, хорз чызг, ам сайæгойы хæдзар кæцы ран ис?

Чызг йæ куыст фæуагъта, фæндаггонмæ сæрæй-бынмæ æркæстытæ кодта, стæй йын афтæ зæгъы:

– Ам нæй, арв æмпъузынмæ ацыди.

Фæндаггон джихæй баззад. Уæд та чызг йе ‘хсын фæуагъта æмæ йæм дзуры:

– Цæуыл ныджджих дæ, мæнæ хорз лæг, уарын нæ уыныс, уый арв фæхуынкъ ис, æмæ уый æмпъузынмæ ацыдис.

«Гъей, гъей, – зæгъгæ, ахъуыды кодта бæлццон, – сæ сывæллæттæ афтæ дзуапджын кæмæн сты, уыдонæн ма уагæр сæ сайæгой цы уыдзæн!..» – æмæ фæстæмæ фæзылд.

Ныффыста йæ ***Хъазыбегты Хъазыбег.***
Йæ радзурæг бæрæг нæу.
ЦИГСИИ-йы архив.

САЙÆГОЙ

Ирыстоны æппæт хъæутыл дæр айхъуыст иу сайæгойы кой. Иу бон дын уыцы сайæгойыл фембæлдис бæлццон. Дардмæ йæ

куы бауыдта фистæгæй цæугæйæ, уæд ахъуыды кодта, уæдæ ма мæн асайæд, зæгъгæ. Уайтагъд барæг æмæ сайæгой фембæлдысты, кæрæдзийæн саламтæ загътой, стæй фæндаггон йæ бæхæй æрхызти æмæ йæ фæрсы:

– Ды, сайæгой кæй фæхонынц, уый дæ?

– Уый дæн, – загъта сайæгой, – æмæ дæ цæмæн бахъуыд мæ сæр?

– Дæ сæр мæ ницæмæн бахъуыд, фæлæ ма, кæд æцæг сайæгой дæ, уæд мæн асай.

Сайæгой йæхи хъуыдыгæнæг скодта, стæй тыхстхуызæй загъта:

– Бæргæ дæ бавзарин асайын, фæлæ мæ сайæн дзаумæттæ мемæ не сты.

– Ууыл ма тыхс, мæнæ мæ бæхыл абад æмæ сæ æрбахæццæ кæн, стæй уæд равзардзыстæм.

– Зын мын уыдзæн дæу асайын, фæлæ дæ афтæ тынг кæм фæнды, уым гæнæн нæй, – загъта сайæгой, бæхыл абадт æмæ афардæг, фæндаггон та лæугæйæ баззад.

Ныффыста йæ ***Хъазыбегты Хъазыбег.***
Йæ радзурæг бæрæг нæу.
ЦИГСИИ-йы архив.

* * *

Шеф-редактор *Ирида КОДЗАТИ*
Корректор *Заира КАРАЦЕВА*
Дизайн *Залина ГУРИЕВА*
Компьютерный набор *Марина КИРГУЕВА*

* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00107 от 10 декабря 2014 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны,
стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредитель и *издатель*:
Министерство культуры РСО-Алания.
362040. г. *Владикавказ, ул. Джанаева, 20.*

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; зам. гл. редактора, отдел прозы – 25-20-52;
отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.

Подписано к печати 10.08.16. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27.
Тираж 1100 экз. Заказ № 481. Цена свободная.
Выход из печати 30 сентября 2016 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

* * *

Удыгага, сауæрфыг, гуырвидыц,
Атæппæт лæппуты 'хсæн мæнмæ
Ныр, хъуызгæ, дæ мидбылхудт куы 'рвитыс,
Хъавгæ мæм куы фæкæсыс фæлмæн,

Уæд, цымæ, куыннæ хатыс мæ джихтæ,
Уæд, цымæ, куыннæ хатыс мæ рис?
Ма банхъæл: мæ цæстæнгасы ихтæн
Батайæн дæ мидбылхудтæй ис.

Бестауты Гиуæрги

Индекс 73247